# МУСЭ БЕГЪЫМБАРЫМ И ЯПЭ ТХЫЛЪ

## Тхьэм дунейр зэриухуар

1 Тхьэм япэщIыкIэ къигъэщIащ уафэмрэ щIылъэмрэ. 2ЩIылъэр
зэпцIтэкъым икIи нэщIт, кIыфIыгъэри щхьэщытт хышхуэ лъа-
щIэншэм; Тхьэм и Псэр щыхуарзэрт псы гущIыIум.
3ЖиIащ Тхьэм:
– Ирехъу нэху.
Нэху хъуащ. 4Илъэгъуащ Тхьэм нэхугъэр зэрыфIыр; къы-
хигъэкIащ Тхьэм нэхугъэр кIыфIыгъэм. 5Нэхугъэм Тхьэм фIищащ
«махуэ», кIыфIыгъэм – «жэщ».
Хъуащ жэщ, щащ нэху: ар зы махуэт.
6АдэкIэ жиIащ Тхьэм:
– Къыщрехъу псыкум уафэлъащIэ икIи къыгурырегъэкI абы
псым псыр.
7КъигъэщIащ, арати, Тхьэм уафэлъащIэ, абыкIэ зэщхьэ-
щигъэкIащ уафэлъащIэм и щIагъ щIэт псымрэ абы и щIыIум тет
псымрэ.
Апхуэдэуи хъуащ. 8ФIищащ Тхьэм уафэлъащIэм уафэ.
Хъуащ жэщ, щащ нэху: ар етIуанэ махуэт.
9– Щызэхурес уафэ щIагъым щIэт псыр зы щIыпIэм деж, икIи
кърехъу гъущапIэ, – жиIащ Тхьэм. Апхуэдэуи хъуащ.
10ФIищащ Тхьэм абы «щIылъэ», псым и зэхуэсыпIэхэм яфIищащ
«хы». Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр.
11– КъыхрекI щIылъэм щхъуантIагъэр, жылэ зиIэ удзыр, икIи
щIыгум хэт жыгыр, езыхэм хуэдэ жылэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ
къызыпыкIэр, – жиIащ Тхьэм. Апхуэдэуи хъуащ. 12КъыхэкIащ
щIылъэм щхъуантIагъэр, езым хуэдэ жылэ зиIэ удзыр, езым хуэдэ
жылэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгыр. Илъэгъуащ Тхьэм
ар зэрыфIыр.
13Хъуащ жэщ, щащ нэху: ар ещанэ махуэт.
14– Къыщрехъу нэхунэхэр уафэлъащIэм – жиIащ Тхьэм, – ма-
хуэр жэщым къыгуэкIын папщIэ. Щрет ахэр нэщэнэу, зэманхэр,
махуэхэр, гъэхэр зэхэха хъун папщIэ. 15Щрехъу ахэр уафэлъащIэм
нэхугъэ, щIылъэм тепсэн папщIэ.

Апхуэдэуи хъуащ. 16Къигъэщ Iащ Тхьэм нэхунэ ин дыдэу тIу:
нэхунэ нэхъ иным махуэр зэригъэкIуэн папщIэ, нэхунэ нэхъ цIы-
кIум жэщыр зэригъэкIуэн папщIэ; къигъэщIащ вагъуэхэри; 17Тхьэм
ахэр уафэлъащIэм щIригъэуvар щIылъэм тепсэн папщIэщ, 18ма-
хуэри жэщри зэрагъэкIуэн папщIэщ, нэхугъэр кIыфIыгъэм къы-
хигъэкIын папщIэщ. Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр.

19Хъуащ жэщ, щащ нэху: ар еплIанэ махуэт.

20ЖиIащ Тхьэм:

– Псым псэ зиIэ псэущхьэхэр хэз ирехъу, къралъэтыхь къуалэ-
бзухэм, уэгум итрэ щIым къыщхьэщыту.

21КъигъэщIащ Тхьэм апхуэдэу бдзэшхуэхэри, псым хэс нэгъу-
эщI псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэри, къуалэбзу зэмылIэужьыгъуэ-
хэри.

Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр. 22Тхьэм и нэфI ящыхуащ абыхэм,
мыр жиIэурэ:

– Фылъхуэ-фыпIэ, фыбагъуэ, хыIухэм я псыр из фщIы, къуалэ-
бзухэри щребагъуэ щIылъэм.

23Хъуащ жэщ, щащ нэху: ар етхуанэ махуэт.

24ЖиIащ адэкIэ Тхьэм:

– Къытрырехъуэ щIылъэм псэущхьэхэр псэущхьэ лъэпкъыу,
Iэщхэри, хьэпщхупщхэри, хьэкIэкхъуэкIэхэри езыхэм я лъэпкъыу.
Апхуэдэуи хъуащ.

25Арати, къигъэщIащ Тхьэм хьэкIэкхъуэкIэхэри езыхэм я лъэп-
къыу, Iэщ лъэпкъхэри, щIылъэм къыщызыпщыхь хьэпщхупщхэри
езыхэм я лъэпкъыу. Илъэгъуащ Тхьэм ар зэрыфIыр.

26ЖиIащ Тхьэм:

– КъэдгъэщIынщ цIыхур Ди теплъэу, Дэ тхуэдэу; яхурехъу ахэр
тепщэ хым хэс бдзэжьейхэми, уэгум щызелъатэ псоми, Iэщми,
щIылъэ псоми, щIылъэм къыщызыпщыхь хьэпщхупщ лъэпкъыгъуэ
псоми.

27ИкIи Езым и теплъэ иIэу, Езым ещхьу къигъэщIащ Тхьэм
цIыхур; цIыхухъурэ бзылъхугъэу къигъэщIащ ахэр.

28И нэфI ящыхуэщ абыхэми Тхьэм, яжриIащ:

– Фылъхуэ-фыпIэ, фыбагъуэ, щIылъэм тез фыхъуи, ар къэв-
гъэIурыщIэ, тепщэ фахуэхъу хым хэс бдзэжьейхэми, уэгум щы-
зелъатэ псоми, щIылъэм тет псэущхьэ псоми.

29ЖиIащ итIанэ Тхьэм:

– Аращи, Сэ фэстащ щIылъэ псом сыт хуэдэ удз тетми, а псоми
я жылэ къызыхэкI удз зэмылIэужьыгъуэхэри, жылэ къэзыт пхъэщ-

хьэмыщхьэ жыг лIэужьыгъуэ псори; ахэр шхыныгъуэ фхуэхъунущ.
30 ЩIылъэм тет хьэкIэкхъуэкIэ псоми, уэгум ит къуалэбзу псоми,
щIылъэм тет псэущхьэ къыщызыпщыхь псоми, псэ зыIуту псоми
Сэ естащ удз щхъуантIэу щыIэу хъуар шхыныгъуэу.

Апхуэдэуи хъуащ. 31 Илъэгъуащ Тхьэм Езым къигъэщIа псори,
икIи ар икъукIэ фIыщ. Жэщ хъуащ, нэху щащ: ар еханэ махуэт.

2 Уафэмрэ щIылъэмрэ, абыхэм щыIэ псори ухуа хъуащ.
2 Ебланэ махуэм ирихьэлIэу, Тхьэм илэжьа Iуэхухэр ири-
гъэкъуащ, ебланэ махуэм гупсэхугъуэ игъуэтащ илэжьа Iуэху псо-
ми я ужькIэ. 3 Тхьэм и нэфI ебланэ махуэм щыхуэри, махуэ лъапIэ
ар ищIащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а махуэм Тхьэм гупсэхугъуэ игъуэ-
тащ илэжьа Iуэху псоми я ужькIэ.
4 Аращ уафэмрэ щIылъэмрэ я къэхъукIэ хъуар – Зиусхьэну Тхьэм
щIылъэри уафэри щиухуам щыгъуэ.

### Iэдэн жыг хадэр

5 ЩIыгум зы чыци теттэкъым, зы удзи къэкIатэкъым иджыри,
сыту жыпIэмэ Зиусхьэну Тхьэм тригъэшхатэкъым щIылъэм уэшх,
цIыхуи щыIэтэкъым щIыгум телэжьыхьыну; 6 ауэ щIылъэм бахъэр
къыщхьэщихырти, абы игъэпсыIэрт щIым и нэгур.
7 ИтIанэ къигъэщIащ Зиусхьэну Тхьэм цIыхур, щIылъэ сабэм
къыхищIыкIри, икIи абы епщэри гъащIэ иритащ, цIыхум псэ
къыIуигъэкIащ.
8 Щиухуащ Зиусхьэну Тхьэм къуэкIыпIэмкIэ щыIэ Iэдэн жыг
хадэ; Езым къигъэщIа цIыхум ар псэупIэ хуищIащ. 9 КъыхигъэкIащ
Зиусхьэну Тхьэм щIыгум теплъэ гурыхь зиIэ шхыныгъуэфI хъу
сыт хуэдэ жыгхэри, жыг хадэм и курыкупсэм щигъэкIащ гъащIэ
къэзыт жыгри фIымрэ емрэ зэхэзыгъэкI жыгри.
10 Iэдэн къыхэжьырт жыг хадэр зыгъэпсыIэ псыр, итIанэ ахэр
псиплIу зэхэкIыжырт. 11 Зым и цIэщ Пишэн: абы къызэщIеубыдэ
Хауилэ щIыналъэу дыщэ здэщыIэр; 12 А щIыналъэм и дыщэр фIыщ;
абдежым щыIэщ мэ Iэф зыпих мыстхъурэ Оникс зи цIэ мывэ лъа-
пIэрэ.
13 ЕтIуанэ псым и цIэщ Гъыхъон: абы къызэщIеубыдэ Куш щIы-
налъэ псор. 14 Ещанэ псым и цIэщ Тигр: ар щожэх Ашур и къуэкIы-
пIэмкIэ. ЕплIанэ псыр Евфратщ.

[15]Зиусхьэну Тхьэм цIыхур ишэри псэупIэ щритащ Iэдэн жыг хадэм, абы илэжьыхьын, ар ихъумэн папщIэ. [16]Зиусхьэну Тхьэм унафэ хуищIащ цIыхум, мыр жиIэурэ:

– Жыг хадэм ит дэтхэнэ жыгми къыпыкIэр пшхыну ухуитщ, [17]ауэ фIымрэ емрэ зэхэзыгъэкI жыгым къыпыкIэр умышх; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар щыпшх махуэм уи ажалыр абы къыхэкIынущ.

[18]ЖиIащ Зиусхьэну Тхьэм:

– ФIыкъым цIыхум и закъуэу щытыну; къэзгъэщIынщ абы хуэфащэ дэIэпыкъуэгъу.

[19]Зиусхьэну Тхьэм къыхигъэхъукIащ ятIэм губгъуэ псэущхьэ псори, уэгу къуалэбзу псори, икIи къыхуишащ цIыхум, абыхэм цIэ зэрафIищыр илъагъун папщIэ, икIи дэтхэнэ псэ зыпытми цIыхум цIэуэ фIищар абы цIэ хуэхъун щхьэкIэ. [20]ФIищащ цIыхум цIэ Iэщ псоми, уэгум ит къуалэбзухэми, губгъуэ хьэкIэкхъуэкIэ псоми; ауэ цIыхум и дэIэпыкъуэгъу къахэкIакъым абыхэм езым ещхьу. [21]Зиусхьэну Тхьэм хригъэлъэсащ лIыр жей Iувым; ар жея нэужь, абы и дзажэналъэхэм ящыщ зы къыхихри, ар къыздыхиха щIыпIэр щIихъумэжащ лыпцIэкIэ. [22]Зиусхьэну Тхьэм лIым и дзажэналъэм бзылъхугъэ къыхищIыкIри, къыхуишащ ар лIым.

[23]ЖиIащ цIыхум:
– Мыр си пкъым щыщ къупщхьэщ,
си лым щыщ лыщ;
абы и цIэу щытынущ цIыхубз*:
сыту жыпIэмэ лIым къыхахащи.

[24]Абы къыхэкIкIэ лIыр адэ-анэм яхэкIынурэ, и фызым щIыгъуу, тIури зыпкъ хъунущ.

[25]ПцIанэт тIури, лIыри фызри, абы щхьэкIи укIытэхэртэкъым.

## Тхьэм Iэдэмрэ Хьэуарэ Iэдэн жыг хадэм къызэрырихуар

3 Зиусхьэну Тхьэм къигъэщIа губгъуэ хьэкIэкхъуэкIэхэм ящыщу блэр псоми нэхърэ нэхъ хьилэшыт. Абы жриIащ цIыхубзым:

*2:23 ЕврейбзэкIэ «цIыхубзымрэ» «цIыхухъумрэ» я макъхэр зэхуэдэ хьэзырщ: цIыхубз – ишша, цIыхухъу – иш.

– Пэж дыдэу жиIа Тхьэм, «Жэнэтым щыкI жыгхэм ящыщу зым и пхъэщхьэмыщхьи фымышх», жиIэу?

[2]– Жыгхэм къапыкIэ пхъэщхьэмыщхьэр дэ тшхы хъунущ, – жриIащ цIыхубзым блэм, – [3]ауэ жэнэтым и кум ит жыгым и пхъэщхьэмыщхьэр фымышх икIи фемыIусэ абыхэм, фымылIэн папщIэ, жиIащ Тхьэм.

[4]– Хьэуэ, фылIэнукъым, – жриIащ блэм цIыхубзым; [5]– сыту жыпIэмэ ещIэ Тхьэм: а жыгым къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэм фыщедзэкъа махуэм фи нэхэр къэплъэнурэ, Тхьэуэ фIымрэ емрэ зэхэзыщIыкIым хуэдэ фыхъунущ.

[6]Илъэгъуащ цIыхубзым жыг пхъэщхьэмыщхьэр шхыныгъуэкIэ зэрыфIыр, ар нэхэм зэрафIэдахэр икIи зэрыхъуэпсэгъуэр, щIэныгъэ къызэрыуитым къыхэкIкIэ; къыпичщ абы и пхъэщхьэмыщхьэхэри, ишхащ, илIми иритри, абыи ишхащ. [7]Къэплъащ тIуми я нэхэр абдеж, абыхэм къащIащ зэрыпцIанэхэр, зэгуадэщ ахъуо тхьэмпэхэри, ябгхэр щIапхащ.

[8]Къызэхахащ махуэм и щIыIэтыIэгъуэм жыг хадэм къыщызыкIухь Зиусхьэну Тхьэм и макъыр; икIи зыщагъэпщкIуащ Iэдэми абы и фызми Зиусхьэну Тхьэм и нэплъэгъуэм, жыг зэхуакухэм зыдадзэри.

[9]Зиусхьэну Тхьэр лIым еджэри, жриIащ абы:

– Дэнэ ущыIэ?

[10]– Уи макъыр щызэхэсхат жыг хадэм, – жиIащ абы, – сызэрыпцIанэм щхьэкIэ сышынэри, зызгъэпщкIуащ.

[11]– Хэт къыбжиIа уэ упцIанэу? – жиIащ Тхьэм. – Уэ умышхауэ пIэрэ Сэ хуит узыхуэзмыщIа жыгым и пхъэщхьэмыщхьэхэм ящыщ?

[12]– ЦIыхубзу Уэ къызэптам а жыгым и пхъэщхьэмыщхьэр къызитати, сэри сшхащ, – жиIащ лIым.

[13]– Сыт ар уэ щIэпщIар? – жриIащ Зиусхьэну Тхьэм цIыхубзым.

– Блэм сыдригъэхьэхри, сшхащ, – жиIащ цIыхубзым.

[14]Зиусхьэну Тхьэм блэм жриIащ:

– Ар зэрыпщIам папщIэ нэлат къыплъос Iэщ псоми нэхъри
губгъуэ хьэкIэкхъуэкIэ псоми нэхъри;
уэ узекIуэнущ ныбафэкIэ,
икIи пшхынущ сабэр уи гъащIэ псом и кIыхьагъкIэ.
[15]Зэбииныгъэ игъащIэкIэ дэслъхьэнущ
уэрэ цIыхубзымрэ фякуми,

уэ быну къыпщIэхъуэнухэмрэ
абы быну къыщIэхъуэнухэмрэ якуми;
абы къыщIэхъуэнур уэ уи щхьэм къеуэнущ,
уэри абы къыщIэхъуэнум и лъэдакъэм уи шэрэзыр
хэбукIэнущ.

16 ЦIыхубзми жриIащ:

– ИкъукIэ хэзгъэхъуэнущ
уи хьэзабхэр уэндэгъугъэкIэ;
узым ухэту къэплъхунущ уи сабийхэр;
уи лIым хьэщыкъ ухуэхъунурэ
ар тепщэ пхуэхъунущ *.

17 Iэдэми жриIащ:

– Уи фызым жиIам уедаIуэу, «мы жыгым
и пхъэщхьэмыщхьэ умышх»
жыхуэсIа жыгым и пхъэщхьэмыщхьэ
зэрыпшхам къыхэкIыу,
уи зэранкIэ щIылъэм нэлат лъысащ;
уи гъащIэм къыхиубыдэ махуэ псоми
а щIыгум къыуитыр мыгъуэкIэ пшхынущ.
18 Пыжьейрэ кхъуэбанэрэ къыпхуигъэкIынущ абы;
ушхэнущ губгъуэ удзкIэ.
19 Уи нэкIум пщIэнтIэпсыр къежэхыу,
уи щIакхъуэ Iыхьэр пшхынущ
укъызыхэкIа щIыгум ухыхьэжыхукIэ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ усабэщи,
сабэм ухыхьэжынущ.

20 ЛIым фIищащ и фызым цIэ: Хьэуа*, псэ зыIут цIыху псоми ар
анэ зэрахуэхъуам къыхэкIыу.

21 Зиусхьэну Тхьэм Iэдэмрэ абы и фызымрэ фэм къыхэщIыкIа
щыгъынхэр яхуищIри, ихуэпащ ахэр. 22 ЖиIащ Зиусхьэну Тхьэм
итIанэ:

– Аращи, цIыхур хъуащ Дэ тщыщ зым хуэдэ, фIымрэ емрэ зэхищIыкIыу; иджы абы и Iэр ишийуэ, гъащIэ къэзыт жыгым и пхъэщъхьэмыщхьэ къыпичу имышхащэрэт, мыкIуэдыжын гъащIи иIэ
мыхъуащэрэт.

23 Зиусхьэну Тхьэм кърихуащ ар Iэдэн жыг хадэм, езыр къызыхаха щIыгум илэжьыхьын папщIэ. 24 Кърихущ Тхьэм Iэдэм, гъащIэ

---

*3:16 е езыри уэ къыпхуеинущ.

*3:20 «Хьэуа» еврейбзэкIэ «псэун» жыхуаIэ псалъэм ещхьщ.

къэзыт жыгым хуэкIуэ гъуэгур яхъумэн папщIэ, Iэдэн жыг хадэм
и къуэкIыпIэмкIэ Iуигъэуващ херувим* мафIэ къызыпих джатэ зы-
зыгъазэмрэ.

### Къаин и къуэш Хьэбэл зэриукIар

4 Iэдэм екIуэлIащ Хьэуа, и фызым, ар лъэщыджэ хъури, Къаин
къилъхуащ. ИтIанэ жиIащ:

– Згъуэтащ сэ лIы, Зиусхьэным къыбгъэдэкIыу.

[2]ИтIанэ къилъхуащ абы и къуэш Хьэбэл.

Хьэбэл мэлыхъуэт, Къаин мэкъумэш ищIэрт.

[3]Зэман дэкIауэ, Къаин Зиусхьэным хуихьащ щIыгу къэкIыгъэхэм
ящыщ тыгъэ. [4]Хьэбэли ихьащ и хъушэм щыщу щыпэлъхухэр,
абыхэм я щэдагъэм щыщи. НэфIкIэ къеплъащ Зиусхьэныр Хьэбэли
абы и тыгъэми, [5]ауэ Къаини абы и тыгъэми къеплъакъым. Къаин ар
икъукIэ и жагъуэ хъуащ, и нэгури зэхэуащ.

[6] иусхьэным къыжриIащ Къаиным:

– Сыт уи жагъуэ щIэхъуар? Сыт уи нэгури щIызэхэуар?

[7]ФIы пщIэмэ, уи щхьэр пIэтыркъэ?

АтIэ фIы умыщIэмэ,

гуэныхьым бжэщхьэIум зыщеущэху;

абы узыIэпешэ,

ауэ уэ абы текIуэ.

[8]Къаин епсэлъащ Хьэбэл, и къуэшым.

Ахэр губгъуэм иту, Къаиныр пэуващ Хьэбэл, и къуэшым, икIи
ар иукIащ.

[9]– Дэнэ щыIэ Хьэбэл, уи къуэшыр? – жриIащ Зиусхьэным
Къаин.

– СщIэркъым, – жиIащ абы, – сэ си къуэшым срихъумакIуэ?

[10]– Сыт уэ пщIар? – жиIащ Зиусхьэным, – уи къуэшым илъ
бгъэжащ, къыщIоIукI абы и гуIэ макъэр щIы щIагъым. [11]Уэ нэлат
къыптехуащ иджы. Уи къуэшым илъу уи IэкIэ бгъэжар ищтэну
зи жьэр зэтезых щIыгум зыри къыпхухэкIынукъым. [12]ЩIым уте-
лэжьыхьми, абы дяпэкIэ зэгуэри къыуитыжынукъым и гуащIэр; уэ
ухъунущ егъэзыпIэншэ, хапIэншэу щIылъэм къыщызыджэдыхь.

[13]Абдежым жриIащ Къаин Зиусхьэным:

---

*3:24 Херувим – дамэ зиIэ псэущхьэ, мелыIычым хуэдэу Тхьэм и унафэ
зыгъэзэщIэ.

– Си тезырыр нэхъ инщ сэ сшэчыфынум нэхърэ.
[14]Аращи, Уэ иджы сытыбоху щIылъэм,
Уи нэгуми зыщIэзмыгъэхуэну зызогъэпщкIу,
сыхъунущ сэ егъэзыпIэншэ икIи щIылъэм къыщызыджэ дыхь;
къысхуэзэ дэтхэнэми сиукIынущ.

[15]– Уэ хэт уиукIми, – къыжриIащ абы Зиусхьэным, – абы блэнейрэ уи лъыр езгъэпшыныжынущ.

Зиусхьэным тридзащ Къаиным дамыгъэ, къыхуэзэм ар къимыукIын щхьэкIэ.

[16]Къаин Зиусхьэным и пащхьэм икIыжри Нод щIыналъэм итIысхьащ – Iэдэн уикIмэ, къуэкIыпIэмкIэ щыIэм.

## Къаин къытехъукIахэр – Лэмэх деж нэс

[17]Къаин екIуэлIащ и фызым, ар лъэщыджэ хъури, Хъанох къилъхуащ. Къаин иухуащ къалэ; къалэм фIищащ езым и къуэм и цIэр: Хъанох. [18]Хъанох къыхуэхъуащ къуэ – Iирад; Iирадым къыхуэхъуащ Мэхъуаел; Мэхъуаел къыхуэхъуащ Матушаел; Матушаел къыхуэхъуащ Лэмэх. [19]Лэмэх къишащ фызитI; зым и цIэр Iадэт, етIуанэм и цIэр Цыллэт. [20]Iадэ къилъхуащ Ябэл: ар я адэжщ шэтырхэм щIэсу хъушэхэр зиIэхэм. [21]Абы и къуэшым и цIэт Иубэл; ар я адэжщ пхъэ пшынэ еуэхэмрэ бжьамий епщэхэмрэ. [22]Цыллэ къилъхуащ Тубал-Къаин. Ар гъуаплъэмрэ гъущIымрэ Iэмэпсымэ псори къыхэзыщIыкI гъукIэт. Тубэл-Къаин и шыпхъущ НаIамэ.

[23]ЯжриIащ Лэмэх и фызхэм:
– Iадэрэ Цыллэрэ! ФыкъедаIуэ си макъым;
Лэмэх и фызхэ! Си псалъэхэр зэхэфх.
Сэ лIыр сыукIынщ, абы уIэгъэ сищIмэ,
щIалэми сыукIынщ, уIэгъэ сищIмэ.
щIали – си уIэгъэм щхьэкIэ.
[24]Къаин зыукIым блэнейрэ лъы ипшыныжынумэ,
сэ сызыукIым блэнейурэ блыщIкIэ ипшыныжынущ.

## Iэдэм къытехъукIахэр – Нухь деж нэс

[25]Iэдэм аргуэру екIуэлIащ и фызым, абы къуэ къилъхури, фIищащ цIэуэ: Щэт; «сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, – жиIэрт абы – Тхьэм

къызитащ нэгъуэщI щIалэ, Къаин иукIа Хьэбэл и пIэкIэ». 26Щэт
къыхуалъхуащ къуэ, абы цIэуэ фIищащ Енощ;

Абы къыщегъэжьауэ цIыхухэм щIадзащ Зиусхьэным елъэIуу.

### Iэдэмрэ абы къытехъукIахэмрэ я хъыбар

5 Тхьэм цIыхур къыщигъэщIам, Тхьэм ещхьыну ар къигъэхъуащ.
2ЦIыхухъурэ бзылъхугъэу ахэр къигъэщIащ, и нэфI абыхэм ящы-
хуэри ахэр къыщигъэщIа махуэм цIэуэ цIыху яфIищащ абыхэм.

3Iэдэм, илъэсищэрэ щэщIкIэ псэуауэ, къыхуэхъуащ къуэ, езым и
теплъэ иIэу, езым ещхьу, цIэуэ фIищащ абы: Щэт. 4Щэт къыхуалъхуа
нэужь, Iэдэм илъэс щий къигъэщIащ, къыщIэхъуащ абы къуэхэмрэ
пхъухэмрэ. 5Iэдэм къигъэщIащ илъэс щибгъурэ щэщIрэ; итIанэ ари
дунейм ехыжащ.

6Щэт, илъэсищэрэ тхукIэ псэуауэ, Енощ къыхуэхъуащ. 7Енощ
къалъхуа нэужь, Щэт псэужащ илъэс щийрэ блыкIэ, икIи къыхуэ-
хъуащ къуэхэри пхъухэри. 8Щэт къигъэщIащ илъэс щибгъурэ
пщыкIутIрэ; итIанэ ари лIащ. 9Енощ, илъэс бгъущIкIэ псэуауэ,
Къэнан къыхуэхъуащ. 10Къэнан къалъхуа нэужь, Енощ псэужащ
илъэс щийрэ пщыкIутхукIэ, икIи къыхуэхъуащ къуэхэри пхъухэри.
11Енощ къигъэщIащ илъэс щибгъурэ тхурэ; итIанэ ари лIащ.

12Къэнан, илъэс блыщIкIэ псэуауэ, Махъалалэл къыхуэхъуащ.
13Махъалалэл къалъхуа нэужь, Къэнан псэужащ илъэс щийрэ плIы-
щIкIэ, икIи къыхуэхъуащ къуэхэри пхъухэри. 14Къэнан къигъэщIащ
илъэс щибгъурэ пщIырэ; итIанэ ари лIащ.

15Махъалалэл, илъэс хыщIрэ тхукIэ псэуауэ, Ерэд къыхуэхъуащ.
16Ерэд къалъхуа нэужь, Махъалалэл псэужащ илъэс щийрэ щэщIкIэ,
икIи къыхуэхъуащ къуэхэри пхъухэри. 17Махъалалэл къигъэщIащ
илъэс щийрэ бгъущIрэ тхурэ; итIанэ ари лIащ.

18Ерэд, илъэсищэрэ хыщIрэ тIукIэ псэуауэ, Хъанох къыхуэ-
хъуащ. 19Хъанох къалъхуа нэужь, Ерэд псэужащ илъэс щийкIэ,
икIи къыхуэхъуащ къуэхэри пхъухэри. 20Ерэд къигъэщIащ илъэс
щибгъурэ хыщIрэ тIурэ, итIанэ ари лIащ.

21Хъанох, илъэс хыщIрэ тхукIэ псэуауэ, Матущэлахъ къыхуэ-
хъуащ. 22Матущэлахъ къалъхуа нэужь, илъэс щищкIэ Хъанох Тхь-
эм щыпкъагъэкIэ хуэпсэуащ икIи къыхуэхъуащ къуэхэри пхъухэри.
23Хъанох къигъэщIащ илъэс щищрэ хыщIрэ тхурэ. 24Апхуэдизрэ
хуэпсэуащ Хъанох Тхьэм; итIанэ щымыIэж хъуащ ар, Тхьэм иштэ-
жати.

[25]Матущэлахъ, илъэс щищрэ блыкIэ псэуауэ, Лэмэх къыхуэ-
хъуащ. [26]Лэмэх къалъхуа нэужь, Матущэлахъ псэужащ илъэс щиблрэ
ищIрэ тIукIэ, икIи къыхуэхъуащ къуэхэри пхъухэри. [27]Матущэлахъ
къигъэщIащ илъэс щибгъурэ хыщIрэ бгъурэ; итIанэ ари лIащ.

[28]Лэмэх, илъэсищэрэ ищIрэ тIукIэ псэуауэ, къуэ къыхуэхъуащ.
[29]Нухь* цIэуэ фIищащ абы, мыр жиIэри: «Абы дигъэтыншыжынщ
ди IуэхукIи Зиусхьэным нэлат зриха щIыгум телэжьэнымкIи».

[30]Нухь къалъхуа нэужь, илъэс щитхурэ бгъущIрэ тхукIэ псэужащ
Лэмэх икIи къыхуэхъуащ къуэхэри пхъухэри. [31]Лэмэх къигъэщIащ
илъэс щиблрэ блыщIрэ блырэ; итIанэ ари лIащ.

[32]Нухь, илъэс щитху хъуауэ, къыхуэхъуащ Щэм, Хъам, Ефэт
сымэ.

## Тхьэм и къуэхэмрэ цIыху абрагъуэхэмрэ

6 ЦIыхум щIылъэм щыбагъуэу щIадзащ. Абыхэм пхъухэр къахуэ-
хъурт. [2]Тхьэм и къуэхэм* къалъэгъуащ цIыхухэм япхъухэр зэ-
рыдахэр, икIи ящтэрт ахэр я фызхэу, щхьэж къызэрыхихкIэ.

[3]ЖиIащ Зиусхьэным:

– ЦIыхухэр игъащIэкIэ псэуну хуит сщIынукъым, сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм лIэныгъэ къащIэлъщ; ирехъу
абыхэм я гъащIэ махуэхэр илъэсищэрэ тIощIрэ.

[4]А зэманми абы и ужькIи щIым тетт цIыху абрагъуэхэр, Тхьэм и
къуэхэр цIыхухэм япхъухэм я деж щIыхьэу, ахэр яхуэлъхуэу щыхуа
зэманым. Ахэр цIыху лъэщхэт, ижь-ижьыж лъандэрэ цIыху щэд-
жащэхэт.

## ЦIыхухэм я гуэныхьымрэ пэжыгъэ зиIэ Нухьрэ

[5]Къилъэгъуащ Зиусхьэным щIылъэм тет цIыхухэм я бзаджагъэр
зэрыин дыдэр; абыхэм я гум илъхэри я мурадхэри сыт щыгъуэ
зэманми зэрыIейр. [6]Арати, хущIегъуэжащ Зиусхьэныр щIылъэм
цIыхур къызэрыщигъэщIам, икIи и гум щIыхьэжащ ар.

[7]ЖиIащ Зиусхьэным:

– ТезгъэкIуэдыкIынщ щIылъэм Сэ къэзгъэщIа цIыхухэр, хьэкIэ-
кхъуэкIэхэри, Iэщхэри, хьэпщхупщхэри, уэгум щызелъатэхэри

---

*5:29 Нухь – а цIэр евреибзэкIэ «тынш» псалъэм хуэдэщ.

*6:2 Тхьэм и къуэхэр – Тхьэм къыбгъэдэкI псэхэр.

зг'экIуэдынщ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Сэ сыхущIегъуэжащ ахэр къызэрызгъэщIам.

[8]Ауэ Зиусхьэныр нэфIкIэ къеплъащ Нухь.

[9]Мис Нухь и хъыбарыр:

Нухь мыхъумыщIагъэ лъэпкъ зыхэмылъ цIыху пэжу а зэманым псэу цIыхухэм яхэтащ; щыпкъагъэкIэ Тхьэм хуэпсэущ Нухь.
[10]Къыхуэхъуащ абы къуищ: Щэт, Хъам, Ефэт сымэ.

[11]АрщхьэкIэ дуней цIыхухэр зэхэуцIэпIа

хъуащ Тхьэм дежкIэ, ем зэщIищтащ дунейр.

[12]Теплъащ Тхьэр щIылъэм – зэхэуцIэпIащ ар:

щIылъэм тет дэтхэнэ зы цIыхуми и гъуэгур зэIигъэхьэжати.

[13]ЖриIащ Тхьэм Нухь:

– ЩIылъэм тет цIыху псоми кIэух яхуэсщIыну гухэлъ сиIэщ, абыхэм къабгъэдэкI ем дунейр зэщIищтащи. ЗгъэкIуэдынущ иджы цIыхухэр щIылъэм щIыгъуу.

[14]– Гофер жыгым къыхэщIыкIи, ухуэ кхъухь уи щхьэм папщIэ; кхъухьыр зэпрыхукI пэш щхьэхуэ-щхьэхуэхэу, и кIуэцIи и щIыфи мэзыш щыхуэ. [15]Ухуэ ар мыпхуэдэу: кхъухьым и кIыхьагъыр
IэфракIэ щищу; и бгъуагъыр IэфракIэ тхущIу, и лъагагъыр Iэф-
ракIэ щэщIу.* [16]ХуэщI кхъухьым гъуанэ*, зы IэфракIэкIэ ищхьэкIэ
дэхьеяуэ, бжэи хэлъхьэ кхъухьым и бгъумкIэ; щыухуэ абы и лъащIэIуэкIэ етIуанэ, ещанэ къату псэупIэхэр. [17]ТезутIыпщхьэнущ Сэ
щIылъэм псыдзэшхуэ, псэ зыIуту уафэ щIагъым щыщыIэ псэущхьэ псори згъэкIуэдын папщIэ; щIылъэм щыщыIэ псоми я гъащIэр абдеж щаухынущ.

[18]– Ауэ зэгурыIуэныгъэ Сэрэ уэрэ ди зэхуакум дэслъхьэнурэ уихьэнущ уэ кхъухьым, уи къуэхэри, уи фызри, уи къуэхэм я фызхэри
пщIыгъуу. [19]Ишэ апхуэдэуи кхъухьым псэущхьэ псоми ящыщу тIурытI, ахэр уи гъусэу псэууэ къэнэн папщIэ; зэхъузэбзу щрет ахэр.
[20]Къуалэбзухэм ящыщ, Iэщхэм ящыщ, щIылъэм къыщызыпщыхьхэми ящыщ, а псори езыхэм я лъэпкъыу, псоми ящыщу тIурытI нихьэнущ уи деж, псэууэ къэнэн папщIэ. [21]Яшх хабзэ шхыныгъуэр
къыздэщтэ, гъэтIылъ, ар фхуэхъунщ уэри абыхэми шхын.

[22]ИгъэзэщIащ Нухь а псори; Тхьэм унафэ къызэрыхуищIам хуэдэу ищIащ.

---

*6:15 кхъухьэм и кIыхьагъыр метр 132-рэ, и бгъуагъыр метр 22-рэ, и лъагагъыр метрэ 13 хуэдиз мэхъу.

*6:16 гъуанэ – е щхьэгъубжэ.

7 ЖриIащ Зиусхьэным Нухь:
– Фихьэ уэри уи унагъуэри кхъухьым; сыт щхьэкIэ жыпIэ-
мэ уэращ Си дежкIэ пэжыгъэ зезыхьэу нобэрей цIыхухэм яхэслъэ-
гъуар. 2Здэщтэ сыт хуэдэ псэущхьэ къабзэми щыщу блырыбл,
зэхъузэбзу, псэущхьэ мыкъабзэм щыщу тIурытI, зэхъузэбзу. 3Апхуэ-
дэуи къуалэбзухэм ящыщу блырыбл, ахэри зэхъузэбзу, абыхэм я
лъэпкъыр щIылъэ псом къытенэн папщIэ.
4– Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ махуибл дэкIмэ, Сэ ескIыхынущ щIы-
лъэм уэшхыр махуэ плIыщIрэ жэщ плIыщIкIэ; икIи тезгъэкIуэды-
кIынущ щIыгум Сэ къэзгъэщIауэ щыIэ псэущхьэ псори.
5Нухь игъэзэщIащ Зиусхьэным къыхуигъэува унафэ псори.

## Тхьэм и тезыр – псыдзэр

6Нухь илъэс щих хъурт псыдзэм щIылъэр щызэщIищтам щы-
гъуэ. 7Псыдзэм хэмыхуэн папщIэ, Нухь и къуэхэри, и фызри, и къуэ-
хэм я фызхэри щIыгъуу кхъухьым ихьащ. 8Псэущхьэ къабзэхэми
псэущхьэ мыкъабзэхэми ящыщу, бзухэми, хьэпщхупщ псоми ящы-
щу 9тIурытI, псори зэхъузэбзу, ихьащ кхъухьым, Тхьэм Нухь къы-
зэрыхуигъэувам тету.
10Махуибл дэкIри, псыдзэр къиуащ щIылъэм.
11Нухь илъэс щих щыхъуа гъэм и етIуанэ мазэм, епщыкIубланэ
махуэм къызэрыкIащ щыхупIэ лъащIэншэ абрагъуэм и къиупIэу
хъуар, зэIукIащ уафэ щхьэгъубжэхэри.
12Тешхащ щIылъэм уэшхыр махуэ плIыщIрэ жэщ плIыщIкIэ.
13А махуэ дыдэм ихьащ кхъухьым Нухьи и къуэхэу Щэми,
Хъами, Ефэти, Нухь и фызри, и къуэхэм я фызищри я гъусэу.
14Ахэр кхъухьым ихьащ хьэкIэкхъуэкIэ псори езыхэм я лъэпкъыу,
сыт хуэдэ Iэщхэри езыхэм я лъэпкъыу, хьэпщхупщ псори езыхэм я
лъэпкъыу, лъатэ псори езыхэм я лъэпкъыу, къуалэбзу псори, дамэ
зытет псори я гъусэу. 15Ихьащ Нухь и кхъухьым псэ зыIут псэущ-
хьэ лIэужьыгъуэу щыIэу хъуам щыщу тIурытI. 16Аращи, сыт хуэдэ
псэущхьэми щыщу хъурэ бзырэ ихьащ кхъухьым Тхьэм Нухь къа-
зэрыхуигъэувам тету.
ИтIанэ Зиусхьэным кхъухьым и бжэр абыхэм якIэлъыхуищIы-
жащ.
17Псыдзэр телъэдащ щIылъэм махуэ плIыщIкIэ, псым къыхэ-
хъуэурэ кхъухьыр иIэтри ар щIылъэм теIэтыкIа хъуащ. 18Псыр нэхъ

хуабжь хъу зэпытт икIи икъукIэ зыщиубгъурт щIылъэм; кхъухьыр щесырт псы щIыIум. [19]Псыдзэр апхуэдизкIэ егъэлеяуэ щIылъэм хуабжь щыхъуати, щIылъэм псыри уафэ псом и щIагъ щIэт бгы лъагэ псори щIихъумащ абы. [20]IэфракIэ пщыкIутхукIэ абыхэм я щхьэм псым зыщиIэтри, бгыхэр щIигъэнащ.

[21]ХэкIуэдащ щIылъэм щызекIуэ псэущхьэу хъуари, къуалэбзухэри, Iэщри, хьэкIэкхъуэкIэхэри, щIылъэм къыщызыпщыхь псэущхьэу хъуари, цIыху псори. [22]ЩIыгу гъущэм тету гъащIэ зиIэр хэкIуэдащ. [23]КIуэдащ щIыгу щхьэфэм тета сыт хуэдэ псэущхьэри; цIыхум къыщыщIэдзауэ хьэкIэкхъуэкIэхэми, Iэщми, хьэпщхупщхэми, къуалэбзухэми нэсу, псори текIуэдыкIащ щIылъэм: къэнар Нухь закъуэрэ абы и гъусэу кхъухьым ихьахэмрэщ.

[24]Псыдзэр щIылъэм нэхъ хуабжь щыхъу зэпыту екIуэкIащ махуищэрэ щэ някъуэрэ хуэдизкIэ.

## Псыхэр щIым зэрытекIыжар

8 Тхьэм щымыгъупщауэ игу илъащ Нухьи хьэкIэкхъуэкIэуи Iэщуи абы кхъухьым диса псори; Тхьэм щIылъэм жьыбгъэр къриутIыпщри, псыхэр щIым текIыжащ.

[2]ЗызэхуащIыжащ щыхупIэ лъащIэншэм
и къыупIэхэми уафэ щхьэгъубжэхэми,
увыIащ уафэм къикI уэшхри.
[3]Псыми хуэм-хуэмурэ тригъэзыкIыжащ щIылъэм.

Арати, жэщIыжу хуежьащ псыр, махуищэрэ щэ някъуэрэ дэкIа нэужь. [4]Кхъухьыр ебланэ мазэм и епщыкIубланэ махуэм къыщыувыIащ Арарат бгыщхьэм. [5]Псыр жэщI зэпытурэ екIуэкIащ епщIанэ мазэм нэсыху; епщIанэ мазэм и япэрей махуэм къыхэщащ бгыщхьэхэр.

[6]Махуэ плIыщI дэкIа нэужь, Нухь къызэIуихащ кхъухьым хищIыхьа щхьэгъубжэр. [7]Щхьэгъубжэр къызэIуихри, Нухь къуаргъыр къриутIыпщыкIащ, псыр гъужыху, кхъухьым икIыурэ къэзылъэтыхьу щытар.

[8]ИтIанэ иутIыпщащ тхьэрыкъуэр, псыр щIылъэм текIамэ, къищIэн папщIэ. [9]АрщхьэкIэ тхьэрыкъуэм къигъэзэжащ кхъухьым, зыщетIысэхын гъущапIэ игъуэтатэкъыми; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ псым иджыри щIигъэнат щIы щхьэфэр зэрыщыту; Нухь и Iэр ишийщ, ар къищтэжри кхъухьым кърихьэжащ.

[10]Аргуэру махуиблкIэ зиIэжьэри, тхьэрыкъуэр кхъухьым ири-
утIыпщыкIащ. [11]Тхьэрыкъуэм къигъэзэжащ абы деж пщыхьэщхьэ
хуэкIуэу; икIи еплъмэ, зейтун* жыгым и тхьэмпэщIэ жьэдэлъщ абы:
абыкIэ Нухь къищIащ псыр щIылъэм зэрытекIыжар. [12]Абы аргуэру
махуиблкIэ зиIэжьэри, ириутIыпщыкIащ тхьэрыкъуэр; иджы абы
къигъэзэжакъым Нухь деж.

[13]Щихрэ езанэ илъэсым и япэрей мазэм и япэрей махуэм ирихьэ-
лIэу щыжэщIыжащ щIылъэм псыр; Нухь кхъухьым и щхьэр трих-
ри зиплъыхьащ, илъэгъуащ псыр зэрыжэщIыжар.

[14]ЕтIуанэ мазэм и тIощIрэ ебланэ махуэм ирихьэлIэу щIылъэр
гъущыжыпащ. [15]ЖриIащ абдеж Тхьэм Нухь:

[16]– КъикI кхъухьым, уи фызри, уи къуэхэри, уи къуэхэм я фызхэ-
ри зыщIыгъуи. [17]Къыздиш псэуущхьэу уи гъусэ псори, къуалэбзу-
хэми, хьэкIэкхъуэкIэхэми, Iэщми, щIылъэм къыщызыпщыхь псоми
ящыщхэр, щызэбгрырекI ахэр щIыгум, щребагъуэ икIи зыщрауб-
гъу абыхэм щIылъэм.

[18]КъикIащ, арати, Нухьи, и къуэхэри, и фызри, и къуэхэм я
фызхэри зэгъусэу. [19]ХьэкIэкхъуэкIэ псори, щIылъэм къыщызып-
щыхь псэущхьэ псори, къуалэбзу псори, щIылъэм къыщызыкIухь
псори, езыхэм я лъэпкъкIэ, къикIащ кхъухьым.

## Тхьэм Нухь зэгурыIуэныгъэ зэрырищIылIар

[20]Хуиухуащ Нухь Зиусхьэным къурмэнщIыпIэ; сыт хуэдэ псэ-
ущхьэ къабзэми щыщи къуалэбзу къабзэ псоми ящыщи къахихри
къурмэнщIыпIэм къурмэныпхъэу щигъэсащ. [21]КъыщIихьащ Зиус-
хьэным псэм фIэфI мэ дахэр, икIи жиIащ Зиусхьэным игукIэ:

– ЦIыхум и зэранкIэ афIэкIа зэи щIылъэм нэлат есхыжынукъым,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхум и мурадхэр абы и ныбжьыщIагъэм
къыщыщIэдзауэ Iейуэ щытщи; афIэкIа зэи псэ зыпыт згъэкIуэды-
жынукъым, Сэ зэ зэрысщIыгъам хуэдэу. [22]ДяпэкIэ щIылъэр щыIэху
зэпыунукъым

сэнри хэнри,
щIыIэри хуабэри,
гъэмахуэри щIымахуэри,
махуэри жэщри.

---

*8:11 зейтун – маслинэ.

9 Тхьэм и нэфI Нухьрэ абы и къуэхэмрэ ящыхуэри, яжриIащ
абыхэм:

– Фылъхуэ-фыпIэ, фыбагъуэ, щIылъэм тез фыхъу.

2 – Къыфщцышынэнущ икIи къыфхуэкIэзызынущ щIылъэм тет
хьэкIэкхъуэкIэ псори, уэгум ит къуалэбзу псори, щIылъэм щы-
зекIуэ псори, хым хэс бдзэжьей псори; фи IэмыщIэ ихуащ ахэр.
3 Псэууэ зекIуэ псори фхуэхъунущ шхын; удз щхъуантIэр зэрывэс-
там хуэдэу фызот ахэр фэ.

4 Ауэ лъы зыхэлъ лы фымыш, ар абы и псэращи.

5 Зыгуэрым цIыху иукIмэ, згъэпшынэнущ, хьэкIэкхъуэкIэми
цIыхур иукIмэ, згъэпшынэнущ.

6 Хэт цIыхум илъ игъажэми,
абы и лъыр цIыхурщ зыгъэжэнур,
цIыхур Тхьэм езым и теплъэу къигъэщIащи.
7 – АтIэ фэ фылъхуэ-фыпIэ, фыбагъуэ, икIи тез фыхъу
щIылъэм, икIи икъукIэ фыщыбагъуэ абдежым.

8 ЯжриIащ Тхьэм Нухьи абы и къуэхэми:

9 – Мис, Сэ фэри иужькIэ къыфтехъукIыну щIэблэхэми зэгу-
рыIуэныгъэ фызощIылIэ, 10 фэ фи гъусэу псэ зыпыт дэтхэнэми,
къуалэбзухэми, Iэщхэми, щIым тету фи гъусэ хьэкIэкхъуэкIэ псо-
ми, кхъухьым къикIа псоми, щIылъэм тет псэущхьэ псоми зэгу-
рыIуэныгъэ язоухылIэ; 11 Си зэгурыIуэныгъэ фызоухылIэ:

псэ зыпыт дэтхэнэри дяпэкIэ псыдзэм зэи
зэрыхэзмыгъэкIуэдэнумкIэ,
икIи щIылъэр изылъэсыкIын псыдзэ зэи
зэрыщымыIэжынумкIэ.

12 ЖиIащ Тхьэм итIанэ:

– Сэ фэри, фэ къыфщIыгъуу псэ зыпыт дэтхэнэми, къэхъуну
щIэблэхэри къыхиубыду, зэгурыIуэныгъэ фэзухылIэр къэзыгъэпэж
нэщэнэр мис: 13 Сэ хызолъхьэ Си лэгъупыкъур пшэм, ар Сэрэ щIы-
лъэмрэ дякум дэлъ зэгурыIуэныгъэм и нэщэнэу щытын папщIэ.

14 Сэ щIылъэм пшэ нытезгъэхьэмэ, а пшэм къыщылъэгъуэнущ
лэгъупыкъур. 15 КъэкIыжынущ итIанэ си гум фэри псэ зыпыт адрей
псоми зэгурыIуэныгъэу фэзухылIауэ щытар; псыр зэи къиужы-
нукъым, сыт хуэдэ псэ зыпытри хэмыкIуэдэн папщIэ. 16 Лэгъупы-
къури хэтынущ пшэм, Сэри ар къэслъагъуурэ сигу къэкIыжынущ
Сэрэ дэтхэнэ псэ зыпыту щIылъэм тетымрэ ди зэхуакум дэлъ мы-
кIуэдыжын зэгурыIуэныгъэр.

17 ЖриIащ Тхьэм Нухь адэкIэ:

– Аращ Сэрэ дэтхэнэ псэ зыпыту щIылъэм тетымрэ ди
зэхуакум Сэ дэзгъэува зэгурыIуэныгъэм и нэщэнэр.

## Чэф хъуа Нухьрэ и къуэхэмрэ

18Нухь и къуэхэу кхъухьым къикIыжауэ щытахэр Щэм, Хъам,
Ефэт сымэт. Хъам КъэнаIан и адэт. 19Щыри Нухь и къуэт, абыхэм
къатепщIыкIыжащ щIылъэм щыпсэу псори.
20Нухь щIым телэжьыхьу щIидзэри игъэтIысащ жызум хадэ.
21Абы санэ ирифри чэф хъуауэ щIэлът и шэтырым пцIанэу.
22Къилъэгъуащ Хъам, КъэнаIан и адэм, и адэр зэрыпцIанэр, икIи
къыщIэкIыжри яжриIэжащ и къуэшитIым. 23Щэмрэ Ефэтрэ щыгъын
къащтэщ, я дамэм тралъхьэри, щIыбкIэ икIуэтурэ щIыхьэри я адэр
щIахъумащ; ахэр лъэныкъуэкIэ къэгъэзати, ялъэгъуакъым я адэр
зэрыпцIанэр. 24Нухь санэм кърита чэфыр пкърыкIыжауэ къэушри
къищIащ и къуэ нэхъыщIэм кърищIар; 25ЖиIащ абы итIанэ:

– Тхьэм и ней КъэнаIан къыщыхуэ;
и къуэшхэм я пщылIхэм я пщылIыж хъунущ ар.
26ИтIанэ жиIащ:
– Зиусхьэну Щэм зыхуэлажьэ Тхьэм щIыхьыр ейщ!
КъэнаIан абы и пщылI ирехъу.
27Ирегъэбагъуэ Тхьэм Ефэт,
икIи щIретIысхьэ ар Щэм и шэтырхэм;
ауэ КъэнаIан абы и пщылI ирехъу.

28Псыдзэм и ужькIэ псэуащ Нухь илъэс щищрэ тхущIкIэ. 29 Нухь,
илъэс щибгъурэ тхущIрэ къигъэщIа нэужь, дунейм ехыжащ.

## Нухь къытехъукIа лъэпкъхэр

10 Мис Нухь и къуэхэу Щэм, Хъам, Ефэт сымэ къатехъукIахэм
я хъыбар.

Псыдзэм и ужькIэ абыхэм къахуэхъуащ сабийхэр.
2Ефэт и къуэхэр: Гомэр, Магогъ, Мадай, Яуан, Тубал, Мэщэх,
Тирас.
3Гомэр и къуэхэр: Ащкъэназ, Рыфат, Тогъармэ.
4Яуан и къуэхэр: Елишэ, Тарщищ, къит цIыхухэмрэ Додан цIы-
хухэмрэ.

[5]Ахэр хытIыгу, хы Iуфэ хэгъэгухэм итIысхьащ, хэти езым и бзэ
иIэжу, и лIакъуи иIэжу, и цIыху лъэпкъи иIэжу.

[6]Хъам и къуэхэр: Куш, Мицраим, Пут, КъэнаIан.

[7]Куш и къуэхэр: Сэбэ, Хьауилэ, Саутэ, РаIымэ, Саутэхэ. РаIымэ
и къуэхэр: Шэбэрэ Дэданрэ.

[8]Куш апхуэдэуи къыхуэхъуащ Нимроди: мыращ япэрейуэ щIы-
лъэм щылъэщу щытар. [9]Ар Зиусхьэным дежкIэ щакIуэ лъэщт; абы
къыхэкIыуи жаIэ: «Нимрод хуэдэу Зиусхьэным дежкIэ щакIуэ
лъэщщ». [10]Абы и пащтыхьыгъуэр япэ щIыкIэ мыпхуэдэу зэхэтт:
Бабилон, Ерэх, Акъад, Халне. Ахэр ШынIар щIыналъэм щыIэщ.
[11]А щIыналъэм ар икIщ, Ашур щIыналъэм кIуэри, иухуащ Нынэуи,
Рехьовот-Ир, Къалахъ къалэхэр, [12]Нинэуимрэ Къалахъ къалэшхуэм-
рэ я кум дэтщ Рэсэни;

[13]Мицраим къытехъукIащ:

луд цIыхухэри, Iанам цIыхухэри, лахэу цIыхухэри, нафтухъ
цIыхухэри, [14]патрус цIыхухэри, фылист цIыхухэр
къызыхэкIа каслухъ цIыхухэри, къафтор цIыхухэри.

[15]КъэнаIан къытехъукIащ:

абы и щыпэлъху Цыдон, Хет*, [16]еус цIыхухэр, амор цIыхухэр,
гъыргъаш цIыхухэр, [17]хъыу цIыхухэр, Iаркъ цIыхухэр, син цIы-
хухэр, [18]аруд цIыхухэр, цэмар цIыхухэр, хъамат цIыхухэр.

ИужькIэ КъэнаIан лIакъуэхэр зэбгрыкIащ. [19]Аращи, КъэнаIан
цIыхухэм я гъунапкъэхэр нэсырт Цыдон къыщыщIэдзауэ Гъэрар-
кIэ хуэкIуэ Газэ нэс, абы къыщыщIэдзауэ Содом, Iаморэ, Адмэ
икIи Цэбоим яхуэкIуэу ЛэщаI нэс.

[20]Ахэр Хъам къытекIахэрщ, я унагъуэхэмкIэ, я бзэхэмкIэ, я щIы-
налъэхэмкIэ, я лъэпкъхэмкIэ.

[21]Ефэт и къуэш нэхъыжьу Iэбар и къуэ псоми я адэу Щэми са-
бийхэр къыхуэхъуащ.

[22]Щэм и къуэхэр: Iэлам, Ашур, Арпакшад, Луд, Арам.

[23]Арам и къуэхэр: Iуц, Хъул, Гъэтэр, Маш сымэ.

[24]Арпакшад къыхуэхъуащ Щэлахъ, Щэлахъ къыхуэхъуащ Iэбэр.
[25]Iэбар къыхуэхъуащ къуитI; зым и цIэт Пэлэгъ*, сыт щхьэкIэ жы-
пIэмэ абы и махуэхэм щыгъуэ щIыналъэр гуэша хъуати; абы и къу-
эшым и цIэт Якътан.

*10:15 Хет – е Хитит

* 10:25 Пэлэгъ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: гуэщын.

[26]Яктан къыхуэхъуащ Алмодад, Щэлеф, Хъацармаот, Ярахъ,
[27]Хадорам, Узал, Дикълэ, [28]Iобал, Абимаел, Щэбэ, [29]Офыр, Хьауи-
лэ, Иобаб сымэ.

Ахэр псори Якътан и къуэщ. [30]Абыхэм я псэупIахэр Мэщэ къы-
щыщIэдзауэ Сэфар къуэкIыпIэмкIэ щыIэ бгы щIыналъэм нос.

[31]Ахэр Щэм и къуэхэрщ, я унагъуэхэмкIэ, я бзэхэмкIэ, я щIы-
налъэхэмкIэ, я лъэпкъхэмкIэ.

[32]Ахэращ Нухь и къуэхэм я унагъуэхэр, езыхэр къызытекIакIэ, я
лъэпкъкIэ. Псыдзэм и ужькIэ абыхэм къатехъукIри лъэпкъхэм зы-
щаубгъуащ щIылъэм.

## Бабилон чэщанэр

11 ЩIылъэ псом щыщыIар зы бзэрэ зы псэлъэкIэрэт. [2]КъуэкIы-
пIэмкIэ къыщежьэри къакIуэурэ, Шинар* щIыналъэм тафэ
къыщагъуэтри, ахэр абдеж щытIысащ.

[3]– Чырбыш дгъэжынщи, мафIэкIэ дгъэжьэжынщ, – жаIащ
абыхэм.

Арати, яIэ хъуащ абыхэм мывэхэм я пIэкIэ чырбышхэр, сэхум и
пIэкIэ щIыгу мэзыш.

[4]– Дыухуэнщ ди щхьэм папщIэ къалэрэ уафэм щIэуэу чэщанэ-
рэ, ди цIэри дгъэIунщ, щIылъэ псом дыщызэмыбгрыкIыу, – жаIащ
абыхэм итIанэ.

[5]Къехащ итIанэ Зиусхьэныр, цIыхум и къуэхэм яухуэ къалэмрэ
чэщанэмрэ еплъыну. [6]ЖиIащ Зиусхьэным:

– Мис, зы лъэпкъщ, зы бзэщ псоми яIэр; мис мыращ абыхэм
яухуэну зыщIадзар; сытым и ужь ихьэми, псори яхузэфIэкIынущ.
[7]АтIэ дехынщи, щызэхэдгъэззэрыхьынщ абдежым абыхэм я бзэр,
зым жиIэр адрейм къыгурымыIуэжу.

[8]Арати, Зиусхьэным ахэр щIылъэ псом щызэбгригъэкIащ,
абдежым къригъэкIри, а щIыкIэмкIи абыхэм щагъэтыжащ къалэр
ухуэн. [9]Абы къыхэкIкIэ, абы цIэуэ фIащащ: Бабилон*; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ абдежым Зиусхьэным щызэхигъэззэрыхьащ щIылъэ псом
и бзэр, икIи Зиусхьэным ахэр щIылъэ псом щызэбгригъэкIащ, аб-
дежым къригъэкIри.

---

* 11:1 Шинар – Бабилонщ.

* 11:9 Бабилон – абы къикIыр: зэхэгъэкIухьын.

## Шем къытехъукIахэр – Ибрам деж нэс

[10]Шем къытехъукIахэр:

Шем илъэсищэ щыхъум, къыхуэхъуащ Арпахшад, псыдзэм и
ужькIэ илъэситI дэкIауэ. [11]Арпахшад къыхуалъхуа нэужь, Шем
псэужащ илъэс щитхукIэ, нэгъуэщI къуэхэри пхъухэри къыхуалъ-
хуащ.

[12]Арпахшад, илъэс щэщIрэ тхукIэ псэуауэ, Шэлах къыхуэхъуащ.
[13]Шэлах къалъхуа нэужь, Арпахшад псэужащ илъэс щиплIрэ
щыкIэ, къуэхэри пхъухэри къыхуалъхуащ.

[14]Шэлах, илъэс щэщIкIэ псэуауэ, Iэбэр къыхуэхъуащ. [15]Iэбэр
къалъхуа нэужь, Шэлах псэужащ илъэс щиплIрэ щыкIэ, къуэхэри
пхъухэри къыхуэлъхуащ.

[16]Iэбэр, илъэс щэщIрэ плIыкIэ псэуауэ, Пэлэгъ къыхуэхъуащ.
[17]Пэлэгъ къалъхуа нэужь, Iэбэр псэужащ илъэс щиплIрэ щэщIкIэ,
къуэхэри пхъухэри къыхуэлъхуащ.

[18]Пэлэгъ, илъэс щэщIкIэ псэуауэ, РэIу къыхуэхъуащ. [19]РэIу
къалъхуа нэужь, Пэлэгъ псэужащ илъэс щитIрэ бгъукIэ, къуэхэри
пхъухэри къыхуалъхуащ.

[20]РэIу, илъэс щэщIрэ тIукIэ псэуауэ, Сэрыругъ къыхуэхъуащ.
[21]Сэрыругъ къалъхуа нэужь, РэIу псэужащ илъэс щитIрэ блыкIэ,
къуэхэри пхъухэри къыхуэлъхуащ.

[22]Сэрыругъ, илъэс щэщIкIэ псэуауэ, Нахъор къыхуэхъуащ. [23]На-
хъор къалъхуа нэужь, Сэрыругъ псэужащ илъэс щитIкIэ, къуэхэри
пхъухэри къыхуэлъхуащ.

[24]Нахъор илъэс тIощIрэ бгъукIэ псэуауэ, Тэрахъ къыхуэхъуащ.
[25]Тэрахъ къалъхуа нэужь, Нахъор псэужащ илъэсищэрэ пщыкIуб-
гъукIэ, къуэхэри пхъухэри къыхуалъхуащ.

[26]Тэрахъ илъэс блыщIкIэ псэуауэ, къыхуэхъуащ Ибрами, На-
хъори, Харани.

[27]Мис Тэрахъ къытехъукIахэр:

Тэрахъ къыхуэхъуащ Ибрам, Нахъор, Харан сымэ. Харан къыхуэ-
лъхуащ Лут. [28]И адэ Тэрахъ псэууэ, Харан щылIащ езыр зыщалъ-
хуа щIыналъэу Халдей къэралыгъуэм щыIэ Ур къалэм. [29]Ибрамрэ
Нахъоррэ къашащ фыз; Ибрам и фызым Сарай и цIэт; Нахъор и
фызым и цIэр Милкъэт, ар Милкъэрэ Искъэрэ я адэ Харан ипхъут.
[30]Сарай лъхугъэншэт икIи сабииншэт.

## Тхьэр Ибрам къызэрыриджар

31Тэрахъ и къуэ Ибрам, Харан и къуэ ЛутIу и къуэрылъхур, и нысэ Сараеу езым и къуэ Ибрам и фызыр зыщIигъури, ахэр и гъусэу, къыдэкIащ Халдей къэралыгъуэм щыщ Ур къалэм, Ханаан щIыналъэм кIуэну, ауэ, Харан нэсауэ, ахэр къыщыувыIащ абдежым.

32Тэрахъ илъэс щитIрэ тхукIэ псэуауэ щылIащ Харан къэралыгъуэм.

# 12

Зиусхьэным жриIащ Ибрам:

– ИкI уи щIыналъэм, яхэкI уи лъэпкъэгъухэм, уи адэм и унэр къэбгыни, кIуэ Сэ уэзгъэлъагъуну щIыналъэм. 2ИтIанэ Сэ къыптезгъэхъукIынущ лъэпкъ ин дыдэ, си нэфI пщыхуэнущ, уи цIэри згъэлъэгэнущ; Тхьэм и нэфI щыхуэныгъэр зыбгъэдэкIынури уэращ!

3Сэ си нэфI ящыхуэнущ уэ зи нэфI къыпщыхуэхэм,
си ней ящыхуэнущ уэ зи ней къыпщыхуэхэм;
уэ уи хьэтыркIэ си нэфI ящыхуэнущ
дунейм тет цIыху лъэпкъ псоми!

4Арати, ежьащ Ибрам, Зиусхьэным абы къызэрыжриIам тету; абы щIыгъуу ежьащ ЛутI. Ибрам илъэс блыщIрэ тхурэ и ныбжьт Харан къыщикIам щыгъуэ. 5ЗыщIигъуащ Ибрам Сарай, и фызыр, ЛутIи, и къуэшым и къуэр, къыздащтащ абыхэм я мылъку псори, здрашэжьащ абыхэм Харан щаIа цIыху псори; ежьащ ахэр, Ханаан щIыналъэм кIуэн папщIэ; КIуащ Ханаан щIыналъэм. 6ПхрыкIащ Ибрам а щIыналъэм Шехэм щIыпIэм нэс, Морэ жыгеилъэм нэс. А щIыналъэм а лъэхъэнэм щыпсэурт ханаан цIыхухэр. 7Абдеж Зиусхьэныр Ибрам къыхуэзэри, къыжриIащ:

– Уэ къыптехъукIыну цIыхухэм естынущ Сэ мы щIыналъэр.

КъыхуэкIуа Зиусхьэным щыхуиухуащ Ибрам къурмэнщIыпIэ итIанэ. 8Абдежым икIри, ежьащ ар бгымкIэ, Бэтэл и къуэкIыпIэмкIэ; икIи и шэтырыр игъэуващ, езым елъытауэ къухьэпIэмкIэ Бэтэл щыIэу, къуэкIыпIэмкIэ Iай щыIэу; абдежым Зиусхьэным къурмэнщIыпIэ щыхуиухуэри, елъэIуащ Зиусхьэным. 9Ибрам тэджыжри, ипщэкIэ кIуэуэ адэкIэ ежьэжащ.

## Ибрам Мысырым зэрыщыIар

[10]Щыгъаблэт а щIыналъэм. Арати, ехащ Ибрам Мысырым, абы
хамэу псэупIэ щылъыхъуэну; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гъаблэм нэхъ-
ри зыщиубгъуат а щIыналъэм. [11]Ар Мысырым щынэблагъэм, и фыз
Сарай жриIащ мыпхуэду:

– Сэ сощIэ уэ уи теплъэкIэ бзылъхугъэ дахэу узэрыщытыр;
[12]Мысырым и цIыхухэм укъалъагъумэ, «мыр мобы и фызщ» жаIэ-
нурэ сэ саукIынущ, ауэ уэ псэууэ укъагъэнэнущ. [13]АтIэ жыIэ уэ
узишыпхъуу, си Iуэхур уэ уи хьэтыркIэ фIы хъун папщIэ, си псэри
уи фIыгъэкIэ къелын папщIэ.

[14]Апхуэдэуи хъуащ Ибрам Мысырым къыщыкIуэм. Мысыр цIы-
хухэм ялъэгъуащ ар икъукIэ бзылъхугъэ дахэу зэрыщытыр; [15]Ар
фирхьэуным и лIакъуэлIэшхэм къалъагъури, фирхьэуным хуаIуэ-
тащ абы и щытхъур; икIи яшащ Сарай фирхьэун унэм. [16]Ибрам и
Iуэхухэр фIы хъуат абы и хьэтыркIэ; иIэт абы Iэщ цIыкIуи, Iэщыш-
хуи, шыдхэри, унэIутхэри, унэIут бзылъхугъэхэри, къыдырхэри,
махъшэхэри. [17]Ауэ Зиусхьэным удын хьэлъэхэмкIэ хигъэщIащ
фирхьэунри абы и унэри, Ибрам и фыз Сарай щхьэкIэ. [18]Фирхьэу-
ным Ибрам къриджэри жриIащ:

– Сыт уэ къызэпщIар? Щхьэ къызжумыIарэ ар узэрифызыр?
[19]Щхьэ жыпIат уэ «ар си шыпхъущ» жыпIэу? Сэ ар си фыз сщIы
пэтащ. Мис иджы уи фызыр; здэшэжи, кIуэж.

[20]Фирхьэуным абы теухуауэ унафэ яхуищIри цIыхухэм ира-
гъэжьэжащ ари абы и фызри, абы иIа псори иратыжри.

## Ибрамрэ ЛутIрэ зэрызэбгъэдэкIар

13 Ежьащ Ибрам Мысырым икIыу ипщэкIэ, и фызри, езым
бгъэдэлъ псори, ЛутIи щIыгъуу. [2]Ибрам икъукIэ бейт, Iэщи,
дыжьыни, дыщэи и куэдт.

[3]Пищэрт абы и Iэпхъуэшэпхъуэным ипщэкIэ къикIрэ БэтэлкIэ
кIуэуэ, япэм езым и шэтырыр здэщыта щIыпIэу Бэтэлрэ Iай къа-
лэмрэ я зэхуакум дэтым нэсу, [4]япэу езым иухуауэ щытыгъа къур-
мэнщIыпIэр здэщыIэ щIыпIэм нэсу; абдежми Ибрам щелъэIуащ
Зиусхьэным.

[5]Ибрам и гъусэу кIуэ ЛутI иIэт Iэщ цIыкIуи, Iэщышхуи, шэ-
тырхэри. [6]КъемэщIэкIырт абыхэм щIыгур, зэгъусэу псэун папщIэ,

сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм я мылъкухэр апхуэдизкIэ куэдти,
ахэр зэгъусэу псэуфыртэкъым. [7]Арати, къыдэхъуащ зэдауэ Ибрам
и Iэщыхъуэхэмрэ ЛутIи Iэщыхъуэхэмрэ яку; ханаан цIыхухэри пэ-
риз цIыхухэри абы щыгъуэ щыпсэурт а щIыналъэм. [8]ЖриIащ Иб-
рам ЛутI итIанэ:

– Къыдремыхъуэ уэри сэри, си мэлыхъуэхэми уи мэлыхъуэхэми
дяку къайгъэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ дызэIыхьлыщ. [9]ЩIыналъэ
псори уи пащхьэ къилъкъэ? АтIэ збгъэдэкIи, зэфIэкIащ. Уэ сэмэ-
гумкIэ укIуэмэ, сэ ижьымкIэ сыкIуэнщ; уэ ижьымкIэ укIуэрэ, сэ
– сэмэгумкIэ.

[10]ЛутI и напIэр къиIэтри къилъэгъуащ Юрдан и Iэшэлъашэ псори,
а щIыналъэр Цоар нэсу псыкIэ гъэнщIауэ зэрыщытыр, Зиусхьэным
и жыг хадэмрэ Мысыр щIыналъэмрэ хуэдэу. Ар Зиусхьэным Со-
домрэ Iаморэрэ игъэкIуэдын и пэщ. [11]И щхьэм папщIэ ЛутI къыхи-
хащ Юрдан псым и Iэшэлъашэ псори; ежьащ ЛутI кIуэкIыпIэмкIэ
итIанэ. Арати, зэхэкIащ ахэр. [12]Ибрам щIидзащ Ханаан щIыналъэм
щыпсэууэ; ЛутI аузым и Iэшэлъашэм ит къалэхэм щыпсэуну щIид-
зэри, щригъэувыкIащ и шэтырхэр Содом нэсу. [13]Ауэ Содом дэсхэр
бзаджэт, Зиусхьэным и пащхьэм гуэныхь куэд къыщахьат.

[14]Зиусхьэным жриIащ Ибрам, абы ЛутI хэкIа нэужь:

– КъэIэт уи напIэр, уэ иджы уздэщыIэ щIыпIэм иплъыкIи, плъэ
ищхъэрэкIи, ипщэкIи, къуэкIыпIэмкIи, къухьэпIэмкIи. [15]ЩIыгуу
уи нэм къиубыдыр зэрыщыту Сэ уэстынущ уэри уэ къыптехъукIы-
ну цIыхухэми игъащIэкIэ фиIэну. [16]Згъэбэгъуэнущ уэ къыптехъу-
кIыну цIыхухэр пшахъуэм хуэдэу;

зыгуэрым пшахъуэр ибжын хузэфIэкIмэ,

уэ къыптехъукIыну цIыхухэри бжа хъунущ.

[17]– Тэдж, къызэхэкIухь мы щIыналъэр и кIыхьагъкIи и бгъуа-
гъкIи: сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Сэ уэ уэстынущ ар.

[18]Ибрам шэтырыр иришажьэри ежьащ, икIи щытIысащ Хэврон
къалэм щыIэ Мамрэ* жыгеилъэм деж; абдежми абы щыхуиухуащ
Зиусхьэным къурмэнщIыпIэ.

### Ибрам ЛутI бийхэм къазэрыIэщIигъэкIыжар

14
Мыр къэхъугъащ Шинар и пащтыхь Амрафэл, Еласарым и
пащтыхь Ариох, Еламым и пащтыхь КъэдарлаIомэр, Гоим
и пащтыхь Тидал сымэ я махуэхэм: [2]Абыхэм зауэ иращIылIащ Со-

* 13:18 Мамрэ – цIыхум и цIэщ.

домым и пащтыхь Бэрэ, Іаморэ и пащтыхь Биршэ, Адмэ и пащ-
тыхь Щынаб, Цэвоим и пащтыхь Шэмэбэр, Бэлэ и пащтыхь Цоар
сымэ. 3Ахэр псори щызэхуэзащ Сидим аузым, иджы Хы Шыугъэр
здэщыІэм деж. 4Илъэс пщыкІутІкІэ ахэр КъэдарлаІомэр и бжьым
щІэтащ, ауэ епщыкІущанэ илъэсым зыкъаІэтащ.

5ЕпщыкІуплІанэ илъэсым КъэдарлаІомэррэ абы и гъусэ пащты-
хьхэмрэ къакІуэри, щыхагъэщІащ рефэ цІыхухэр Аштэрот-Карна-
им деж, зуз цІыхухэр Хам деж, эм цІыхухэр Шаве-Кириатаим деж,
6хор цІыхухэри езыхэм я Сеир бгым деж, губгъуэ нэщІым ит Ел-
Паран нэсу. 7ИтІанэ абы къикІыжри, ахэр къэкІуащ Эн-Мишпат
псынэу Кадеш хъужым, икІи хагъэщІащ Амалек цІыхухэм я хэкур
зэрыщыту, апхуэдэуи Хацецон-Тамарэ деж щыпсэу амор цІыхухэ-
ри.

8Апхуэдэу щыхъум, Содом пащтыхьри, Іаморрэ пащтыхьри,
Адмэ пащтыхьри, Цэвоим пащтыхьри, Бэлэ и пащтыхьу Цоар хъуж-
ри къыдэкІри Сиддим аузым деж щезэуэн щІадзащ абыхэм. 9Зэзэ-
уахэр еламым и пащтыхь КъэдарлаІомэр, Гоим пащтыхьу Тидал,
Шинар и пащтыхьу Амрафэл, Еласар пащтыхьу Ариох сымэщ,
пащтыхьиплІыр тхум япэщІэту. 10Сиддим аузым деж щыкуэдт мэ-
зыш мащэхэр. Арати, Содомрэ Іаморрэ я пащтыхь щІэпхъуэжахэр
абыхэм ихуащ; къэнахэри бгыхэмкІэ щІэпхъуэжащ. 11ТекІуахэм
Содомрэ Іаморрэ я мылъку псори я гъэтІылъыгъэ псори яхьри,
кІуэжащ. 12Апхуэдэу Ибрам и къуэшым и къуэ ЛутІ Содом щы-
псэумрэ абы и мылъкумрэ яубыдри, кІуэжащ.

13Къелахэм ящыщ зы къакІуэри хъыбар къригъэщІащ Ибрам
журтым. Ибрам зыщыпсэуар амор цІыхуу Мамрэ зи цІэм и жы-
гей мэзыращ. Ар Ешколрэ Анэрэ я къуэшт. Ахэр Ибрам къыкъу-
этт. 14Ибрам, и Іыхьлыр гъэр хъуауэ щызэхихым, езым и унэм къы-
щалъхуа унэІуту щищрэ пщыкІуийрэ, ІэщэкІэ иузэдри, якІэлъып-
хъэращ бийхэм Дан нэс. 15Загуэшри, езыри и унэІутхэри ятеуащ
абыхэм жэщым, икІи ахэр хигъащІэри ихуащ Дамаск и сэмэгу-
рабгъумкІэ щыІэ Хъобэ нэс. 16ЗыІэщІигъэхьэжащ Ибрам мылъку
псори, и Іыхьлы ЛутІ, абы и мылъкури, апхуэдэуи бзылъхугъэхэри
цІыхубэри.

### Ибрам Малхицэдэкъ зэрыхуэзар

17КъэдарлаІомэри абы и гъуса пащтыхьхэри хигъэщІауэ, Ибрам
къигъэзэжауэ къыщыкІуэжым, иджы пащтыхь аузкІэ зэджэ Щавэ
аузым деж абы къыщыпежьащ Содом пащтыхьыр.

[18]Салем и пащтыхь Малхицэдэкъ абы къыприхьэжьащ щIа-
кхъуэрэ санэрэ. Ар Тхьэуэ я нэхъ Лъагэм и тхьэгъэпст. [19]Ар Тхьэм
хуелъэIури и нэфI къыщыхуэну жиIащ:

– Тхьэуэ я нэхъ Лъагэу,
уафэмрэ щIылъэмрэ КъэзыгъэщIам, Ибрам и нэфI щрехуэ;
[20]Тхьэуэ я нэхъ Лъагэу уи бийхэр уи IэмыщIэ изылъхьам
щIыхьышхуэр ейщ.

Ибрам иритащ а Малхицэдэкъ псом щыщуи Iыхьэ пщIанэр.

[21]Абдеж къыжриIащ Содом пащтыхьым Ибрам:

– ЦIыхухэр къызэти, мылъкур уэ нащтэ.

[22]Ауэ Ибрам жриIащ Содом пащтыхьым:

– Си Iэр хузоIэт Зиусхьэну Тхьэ я нэхъ Лъагэм, уафэмрэ щIы-
лъэмрэ КъэзыгъэщIам, тхьэ жызоIэ [23]уэ «Сэ бей сщIащ Ибрам»
жумыIэн щхьэкIэ, ууейм щыщу уеблэмэ Iуданэрэ вакъэ лъэпсрэ
къэзмыщтэну, [24]Си цIыхухэм яшхамрэ сэ си гъусэу нэкIуахэм
ялъыс Iыхьэмрэ нэмыщI; Анэри, Эшколи, Мамрей сыми къэрещтэ
езыхэм я Iыхьэр.

**Тхьэм Ибрэхьим зэгурыIуэныгъэ зэрырищIылIар**

15 А къэхъукъащIэхэм я ужькIэ Зиусхьэныр Ибрам къыхуэлъа-
гъуэри и псалъэ къылъигъэсащ:

– Умышынэ, Ибрам;
Сэ уэ СыуимэIухущ;
уи IыхьэфIыр
ин хъунущ.

[2]Ибрам жиIащ:

– Тепщэу Зиусхьэн! Уэ къызэптынум сыт есщIэнур, сэ бынын-
шэу сыкъанэмэ; си унагъуэр зезыхьэ, Дамаск къалэм щыщ мы
ЕлиIэзэрщ си мылъкур къызыхуэнэнур.

[3]ЖиIащ адэкIэ Ибрам:

– Уэ бын къызэптакъыми, унагъуэ Iуэхур зезыхьэрщ си лIэ-
ужьыр.

[4]Абдеж Зиусхьэным и псалъэр абы къыхуехащ:

– Хъунукъым ар уи лIэужь;
уэ уи пкъым къыпкърыкIынуращ
уи лIэужь хъунур.

[5]ИтIанэ ар шэтырым къыщIишри, жиIащ Зиусхьэным:

– Уафэм дэплъеи,
бжыт вагъуэхэр,
ахэр пхуэбжынумэ.

АдэкIи къыжриIащ абы:

– Апхуэдиз хъунущ къыптехъукIынум я бжыгъэр.

6Ибрам и фIэщ хъуащ Зиусхьэным жиIар, абы къыхэкIыуи Зиус-
хьэным абы щыпкъагъэ иIэу илъытащ.

7– Мы щIыналъэр ууей хъун папщIэ, Халдей щыIэ Ур къалэм
укъыдэзыша Зиусхьэныр Сэращ, – къыжриIащ Зиусхьэным абы.

8– Ди тепщэ Зиусхьэн!, – жиIащ Ибрам, – сыткIэ къэсщIэну а
щIыналъэр сысей зэрыхъунур?

9– Схуэгъэн Сэ илъэсищ зы ныбжь жэмыщIэ, илъэсищ зи ныбжь
бжэн, илъэсищ зи ныбжь тIы, тхьэрыкъуэ анэ, тхьэрыкъуэ шыр,
– къыжриIащ Зиусхьэным абы.

10Абы а псори хуигъэнащ, ахэр тIууэ зэгуиупщIыкIри игъэтIы-
лъащ, зы Iыхьэр адрейм пэщылъу; ауэ къуалэбзухэр иупщIэтакъым.
11Къащхьэщылъэтащ абыхэм бгъащхъуэхэр; ауэ Ибрам Iуихужырт
ахэр. 12Дыгъэр щыкъухьэм, жей куур къытеуащ Ибрам; Къыщ-
хьэщыхьащ абы шынагъуэри кIыфIыгъэшхуэри.

13Абдеж Зиусхьэным къыжриIащ Ибрам:

– ЗэгъащIэ уэ къыпщIэхъуэхэр езыхэм я мыщIыналъэм хамэ зэ-
рыщыхъунур, пщылIыпIэми зэрырагъэувэнур, илъэс щиплIым и
кIуэцIкIэ хьэзаби зэрырагъэшэчынур. 14Ауэ Сэ хьэкум тесщIэнущ
ахэр зыгъэпщылIыну лъэпкъым; абы и ужькIэ уэ къыпщIэхъуэхэр
а хэкум къикIыжынущ мылъкушхуэ яIэу.

15– Уэ езыр уахыхьэжынущ уи адэжьхэм, гупсэхугъуэ уиIэу,
ущIалъэхьэжынущ жьыщхьэ махуэ ухъуауэ.

16– ЕплIанэ щIэблэм деж къагъэзэжынущ къэпщIэхъунухэм
мыбдеж, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ эмор цIыхухэм я хабзэншагъэхэм я
пщалъэр иджыри гъэнщIа хъуакъым.

17Дыгъэр къухьэри, кIыфI къыщыхъуам, Iугъуэ къызрих хьэкурэ
Iэдакъэ мафIэрэ дэкIащ упщIэтауэ щылъ псэущхьэхэм я зэхуакум.

18А махуэм Зиусхьэным Ибрам ирищIылIащ зэгурыIуэныгъэ,
мыр жиIэри:

– Уэ къыптехъукIынухэм изот Сэ мы щIыналъэр, Мысыр псым
къыщыщIэдзауэ псы ин дыдэм, Евфрат псым, нэсу: 19кен цIыхухэм,
кениз цIыхухэм, кадмон цIыхухэм, 20хет цIыхухэм, пэриз цIыху-
хэм, рефэ цIыхухэм, 21амор цIыхухэм, ханаан цIыхухэм, гъиргъаш
цIыхухэм икIи ебус цIыхухэм я щIыналъэ.

## Хьэджэррэ Исмэхьилэрэ

16 Ауэ Сарай, Ибрам и фызыр, лъхуэртэкъым. Абы иIэт унэIут
бзылъхугъэ Хьэджэр и цIэу, Мысырым щыщу. [2]ЖриIащ Са-
рай Ибрам:

– КъэдаIуэ, Зиусхьэным зэхуищIащ си кIуэцIыр, сымылъхуэн
папщIэ; атIэ щIыхьэ си унэIут бзылъхугъэм деж: абы къыбгъэдэ-
кIыу сэ сабий сиIэнкIи хъунщ.

Ибрам едэIуащ Сарай и псалъэм. [3]Ханаан щIыналъэм Ибрам
илъэсипщIкIэ щыпсэуа нэужь, Ибрам и фыз Сарай и унэIут бзылъ-
хугъэр, Мысырым щыщ Хьэджэр, иритащ фызу езым илI Ибрам.
[4]ЩIыхьащ ар Хьэджэр деж, модрейри лъэщыджэ хъуащ. Лъэщы-
джэ зэрыхъуам гу щылъитэжым, абы и зиусхьэн гуащэм нэмыплъ
ириту щIидзащ.

[5]– Си гукъеуэмкIэ уэрщ къуаншэр, – жриIащ Сарай Ибрам, – сэ
уэстащ си унэIут бзылъхугъэр, уекIуэлIэну; ауэ абы, уэндэгъу зэ-
рыхъуар щилъагъум, нэмыплъ къызиту щIидзащ; къытхурехъу Зи-
усхьэныр уэрэ сэрэ хеящIэ.

[6]– Уи унэIутыр уи IэмыщIэ илъщ, – жриIащ Ибрам, – уэ ещIэ
абы узыхуейр.

Сарай дикъузэу щIидзати, Хьэджэр щIэпхъуэжащ.

[7]Зиусхьэным и мелыIычым ар къыщигъуэтащ губгъуэ нэщIым
къыщыщIэж псынэм деж, Шур хуэкIуэ гъуэгум и гъунэгъу псынэм
деж. [8]ЖриIащ абы:

– Хьэджэр, Сарай и унэIут! Дэнэ укъикIа, дэни укIуэрэ?

– Сэ си зиусхьэн гуащэ Сарай и пащхьэ сыкъикIри сыщIэпхъуэ-
жащ, – жиIащ абы.

[9]– Уи бысым зиусхьэн гуащэм деж гъэзэжи, абы хуэжыIэщIэ,
– къыжриIащ Зиусхьэным и мелыIычым абы.

[10]– Згъэбэгъуэнущ уэ къыптехъукIынухэм я бжыгъэр, ахэр зэ-
рыкуэд дыдэм къыхэкIыу пхуэмыбжыну.

[11]ИтIани къыжриIащ Зиусхьэным и мелыIычым абы:

– Уэ ууэндэгъущ, къуэ къэплъхунущи, фIэпщынущ абы цIэуэ
Исмэхьил[*]; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гу лъитащ Зиусхьэным уэ гугъу-
ехьу пшэчым.

[12]Ар цIыхухэм яхэтынущ шыд Iэлым хуэдэу;
ар псоми езауэурэ,
псори езым къезэуэнущ,

---

[*]16:11 Исмэхьил – абы къикIыр: Тхьэм зэхех.

щыпсэунущ ар езым и къуэш псоми емызэгъыу.
[13]Хьэджэр фIищащ Зиусхьэну езым къепсэлъам мы цIэр: «Уэ
у-Ел-Ройщ». Абы къикIыр: «Сэ сыкъэзылъагъу Тхьэр Уэрщ». Сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ, Хьэджэр жиIащ: «Пэж дыдэу, сэ сызылъагъум
щыслъэгъуа нэужь сыпсэу пIэрэ? [14]Абы къыхэкIкIэ а псынэм и
цIэщ Бэр-Лахай-рой*. (Псэ зыIутым, сэ сыкъэзылъагъум и псынэ).
Ар дэтщ Кадешрэ Бэрэдрэ я зэхуакум.
[15]Хьэджэр Ибрам къыхуилъхуащ къуэ, Ибрам и къуэм Хьэджэр
къыхуилъхуам, Исмэхьил цIэуэ фIищащ. [16]Ибрам и ныбжьыр илъэс
ищIрэ хырэ хъурт Хьэджэр къуэ къыщыхуилъхуам щыгъуэ.

### Ибрам Ибрэхьим зэрыхъуар

17 Ибрам илъэс бгъущIрэ бгъурэ щыхъум, Зиусхьэныр абы
къыхуэлъагъуэри, къыжриIащ:
– Псори зыхузэфIэкI Тхьэр* Сэращ; щыпкъагъэ уиIэу щыпсэу
Си пащхьэ икIи лажьэ зыри зыхуумыгъэху. [2]Дэзгъэувэнщ Си зэгу-
рыIуэныгъэр Сэрэ уэрэ ди зэхуакуми, икъукIэ узгъэбэгъуэнщ уэ.
[3]ЩIыгум зытридзащ Ибрам нэкIукIэ. Тхьэм, абы адэкIи къеп-
салъэурэ, жиIащ:
[4]– Сэрэ уэрэ ди зэхуакум зэгурыIуэныгъэу дэлъынур мыращ: уэ
адэ уахуэхъунущ лъэпкъ куэдым. [5]ДяпэкIэ уэ зэи къоджэжынукъым
ИбрамкIэ; атIэ цIэуэ уиIэнущ: Ибрэхьим*; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Сэ
усщIынущ лъэпкъ куэдым я адэ.

> [6]– ИкъукIэ узгъэбэгъуэнущ,
> къыптезгъэхъукIынущ уэ лъэпкъхэр,
> пащтыхьхэри къыптехъукIынущ уэ.

[7]– Сэри уэри, уэ и ужькIэ къыптехъукIынухэми, зы щIэблэм
къикIрэ адрейм кIуэуэ, ди зэхуакум мыкIуэдыжын зэгурыIуэныгъэ
дэзгъэувэнущ: уэри уэ къыптехъукIынухэми Сэ фи Тхьэу сыщыты-
нущ. [8]Фэстынущ уэри уэ лъэпкъ къыптехъукIынухэми щIыналъэу
уэ хамэу узыщыпсэур, Ханаан щIыналъэ псори зэрыщыту, игъащ-
IэкIэ фэ фи унейуэ щытыну; икIи сахуэхъунущ абыхэм Тхьэ.
[9]КъыжриIащ адэкIэ Тхьэм Ибрэхьим:

---

*16:14 Бэр-Лахай-рои* – абы къикIыр: Псэ зыIутым, сэ сыкъэзылъагъум и псынэ.

*17:1 Псори зыхузэфIэкI Тхьэр – евреибзэкIэ Ел-Шадай.

*17:5 Ибрэхьим – абы къикIыр: куэдым я адэщ.

– АтIэ уэри гъэзащIэ ди зэгурыIуэныгъэр, вгъэзащIэ уэри къып-
техъукIынухэми, зы щIэблэм къикIрэ адрейм кIуэуэ. 10Мыращ
Сэри, фэри, иужькIэ къыптехъукIынухэми ди зэхуакум дэлъ зэгу-
рыIуэныгъэу гъэзэщIэн хуейр: Фэ къыфхэт цIыхухъу псори сунэт
фщIын хуейщ. 11ПывупщI фи лыфэ кIапэр*: ар Сэрэ фэрэ ди зэхуа-
ку дэлъ зэгурыIуэныгъэм и нэщэнэ хъунущ.

12– Зы щIэблэм къикIрэ адрейм кIуэуэ цIыхухъуу фи унэм къыщалъхуа дэтхэнэ сабийри, уэ къыптемыхъукIауэ нэгъуэщI лъэпкъым щыщ цIыхум деж къыщыпщэхуари сунэт фщIын хуейщ къалъхуа нэужь еянэ махуэм.

13– Iэмал имыIэу сунэт фщIын хуейщ уи унэм къыщалъхуари, уи дыжьынкIэ къэпщэхуари. Апхуэдэу зэгурыIуэныгъэу Сэрэ фэрэ дяку дэслъхьа мыкIуэдыжын зэгурыIуэныгъэм и дамыгъэ фи пкъым телъынущ.

14Сунэт ямыщIа цIыхухъуу зи лыфэ кIапэр пезымыгъэупщIар хэкIуэдыкIынущ езым и лъэпкъым, ди зэгурыIуэныгъэр зэрикъутам щхьэкIэ.

## Сарай Сарэ зэрыхъуар

15Къыжриlащ Тхьэм Ибрэхьим:

– Уи фыз Сарай уемыджэ СарайкIэ, атIэ абы и цIэу щрет: Сарэ*.

16– Сэ си нэфI щыхуэнущ абыи, абыкIэ къыпхуэхъунущ къуэ; Сарэ си нэфI щыхуэнурэ абы къытехъукIынущ цIыху лъэпкъхэри, цIыху лъэпкъхэм я пащтыхьхэри къытехъукIынущ абы.

17Абдеж щIым зытридзащ Ибрэхьим нэкIукIэ, къэдыхьэшхри и щхьэ хужиIэжащ: «Къыхуэхъуну пIэрэ илъэсищэ зи ныбжьым къуэ? Сарэ илъэс бгъущI хъури лъхуэну пIэрэ?»

18ЖриIащ Ибрэхьим Тхьэм:

– НэгъуэщI мыхъуми, Исмэхьил закъуэ щыпсэуащэрэт Уи пащхьэм.

19Ауэ Тхьэм жиIащ:

– Сарэ, уи фызым, къыпхуилъхунущ къуэ, икIи фIэпщынущ абы цIэуэ Исхьэкъ*; мыкIуэдыжын зэгурыIуэныгъэ абыи абы иужькIэ къытехъукIынухэми ди зэхуакум дэслъхьэнущ Сэ.

*17:11 ПывупщI фи лыфэ кIапэр – сунэт щIыныращ кърихъэкIыр.

*17:15 Сарэ – абы къикIыр: пщы гуащэщ.

*17:19 Исхьэкъ – абы къикIыр: ар мэдыхьэшх.

20– Исмэхьил теухуауэ уэ уи лъэIури зэхэсхащ Сэ: си нэфI щы-
хуэнущ абы, быныбэ къытезгъэкIынущ, икъукIэ згъэбэгъуэнущ;
пщы пщыкIутI къытехъукIынущ абы; Сэ къытезгъэхъукIынущ абы
лъэпкъ ин дыди.

21– Ауэ зэгурыIуэныгъэр зыдэслъхьэнур Сэрэ Исхьэкърэ ди
зэхуакурщ; илъэс къакIуэ и мыпхуэдэ зэманым деж Сарэ ар къы-
пхуилъхунущ.

22Тхьэм Ибрэхьим къепсэлъэн иухри, итIанэ IукIыжащ.

23Ибрэхьим Исмэхьилу езым и къуэри, и унэм къыщалъхуа псо-
ри, и дыжьынхэмкIэ къищэхуа цIыхухъу псори, Ибрэхьим и унэм
цIыхухъуу щIэс псори къызэщIикъуэри, яхупиупщIащ я лыфэ кIа-
пэр а махуэ дыдэм, Тхьэм къызэрыжриIам хуэдэу. 24Ибрэхьим и
лыфэ кIапэр щыпаупщIам илъэс бгъущIрэ бгъурэ хъурт. 25Абы и
къуэ Исмэхьил и лыфэ кIапэр щыпаупщIам илъэс пщыкIущ хъурт.
26Зы махуэм сунэт ящIащ Ибрэхьими абы и къуэ Исмэхьили. 27Абы
и гъусэу сунэт ящIащ абы и унэм щIэс цIыхухъу псори, унэм къы-
щалъхуахэри, нэгъуэщI лъэпкъхэм я деж дыжьынкIэ къыщащэху-
ахэри.

### Тхьэр Ибрэхьим деж зэреблэгъар

18 Къыщцыхуэлъэгъуащ абы Зиусхьэныр жыгеилъэ Мамре деж,
махуэм и хуабэгъуэу ар шэтыр щIыхьэпIэм Iусу. 2Ибрэхьим
и напIэр дрихьейрэ плъэмэ, лIищ къитщ и пащхьэм. Къыщилъа-
гъум, ар шэтыр щIыхьэпIэм IукIри, абыхэм япежэжьащ, щIыгум
нэсуи щхьэщэ яхуищIащ.

3– Зиусхьэн! – жиIащ абы. – Уэ нэфIкIэ укъызэплъмэ, ублэмыкI
Уи унэIутым. 4Къахьынщ псы тIэкIуи, фтхьэщI фи лъакъуэхэр;
зыщцывгъэпсэху итIанэ мы жыг щIагъым. 5Сэри къэсхьынщ щIак-
хъуи, къыщIевгъэубыдэнщ фигухэр; итIанэ фыкIуэ; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ фэ фызыблэкIыр фи унэIутырщ.

– ЩIэ уэ зэрыжыпIэм хуэдэу, – жаIащ абыхэм

6Ибрэхьим Сарэ деж шэтырым пIащIэу щIыхьэри жриIащ:

– ПсынщIэу хьэжыгъэ нэхъыфI дыдэм щыщу сатищ[*] пщыи,
гъажьэ щIакхъуэ мышыу.

7ИтIанэ жащ Ибрэхьим хъушэмкIэ, къыхихущ танэ дэгъуи, ири-
тащ унэIутым, модрейми ар епIэщIэкIыу игъэхьэзыращ. 8Тхъуи,

[*]18:6 сатищ – килограмм 20-м хуэдиз мэхъу

шэи, танэл гъэвари ихьри, иригъэуващ я пащхьэм; езыри уващ жыг щІагъым деж абыхэм я гъунэгъуу. Модрейхэр шхэрт.

## Тхьэм Ибрэхьимрэ Сарэрэ къуэкІэ къызэригъэгугъар

[9]– Дэнэ щыІэ Сарэ, уи фызыр? – къыжраІащ абыхэм.

– Мыбдежым, шэтырым щІэсщ, – итащ абы жэуап.

[10]– Илъэс къакІуэ Сэ аргуэру мыбдеж мыпхуэдэ зэман дыдэм сыкъэкІуэнущ, абы щыгъуэ иІэнущ къуэ Сарэ, уи фызым, – жиІащ абыхэм ящыщ зым.

Сарэ къэдаІуэрт, абы и щІыбагъым къыдэту, шэтыр щІыхьэпІэм деж щыту. [11]Ауэ Ибрэхьимрэ Сарэрэ жьы хъуат, я ныбжькІэ хэтІэсат; фызхэм яІэн хуейуэ къадекІуэкІри Сарэ иІэжтэкъым. [12]Сарэ игукІэ дыхьэшхащ, мыр жиІэри: «Сэ, жьы сыхъуауэ, дауэ сиІэн апхуэдэ гуфІэгъуэ? Си зиусхьэнри жьы хъуащ».

[13]ЖриІащ Зиусхьэным Ибрэхьим:

– Сыт Сарэ щІэдыхьэшхар, «Пэж дыдэу, сылъхуэну пІэрэ сэ, мыпхуэдэу жьы сыхъуауэ» жиІэу? [14]ЩыІэ Зиусхьэным хузэфІэмыкІын? Зэман хэхам деж Сэ сыщыІэнущ уи деж илъэс къакІуэ, Сари къуэ иІэнущ.

[15]Ауэ Сарэ зиумымысыжакъым, жиІащ:

– Сэ сыдыхьэшхакъым.

Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ар къэшынэжат.

– Хьэуэ, уэ удыхьэшхащ, – жиІащ адрейм.

## Содом щхьэкІэ Ибрэхьим Тхьэм зэрелъэІуар

[16]Къэтэджыжащ а лІыхэр абдежым, икІи ежьащ, икІи Содом и лъэныкъуэкІэ аузым дэплъащ; Ибрэхьим ядэкІуэтащ абыхэм, ахэр иригъэжьэжыну. [17]ЖиІащ абы щыгъуэ Зиусхьэным:

– ЩызбзыщІыну пІэрэ Сэ Ибрэхьим сщІэну сызыхуейр? [18]Ибрэхьим пэж дыдэу къытехъукІынущ лъэпкъ ин дыдэ икІи лъэщ, абы и хьэтыркІи си нэфІ ящыхуэнущ щІылъэм тет цІыху лъэпкъ псоми. [19]Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Сэ къыхэсхащ Ибрэхьим, езым и къуэхэми, езым и ужькІэ къэнэну и унагъуэми, щыпкъагъэрэ захуагъэрэ ялэжьу сэ Зиусхьэным си гъуэгум ирикІуэну унафэ

яхуищIын папщIэ. Сэ, Зиусхьэным, Ибрэхьим зэрызгъэгугъа псо-
ри згъэпэжынущ.

[20]ИтIани жиIащ Зиусхьэным:

– Содомрэ Iаморэрэ зыгъэкъуаншэ тхьэусыхэ макъыр ин дыдэщ,
абыхэм я гуэныхьри икъукIэ хьэлъэщ. [21]Сехыныурэ сеплъынущ
абыхэм ялэжьхэр абыхэм ехьэлIауэ Сэ къысхудэкIуей тхьэусыхэ
макъым хуэдэрэ хуэмыдэрэ; ар къэсщIэнущ.

[22]ЛIыхэр абдежым къыIукIыжри, Содом лъэныкъуэмкIэ кIуащ;
ауэ Ибрэхьим иджыри итт Зиусхьэным и пащхьэм. [23]Ибрэхьим
Абы бгъэдыхьэри, жиIащ:

– Щыпкъагъэ зимыIэм и гъусэу щыпкъагъэ зиIэри бгъэкIуэды-
ну пIэрэ? [24]ДэсынкIэ хъунукъэ а къалэм щыпкъагъэ зиIэ цIыху щэ
никъуэ? АтIэ Уэ бгъэкIуэдыну пIэрэ ар итIани, хуэбгъэгъунукъэ
а щIыпIэм щыпкъагъэ зиIэу абы дэс цIыху щэ никъуэм я хьэтыр-
кIэ? [25]Дауэ хъун Уэ ар пщIэну, щыпкъагъэ зиIэри зимыIэри зэдэб-
гъэкIуэдыну, щыпкъагъэ зимыIэм къыщыщIыр щыпкъагъэ зиIэм
къехъулIэу; дауэ хъун Уэ ар къыббгъэдэкIыу! ЩIылъэ псом и хея-
щIэм дауэ лей зэрихьэн?

[26]– Содом къалэм щыпкъагъэ зиIэ цIыху щэ никъуэ щызгъуэт-
мэ, Сэ абыхэм я хьэтыркIэ а щIыпIэм зэрыщыту яхуэзгъэгъунщ,
– жиIащ Зиусхьэным.

[27]Ибрэхьим жиIащ абы и жэуапу:

– Мис, сэ сытегушхуащ Зиусхьэным сепсэлъэну, сэ, сабэм икIи
сахуэм, – жиIащ Ибрэхьим абы и жэуапу, [28]– хъункIэ хъунущ цIыху
щыпкъагъэ зиIэхэм я бжыгъэр щэ никъуэм нэсыным тху хущы-
щIэу, атIэ а тхур зэрыримыкъум къыхэкIыу Уэ бгъэкIуэдыну пIэрэ
къалэ псор?

– ЗгъэкIуэдынкъым, абдежым плIыщIрэ тхурэ къыщызгъуэтмэ,
– жиIащ Зиусхьэным.

[29]Ибрэхьим пищэрт адэкIэ Абы епсэлъэным, икIи жиIащ:

– Абдежым плIыщI къыщыбгъуэтынкIэ хъунукъэ?

– Ар сщIэнкъым плIыщIым я хьэтыркIэ, – жиIащ Зиусхьэным.

[30]– Къремыгубжь Зиусхьэныр сэ жысIэнум папщIэ: Абдежым
щэщI щыбгъуэтынкIэ хъунукъэ? – жиIащ адэкIэ Ибрэхьим.

Зиусхьэным жиIащ:

– СщIэнкъым, абдежым щыпкъагъэ зиIэ цIыху щэщI щызгъуэт-
мэ.

[31]– Мис, сэ таучэл сщIащ Зиусхьэным жесIэну: абдежым тIощI
щыбгъуэтынкIэ хъунукъэ? – жиIащ Ибрэхьим.

– ЗгъэкIуэдынкъым тIощIым я хьэтыркIэ, – жиIащ Зиусхьэным.
[32]Ибрэхьим жиIащ:
– Къремыгубжь Зиусхьэныр иджыри зэ жысIэжынум папщIэ:
абдежым щыбгъуэтынкIэ хъунукъэ пщIы?
– ЗгъэкIуэдынкъым пщIым я хьэтыркIэ, – жиIащ Зиусхьэным.
[33]Арати, IукIыжащ Зиусхьэныр, Ибрэхьим къепсэлъэныр
щигъэтри; Ибрэхьим къигъэзэжащ езым и щIыпIэм.

## Содомрэ Iаморэрэ

19 КъэкIуащ а мелыIычитIыр Содом пщыхьэщхьэм, Содом и
дыхьэпIэ куэбжэм деж ЛутI щысу. ЛутI ахэр къилъэгъури
къэтэджащ абыхэм къапежьэну, щхьэщи ищIащ щIым нэс.
[2]– Си зиусхьэнхэ! – жиIащ абы, – фи унэIутым и унэм фыны-
щIыхьи, нэху фыкъыщекI, фтхьэщI фи лъакъуэхэр, нэху щымэ,
фыкъэтэджынщи, фытехьэжынщ фи гъуэгум.
– Хьэуэ, дэ жэщыр уэрамым щитхынщ, – жаIащ абыхэм.
[3]Ауэ ар хуабжьу елъэIурт абыхэм; арати, ежьащ ахэр абы деж
кIуэну, икIи щIыхьащ абы и унэм. Абы яхуищIащ абыхэм хьэщIэ
шхын, икIи игъэжьащ щIакхъуэ мышыухэр; мыдрейхэри шхащ.
[4]Ахэр жеину гъуэлъыжатэкъым, Содом къалэ дэсхэм, жьыи щIэи,
къалэм лIыхэу дэсу хъуар дэнэ лъэныкъуэкIи къикIыурэ унэр къы-
щаувыхьам.
[5]ЛутI къеджэри щIашауэ къыжраIэрт абы:
– Дэнэ щыIэ уэ ныжэбэ къыпхуэкIуа цIыхухэр? КъытхущIэш
ахэр мыдэ; дэ декIуэлIэнущ абыхэм.
[6]ЛутI щIыхьэпIэм нэс къыщIэкIри бжэр зэхуищIыжащ.
[7]– Си къуэшхэ, фымыщIэ Iеягъэ, – жиIащ абы. [8]– ФыкъэдаIуэ, сэ
сиIэщ иджыри цIыхухъу зымылъэгъуа пхъуитI; нэхъыфIщ ахэр фэ
къыфхущIэсшмэ, ефщIэ абыхэм сыт фыхуейми; ауэ мы цIыхухэм
зыри евмыщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр къеблэгъащ си деж.
[9]– КъакIуэ мыдэ, зыIуегъэх, – жаIащ абыхэм.
– Мис хэхэсыр, ар хуейуэ ара хьэкум ищIэну? Иджы дэ уэ уэт-
щIэнщ абыхэм етщIэнум нэхърэ нэхъ Iей.
ИтIанэ икъукIэ къебгъэрыкIуащ а цIыхум, ЛутI, бжэми къыб-
гъэдыхьащ ахэр, ар хакъутыкIын я мураду. [10]Апхуэдэу щыхъум, а
лIыхэр къэIэбэри ЛутI щIашэжащ унэм, бжэри ягъэбыдащ. [11]ЦIы-
хухэу унэ щIыхьэпIэм деж щытахэм я нэр иращIат, цIыкIуи ини,

ахэр гугъу ехьащ, щIыхьэпIэр къахуэмыгъуэтурэ. [12]ЖраIащ а
хьэщIэхэм ЛутI:

– Хэт мы къалэм иджыри щыуиIэр? Малъхъэми, уи къуэми,
уипхъуми, хэт мы къалэм ущиIэми, псори иш мы щIыпIэм. [13]Мы
къалэр дэ дгъэкIуэдынущ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ин дыдэщ мыбы
дэсхэр зыгъэкъуаншэ Зиусхьэным екIуалIэ тхьэусыхэ макъыр. Зи-
усхьэным дэ дыкъигъэкIуащ, ар дгъэкIуэдын папщIэ.

[14]ЛутI щIэкIри, епсэлъащ хуэхъуну малъхъэхэм, яжриIащ
абыхэм:

– Фытэдж, фыдэкI мы къалэм! Зиусхьэным ар игъэкIуэдынущ.

Ауэ абы и малъхъэхэм къафIэщIащ ар гушыIэу.

[15]Пщэдджыжь пшэплъыр къыщищIым, мелыIычхэм щIадзащ
ЛутI ягъэпIащIэу, мыпхуэдэу жаIэурэ:

– Тэдж, къащтэ уи фызымрэ уи пхъуитI уэ къыббгъэдэсхэмрэ,
къалэ хабзэншэм уадэмыкIуэдын папщIэ.

[16]АрщхьэкIэ ЛутI зиIэжьэрти, а лIыхэм, Зиусхьэным гущIэгъу
къызэрыхуищIам щхьэкIэ хузэгуэпауэ, езыри, и фызри, и пхъуитI-
ри я Iэхэр яубыдри къыдашащ къалэм, икIи щагъэуващ ахэр къалэ
щIыбым.

[17]Ахэр къалэм къыдаша нэужь, мелыIычхэм ящыщ зым жиIащ:

– Зыкъегъэл; укъызэмыплъэкI икIи укъыщымыувыIэ мы аузым;
зыщыгъэпщкIу бгыщхьэм, умыкIуэдын папщIэ.

[18]Ауэ ЛутI яжриIащ абыхэм:

– Хьэуэ, зиусхьэнхэ! – яжриIащ ЛутI! – [19]Сэ, Уи унэIутым
нэфIкIэ укъызэплъащ икIи ин дыдэщ Уэ си гъащIэр къебгъэлкIэрэ
къысхуэпщIа гущIэгъур; ауэ сэ зыкъыщезгъэлыфынукъым бгыщ-
хьэм, насыпыншагъэр къыслъэщIэмыхьэу икIи сымылIэу. [20]Мис,
мы къалэм сыжэмэ, нэхъ гъунэгъущ, ар цIыкIущ; абы сыжэнщ – ар
цIыкIукъэ, абыкIэ къелынщ си гъащIэр.

[21]– Хъунщ, – къыжриIащ мелыIычым, – уи хьэтыркIэ Сэ сщIэнщ
ари: хэзгъэщIэнкъым уэ жыхуэпIэ къалэр. [22]ЕпIэщIэкI, зыкъыще-
гъэл абы; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Сэ сщIэфынукъым Iуэхур, уэ абы
унэмысу.

Абы къыхэкIыуи фIащащ а къалэм: Цоар*.

[23]Дыгъэр къыщхьэщыуват щIылъэм, ЛутI Цоар щынэсам.

[24]Зиусхьэным къатрикIащ Содомрэ Iаморэрэ уэшхым хуэдэу
тхъуэбзащхъуэмрэ мафIэмрэ, уафэм щыIэ Зиусхьэным къыбгъэ-
дэкIыу. [25]ИтIанэ зэтригъэщэхащ а къалэхэри, аузым щыIэ псори,

---

*19:22 Цоар – абы къикIыр: цIыкIу.

игъэкIуэдащ а къалэхэм щыпсэу псори, а щIыналъэм къыщыкI
псори. 26Ауэ ЛутI и фызыр и щIыбагъкIэ къызэплъэкIащ икIи зэ-
фIэжыхьащ шыгъу сэхым хуэдэу.

27Ибрэхьим пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджри кIуащ Зиусхьэ-
ным и пащхьэм щита щIыпIэм. 28Плъащ Содомрэ Iаморэрэ, Iэгъуэ-
благъэм псори къыщызэхиплъыхьри къилъэгъуащ: Iугъуэр къы-
хокI щIыгум, хьэкум къикIым хуэдэу.

29Къэхъуащ мыр, мы Iэгъуэблагъэм
ита къалэхэр Тхьэм щигъэкIуэдым,
Тхьэм игу къэкIыжащ Ибрэхьим,
икIи къригъэкIащ ЛутI кIуэдыпIэ щIыпIэм
ЛутI зыщыпсэуа къалэхэр щызэтригъэщахэм щыгъуэ.

30ЛутI Цоар къыдэкIри, щIидзащ бгы дурэшым щыпсэууэ, абы
щIыгъут и пхъуитIыр: сыт щхьэкIэ жыпIэмэ шынэрт Цоар щыпсэ-
ун. Щыпсэурт, арати, бгъуэнщIагъым, абы и гъусэт и пхъуитIри.
31ЖриIащ пхъу нэхъыжьым пхъу нэхъыщIэм:

– Ди адэр жьы хъуащ; щIылъэми теткъым, дэни зэрыщыхабзэм
хуэдэу, дэ къытхуэкIуэн лIы. 32Аращи, ди адэр санэр едгъэфэн-
щи, дыдэгъуэлъынщ абы, икIи къытедгъэхъукIыжынщ ди адэм ди
лъэпкъ.

33Арати, ирагъафэщ я адэр санэ а жэщ дыдэм; щIыхьащ абы
деж пхъу нэхъыжьыр, икIи дэгъуэлъащ и адэм: ауэ адэм ищIакъым
ар къыщыгъуэлъари щытэджыжари. 34Адрей махуэм щыпхъу нэ-
хъыжьым шыпхъу нэхъыщIэм жриIащ:

– Сэ сыжеящ дыгъуасэ си адэм сригъусэу; ныжэби едгъэфэнщ
ар санэ; иджы уэри щIыхьи, жей абы уригъусэу, икIи къытедгъэ-
хъукIыжынщ ди адэм ди лъэпкъ.

35Ирагъэфащ я адэр санэ а жэщми; пхъу нэхъыщIэр щIыхьэри
жеящ абы и гъусэу: адэм ищIакъым ар къыщыгъуэлъари щытэд-
жыжари.

36Арати, ЛутI и пхъуитIыр езыхэм я адэм хуэхъужащ уэндэгъу.
37Нэхъыжьым къуэ къилъхури, абы цIэуэ фIищащ Моаб*. Ар ид-
жыри къэс моав цIыхухэм я адэщ. 38НэхъыщIэми къуэ къилъхури,
фIищащ абы цIэуэ: Бен-Амми*. Ар иджыри къэс аммон цIыхухэм
я адэщ.

*19:37 Моаб – абы къикIыр: сядэщ.

*19:38 Бен-Амми – абы къикIыр: си Iыхьлым и щIалэщ.

## Ибрэхьим Абимэлэх деж

20 Ибрэхьим абдеж зыщиIэтщ, Нэгэв лъэныкъуэкIэ кIуэри
Кадешрэ Шуррэ я зэхуакум деж щытIысащ; абы и ужькIэ
Гъэрар дэтIысхьащ. 2Ибрэхьим жиIащ езым и фыз Сарэ щхьэкIэ:
„Ар си шыпхъущ“. Арати, Гъэрар и пащтыхь Абимэлэх игъакIуэри
къригъэщащ Сарэ. 3Тхьэр Абимэлэх жэщым, пщIыхьым хэту, къы-
хуэлъагъуэри къыжриIащ абы:
– УлIэнущ уэ къэпщта бзылъхугъэм щхьэкIэ; сыту жыпIэмэ абы
лIы иIэщ.
4Ауэ Абимэлэх абы еIэбатэкъыми, жиIащ:
– Зиусхьэн! Дауэ бгъэкIуэдын Уэ лъэпкъ хейр? 5Мы лIыр аракъэ
къызжезыIар: «Ар си шыпхъущ» жиIэу? Езы бзылъхугъэми къыз-
жиIакъэ: «Ар си дэлъхущ» жиIэри? Сэ ар зэрысщIар сигу хьэрэ-
мыгъэншэмрэ си Iэ къабзэхэмрэкIэщ.
6Абдеж къыжриIащ Тхьэм абы, пщIыхьым хэту:
– Сэри сощIэ ар уи гум и хьэрэмыгъэншагъэкIэ зэрыпщIар, икIи
ущысхъумащ Си дежькIэ гуэныхь щыблэжьыным; абы къыхэкIыуи
абы уезгъэIусакъым. 7АтIэ иджы етыж фызыр лIым: сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ ар бегъымбарщ, Тхьэм пхуелъэIунурэ, уэри упсэунущ;
ауэ иумытыжмэ, зэгъащIэ Iэмал имыIэу уэри ууей псори фызэры-
лIэнур.
8Абимэлэх пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджри къриджащ и
унэIут псори, икIи яхуиIуэтэжащ а псалъэ псори абыхэм я тхьэкIу-
мэкIэ зэхахыу; а цIыхухэри икъукIэ къэшынащ. 9АдэкIэ Абимэлэх
Ибрэхьим къриджэри, жриIащ абы:
– Сыт уэ къыдэпщIар? УэркIэ сыт гуэныхьу злэжьар, сэри си
пащтыхьыгъуэми гуэныхь ин дыдэр къытщхьэщыбгъэхьэн хуэдэу?
Уэ сэ къызэпщIащ ящIэ мыхабзэ Iуэхухэр. 10Сыт уэ узэгупсысар а
Iуэхур щыблэжьым щыгъуэ?
11– Сэ сегупсысащ: щыIэкъым мы щIыпIэм Тхьэм фIэлIыкI, сэри
саукIынщ си фызым щхьэкIэ, – жиIащ Ибрэхьим. 12– Пэж дыдэуи,
ар си шыпхъущ; ар си адэм ипхъущ, ауэ си анэм ипхъукъым; сэ си
фызи хъуащ. 13Си адэм и унэм сыкъыщIишу Тхьэм сыщришэжьам
щыгъуэ сэ абы жесIащ: «МыбыкIэ си хьэтыр къэлъагъуи, сыт ху-
эдэ щIыпIэ дыкIуэми, дэнэ дежи щыжыIэ сэр щхьэкIэ: “Мыр си
дэлъхущ” жыIи».
14Абимэлэх Iэщ ини цIыкIуи, унэIут цIыхухъуи цIыхъубзи ири-
тащ Ибрэхьим; иритыжащ абы и фыз Сари. 15ЖиIащ адэкIэ Аби-
мэлэх:

– Си щIыналъэр илъщ уи пащхьэм; щыпсэу уэ здыпфIэфIым
деж.
16Сарэ жриIащ:
– Сэ естащ уи дэлъхум дыжьыну ахъшэ мин; уи гъусэ псоми я
пащхьэм лажьэ зэрыщыуимыIэм и щыхьэтщ ар, псом я пащхьэми
уэ ущыхейщ.
17Абдеж Ибрэхьим Тхьэм елъэIури Тхьэм игъэхъужащ Абимэ-
лэх, абы и фызри, абы и унэIут цIыхубзхэри, лъхуэни щIадзэжащ
абыхэм. 18Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Зиусхьэным Абимэлэх и унэм
щIэс цIыхубз псори сабий ямыгъуэтыну ищIыгъат Ибрэхьим и фыз
Сарэ щхьэкIэ.

## Исхьэкъ Сарэ къызэрыхуэхъуар

21 Къеплъащ нэфIкIэ Зиусхьэныр Сарэ, зэрыжиIэгъам хуэдэу,
икIи Зиусхьэным жиIауэ щытар къыхуищIащ Сарэ.
2Сарэ уэндэгъу хъури, къыхуилъхуащ къуэ Ибрэхьим, ар жьы
хъуами, Тхьэм абы къриухылIауэ щыта пIалъэм. 3ФIищащ Ибрэ-
хьим къуэ къыхуалъхуам, Сарэ къыхуилъхуам, Исхьэкъ.
4Ибрэхьим Исхьэкъыр, езым и къуэр, сунэт ищIащ еянэ махуэм,
Тхьэм абы унафэ къызэрыхуищIам тетэу. 5Ибрэхьим илъэсищэ
хъурт абы и къуэ Исхьэкъ къыщыхуэхъуам щыгъуэ. 6ЖиIащ абы
щыгъуэ Сарэ:

> – Дыхьэшхэн къызищIащ Тхьэм;
> си хъыбар хэт зэхихми,
> дыхьэшхынщ.

7ЖиIащ абы адэкIи:
– Хэт жриIэфынт Ибрэхьим: «Сарэ быдз иригъэфэнущ сабий»,
– жиIэу? АрщхьэкIэ, ар жьы хъуауэ, къэслъхуащ сэ къуэ.
8Сабийр жэпхъри бгъафэм къыщIачащ; Исхьэкъ бгъафэм къы-
щыщIача махуэм Ибрэхьим гухэхъуэ Iэнэр игъэуващ.

## Тхьэм Исмэхьил къызэрихъумар

9Гу лъитащ Сарэ Мысырым щыщ бзылъхугъэ Хьэджэр Ибрэ-
хьим къыхуилъхуа къуэр Исхьэкъ дэджэгуу. 10Ар щилъагъум,
жриIащ Ибрэхьим:

– Дэху мы унэIут бзылъхугъэри абы и къуэри; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы унэIутым и къуэр си Исхьэкъ мылъкукIэ Iыхьэгъу дэхъу хъунукъым.

[11]Ибрэхьим къыщыхъуащ ар и къуэм дежкIэ мыщIагъуэу.

[12]Ауэ Тхьэм къыжриIащ Ибрэхьим:

– Умынэщхъей ныбжьыщIэмрэ уи унэIут бзылъхугъэмрэ папщIэ; Сарэ сыт къыбжиIэми, едаIуэ абы и псалъэм; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ Исхьэкъ къытехъукIыну цIыхухэращ уэ уи бын пэжкIэ
зэджэнухэр. [13]УнэIутым и къуэми Сэ къытезгъэхъукIынущ лъэпкъ,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар уэ къыппкърыкIащ.

[14]Ибрэхьим къэтэджащ пщэдджыжьым жьыуэ, къищтэщ щIакхъуэрэ псы фэндри, иритащ Хьэджэр, ахэр абы и дамэхэм трилъхьэри, сабийр и гъусэу, иутIыпщащ ар. Ар ежьэри къыщикIухьащ
Бэр-Шэвэ губгъуэ нэщIым. [15]Фэндым псы итыжтэкъыми, абы къыщигъэнащ сабийр чыцэ гуэрым деж. [16]Езыр IукIри ежьэжащ, щытIысащ жыжьэу, зы шабзэ уэгъуэкIэ пэжыжьэу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы жиIащ: сыхуейкъым слъагъуну сабийр зэрылIэр. Арати, жыжьэу къэтIысри, пыхьэу, гъыуэ иригъэжьащ. [17]Къызэхихащ
Тхьэм сабийм и макъыр; Тхьэм и мелыIычыр уафэм къыхуеджыхри, Хьэджэр къыжриIащ:

– Сыт уи лажьэр, Хьэджэр? Умышынэ; Тхьэм зэхихащ сабийм
и макъыр, чыцэм къыхэIукIыу. [18]Тэдж, сабийр къэIэти, убыд абы и
Iэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Сэ абы къытезгъэхъукIынущ лъэпкъ ин дыдэ.

[19]Тхьэм къызэтрихащ абы и нэхэр, икIи Хьэджэр къилъэгъуащ псы зэрыт псыкъуийр, кIуэри фэндым изу псы къригъэхъуащ, псы иригъэфащ сабийр.

[20]Тхьэм къихъумэрт сабийр; арати, ар ин хъуащ; губгъуэ нэщIым
щыпсэун щIидзащ; къыхэкIащ абы шабзауэ. [21]Ар щыпсэурт Паран
губгъуэ нэщIым, и анэм абы фыз къыщыхуришащ Мысыр щIыналъэм.

### Ибрэхьим Абимэлэх зэгурыIуэныгъэ зэрырищIылIар

[22]А зэманым Абимэлэх, езым и дзэпщ Пихол и гъусэу къакIуэри,
къыжриIащ Ибрэхьим:

– Уэ уи гъусэщ Тхьэр сытым дежи, сыт пщIэми. [23]Тхьэлъанэ
къысхуэщI иджы ауэ щыхъукIэ, Тхьэм и цIэкIэ, ди жагъуэ къомы-

щIыну сэри, си къуэми, си къуэрылъхуми; сэ фIыуэ сызэрыпхущы-
там хуэдэу, уэри фIыуэ укъысхущытыжыну, сэри си щIыналъэу уэ
узыщыхьэщIэми.

24ЖиIащ Ибрэхьим:

– Си тхьэлъанэщ.

25Абдеж Ибрэхьим егияш Абимэлэх абы и унэIутхэм псыкъуийр
зэрытрахам папщIэ.

26Ауэ Абимэлэх жиIащ:

– СщIэркъым ар зыщIар, уэри къызжепIакъым; сэ уеблэмэ зэхэс-
хагъэххэкъым абы и гугъу иджыри къэс.

27Ибрэхьим Iэщ цIыкIуи Iэщышхуи ихури, иритащ Абимэлэх,
а тIум зэгурыIуэныгъэ зэраухылIащ. 28Ибрэхьим и Iэщ цIыкIухэм
ящыщу щынэбзибл къыхидзащ, щхьэхуэ ищIащ. 29Абимэлэх еуп-
щIащ Ибрэхьим:

– Мыбдежым щхьэхуэу къэбгъэува щынэбзиблым сыт къи-
кIыр?

30– Мы щынэбзиблыр них си IэмыщIэ, сэ мы псыкъуийр къызэ-
рыстIам и щыхьэт схуэхъун папщIэ, – жиIащ Ибрэхьим.

31Абы къыхэкIыуи фIищащ а щIыпIэм: Бэр-Шэвэ*; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ абдежым а тIуми тхьэлъанэ щащIат.

32Апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ Бэр-Шэвэ деж.
ИтIанэ Абимэлэхрэ абы и дзэпщ Пихолрэ заIэтри ягъэзэжащ Фи-
лишт щIыналъэм. 33Ибрэхьим Бэр-Шэвэ деж мэз тIэкIу щигъэтIыс-
ри Зиусхьэну мыкIуэдыжыну щыт Тхьэм* абдеж щелъэIуащ.

34Махуэ куэдкIэ щыпсэуащ Ибрэхьим Филишт щIыналъэм хэхэ-
су итIанэ.

### Тхьэм Ибрэхьим зэригъэунэхуар

22 А къэхъукъащIэхэм я ужькIэ Тхьэм игъэунэхуащ Ибрэхьим,
мыр къыжриIэри:

– Ибрэхьим!

– Сымис сэ, – жиIащ абы.

2– Къащтэ уи къуэр, фIыуэ плъагъу уи къуэ закъуэр, Исхьэкъыр,
– жиIащ Тхьэм, – Морый щIыналъэм кIуэи, абдежым къурмэны-
пхъэу щыгъэс ар бгыхэм ящыщу Сэ уэзгъэлъагъуну зым и щыгум.

*21:31 Бэр-Шэвэ – абы къикIыр: блымэ я псынэщ е тхьэлъанэм и псынэщ.

*21:33 мыкIуэдыжыну щыт Тхьэм – пасэрей журтыбзэкIэ Ел Олам.

[3]Ибрэхьим къэтэджащ пщэдджыжьэм жьыуэ, и шыдым уанэ
трилъхьащ, здришэжьащ и унэIутхэм ящыщу тIурэ и къуэ Ис-
хьэкърэ; икъутащ къурмэн мафIэ зэрищIыну пхъэр, икIи зиIэтри
ежьащ Тхьэм жыхуиIа щIыпIэм. [4]Ещанэ махуэм Ибрэхьим и напIэр
иIэтри, аддэ жыжьэу къыщилъэгъуащ а щIыпIэр.

[5]ЯжриIащ Ибрэхьим и унэIутитIым:

– Фыкъанэ мыбдежым, шыдым фригъусэу; си къуэмрэ сэрэ абы
дыкIуэнщи, Тхьэм делъэIунщ, итIанэ фи деж къэдгъэзэжынщ.

[6]Ибрэхьим мафIэ зэрищIыну пхъэр къищтэри трилъхьащ и къуэ
Исхьэкъым и дамэхэм; езым мафIэрэ сэрэ къыздищтэри, ежьащ
тIури зэгъусэу.

[7]Исхьэкъ и адэ Ибрэхьим мыпхуэдэу жриIащ:

– Си адэ!

– Сымис сэ, си къуэ, – жэуап итыжащ абы.

– Мис мафIэри пхъэри, атIэ дэнэ щыIэ къурмэныпхъэу дгъэсы-
ну щынэр? – жиIащ абы.

[8]– Тхьэм къысхухихынущ къурмэныпхъэу Езым хуэдгъэсыну
щынэр, си къуэ, – жиIащ Ибрэхьим.

Арати, кIуэрт адэкIэ тIури зэгъусэу.

[9]Нэсащ Тхьэм жыхуиIа щIыпIэм; щиухуащ абдежым Ибрэхьим
къурмэнщIыпIэ, трилъхьащ пхъэр, икIи и къуэ Исхьэкъ ипхри,
трилъхьащ ар къурмэнщIыпIэм, пхъэхэм я щIыIукIэ. [10]Ишиящ
Ибрэхьим и Iэр, къищтащ сэр, и къуэр иукIын папщIэ. [11]Ауэ Зиус-
хьэным и мелыIычыр уафэм къыхуеджыхри, къыжриIащ абы:

– Ибрэхьим! Ибрэхьим!

– Сымис сэ, – жиIащ абы.

[12]– ХуумыIэт уи Iэр ныбжьыщIэм, йомыщIэ абы зыри, – жиIащ
мелыIычым, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ иджы Сэ сощIэ уэ Тхьэм узэ-
рыщышынэр икIи сэр папщIэ уи къуэм, уи къуэ закъуэм, узэры-
щымысхьар.

[13]Абдеж Ибрэхьим и напIэр иIэтри, илъэгъуащ: мес, и щIыба-
гъымкIэ тIыр бжьакъуэхэмкIэ хэнауэ чыцэм хэтщ. Ибрэхьим кIуэщ,
мэлыр къищтэри, къурмэныпхъэу игъэсащ езым и къуэм и пIэкIэ.

[14]ФIищащ Ибрэхьим а щIыпIэм цIэ: Иеговэ-ире*. (Зиусхьэным
къытхуегъуэт). Аращ ноби щIыжаIэр: Зиусхьэным и бгым деж
къыщытхуигъуэтынущ.

[15]Зиусхьэным и мелыIычыр уафэм къыхуеджыхри, [16]Ибрэхьим
къыжриIащ:

*22:14 Иеговэ-ире – абы къикIыр: Зиусхьэным къытхуегъуэт.

– Псалъэ быдэкIэ жызоIэ, –
жеIэ Зиусхьэным,
– уэ мы Iуэхур зэрыпщIам щхьэкIэ,
икIи уи къуэм, уи къуэ закъуэм,
узэрыщымысхьам щхьэкIэ,
[17]Си нэфI ныпщыхуэнущ,
уэ къыптехъукIыну бынхэри згъэбэгъуэнущ,
уафэм ит вагъуэхэмрэ
хы Iуфэм Iулъ пшахъуэмрэ я бжыгъэм хуэдизу;
икIи къаIэщIыхьэнущ уэ къыптехъукIыну бынхэм я
бийхэм я къалэхэр.
[18]Уэ къыптехъукIыну бынхэм я хьэтыркIэ
дунейм и лъэпкъ псоми си нэфI ящыхуэнущ,
си псалъэм укъызэредэIуам папщIэ.

[19]Къигъэзэжащ, арати, Ибрэхьим и унэIутитIым я деж, ахэ-
ри къэтэджыжри, кIуэжащ зэгъусэу Бэр-Шэвэ; икIи щыпсэуащ
Ибрэхьим Бэр-Шэвэ.

## Ибрэхьим и шынэхьыщIэ Нахъор къытехъукIахэр

[20]А къэхъукъащIэхэм я ужькIэ Ибрэхьим хъыбар къэрагъэщIащ,
мыр къыжраIэри: Милкъэ къыхуилъхуащ уи къуэш Нахъорым къуэ-
хэр: [21]Щыпэрылъхуу Уц, абы и къуэш Буз, Арамэ и адэ Кемуел,
[22]Кэсэд, Хазо, Пилдаш, Идлаф, Бэтуел сымэ.

[23]Бэтуел къыхуалъхуащ Ребеккэ.

А бынийр Милкъэ къыхуилъхуащ Нахъор, Ибрэхьим и къу-
эшым. [24]Абы и унэIут бзылъхугъэ Рэумэ зи цIэми къилъхуащ Тэ-
бахъ, Гъахъам, Тахъаш, МэIах сымэ.

## Сарэ зэрылIамрэ зэрыщIалъхьэжамрэ

23 Сарэ къигъэщIащ илъэсищэрэ тIощIрэ блырэ: ар и кIы-
хьагъщ Сарэ и гъащIэм. [2]ИтIанэ щылIащ Сарэ Кириат-
Арбэ, иджы ХэвронкIэ зэджэм, Ханаан щIыналъэм щыIэм. Арати,
къэкIуащ Ибрэхьим Сарэ папщIэ пыхьэну, ар игъеину.

[3]Ибрэхьим лIам и хьэдэм къыщхьэщыкIыжри, яжриIащ хет*
цIыхухэм мыпхуэдэу:

---

*23:3 Хет цIыхухэр – хиттит цIыхухэр арщ.

4– Сэ хамэу икIи хэхэсу сыфхэсщ, къызэфт фи щIыпIэм щыщ
сысейуэ, кхъэлэгъунэ щысщIу, си лIар си нэхэм япэIэщIэу щыщIэс-
лъхьэжыну.

5Хет цIыхухэм жэуап къратурэ, Ибрэхьим къыжраIащ:

6– КъыдэдаIуэт, ди зиусхьэн; уэ Тхьэм пщыуэ укъытхигъэсщ;
ди лIахэр здыщIэтлъхьэж щIыпIэхэм ящыщу нэхъыфI дыдэм щы-
щIэлъхьэж уи лIар; дэ тщыщу зыми къыппиубыдынукъым уи лIар
здыщIэплъхьэжыну щIыпIэр.

7Ибрэхьим къэтэджри щхьэщэ яхуищIащ хет цIыхухэм, а щIы-
налъэм и лъэпкъым. 8Абыхэм епсалъэри, яжриIащ:

– Си лIар зэрыщIэслъхьэжынумкIэ фыарэзыуэ щытмэ, сэ фы-
къызэдаIуи, фысхуелъэIу Цохар и къуэ Ефрон, 9Махпелэ бгъуэн-
щIагъыу абы и губгъуэ кIапэм деж щыIэр сысейуэ, си лIар щы-
щIэслъхьэжыну уасэ хуэфащэкIэ фи деж къыщызитыну.

10Езы Ефрон яхэст хет цIыхухэм; арати, жэуап къритащ хет цIы-
хуу Ефрон Ибрэхьимым, хет цIыхуу къалэ куэбжэм къыдыхьа псо-
ми зэхахыу, мыр жиIэри:

11– Хьэуэ, си зиусхьэн, къызэдаIуэ сэ: сэ узот уэ губгъуэри, абы
щыщ бгъуэнщIагъри, тыгъэу узот си лъэпкъэгъухэм я пащхьэм
ситу, щIэлъхьэж уи лIар.

12Ибрэхьим щхьэщэ хуищIащ а щIыналъэм и цIыхухэм.

13ИтIанэ а щIыналъэм и цIыхухэм зэхахыу, Ефрон жриIащ:

– УкъызэдаIуэмэ, сэ узот губгъуэм папщIэ дыжьын: ныскIых,
сэри щыщIэслъхьэжынщ абдежым си лIар.

14Ефрон Ибрэхьим жэуап къритыжащ:

15– Си зиусхьэн! КъызэдаIуэ сэ: щIыгум и уасэр дыжьын ахъшэ
щиплIщ; си дежкIи уи дежкIи ар сыт? ЩIэлъхьэж уи лIар.

16Ибрэхьим арэзы техъуащ Ефрон жиIам; икIи хуишэчащ
Ибрэхьим Ефроным дыжьыныр, хет цIыхухэм зэхахыу уасэу абы
жыхуиIам хуэдиз, дыжьын ахъшэ щиплI, сатуущIэхэм я деж щы-
зекIуэм хуэдэ.

17Арати, хъуащ Ефрон и губгъуэу Махпелэм щыIэр, Мамрэ
пэщылъыр, губгъуэри абы щыщ бгъуэнщIагъри, губгъуэм ит жыг
псори, абы ихъуреягъкIэ и гъунапкъэхэм къриубыдэу 18Ибрэхьим и
щIапIэ, хет цIыхуу а къалэ куэбжэм дыхьэ псоми ялъагъуу.

19Абы и ужькIэ Ибрэхьим щыщIилъхьэжащ Сарэ, езым и фызыр,
Махпелэ деж щыIэ губгъуэм и бгъуэнщIагъым, иджы ХэвронкIэ
зэджэ Мамрэ пэщылъу, Ханаан щIыналъэм. 20Апхуэдэу къылъы-
сащ Ибрэхьим хет цIыхухэм къабгъэдэкIыу губгъуэри абы щыщ
бгъуэнщIагъри, езым ейуэ, хьэдэхэр щыщIилъхьэжын папщIэ.

## Исхьэкъ фыз къызэришар

24 Ибрэхьим лIыжь хъуат, и ныбжьыр хуабжьу хэкIуэтат. Зиус-
хьэным и нэфI къыщыхуат Ибрэхьим сыт ищIыскIи.
[2]ЖриIащ Ибрэхьим езым и унэIутым, абы и унэм деж щынэ-
хъыжьым, абы и мылъкур зезыгъакIуэм:
– Уи Iэр си куэ щIагъым къыщIэлъхьи, [3]тхьэлъанэ къысхуэщI
Зиусхьэну уафэми щIылъэми я ТхьэмкIэ, сэ сызыхэс Ханаан цIы-
хухэм япхъухэм ящыщ си къуэм фызу къызэрыхуумышэнумкIэ;
[4]АтIэ укIуэнущ си щIыналъэм, си Iыхьлыхэм я деж, абы къыхуип-
шынущ фыз си къуэ Исхьэкъ.
[5]– Бзылъхугъэр си гъусэу мы щIыналъэм къэкIуэну хуэмеинкIи
хъунущ, – жриIащ абы унэIутым, – апхуэдэу хъумэ, езгъэгъэзэжын
хуей уи къуэм уэ укъызэрыкIа щIыналъэм?
[6]– Сакъ, йомыгъэгъэзэж абы си къуэм, -жриIащ абы Ибрэхьим.
[7]Зиусхьэну уафэм и Тхьэм, си адэм и унэмрэ сэ сызыщалъхуа щIы-
налъэмрэ сыкъизышам, икIи «Уэ къыптехъукIыну бынхэм естынщ
мы щIыналъэр» жиIэурэ псалъэ быдэ къызэзытам – Абы нигъэкIуэ-
нущ Езым и мелыIычыр уяпэ иту, уэри къыхуэпшэнущ фыз си
къуэм, абы щыщу. [8]Ауэ фызым уи гъусэу къэкIуэну имыдэмэ, уэ
хуит ухуэхъужынущ уэ къысхуэпщIа мы тхьэлъанэм; си къуэм йо-
мыгъэгъэзэж закъуэ абы.
[9]Арати, унэIутым и Iэр и зиусхьэн Ибрэхьим и куэ щIагъым
щIилъхьэри, тхьэлъанэ ищIащ абыкIэ. [10]ИтIанэ унэIутым езым и
зиусхьэным и махъшэхэм ящыщу махъшипщI къыхихури, ежьащ.
Апхуэдэуи абы здришэжьащ и зиусхьэным и хъугъуэфIыгъуэ зэ-
мылIэужьыгъуэхэр. Ар ежьэри кIуащ Месопотамием, Нахъор зи
цIэ къалэм.
[11]КъыщигъэувыIащ махъшэхэр къалэбгъум, абы дэмыхьэу, псы-
къуийм деж, пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу, бзылъхугъэхэм псы къра-
гъэхъуэну къыщыдэкI зэманым. [12]ЖиIащ абдеж:
– Зиусхьэн, си тепщэ Ибрэхьим и Тхьэ! Нобэ си Iуэху къигъэкI,
фIы къыхуэщIэ си тепщэ Ибрэхьим. [13]Мыбдежым сыбгъэдэтщ сэ
псы къыщIэжыпIэм, къалэдэсхэм япхъухэри къыдокI псы къра-
гъэхъуэну; [14]Иджы «КъэгъэщIейт уи кхъуэщыныр, псы сефэнущи»
зыжесIэу, «Ефэ, сэ уи махъшэхэри езгъэфэнщ», къызжезыIэжыну
пщащэр арщ Уэ хухэпхар Уи IурыщIэ Исхьэкъ; икIи абыкIэ къэс-
щIэнущ си зиусхьэным Уэ фIы къызэрыхуэпщIэр.
[15]Абы и псалъэр нимыгъэсауэ, къыдэкIащ Ребеккэ, Ибрэхьим и
къуэш Нахъоррэ и фыз Милкъэрэ я къуэ Бэтуел и пхъур, и кхъуэ-

щыныр и дамэм тету. [16]Пщащэр теплъэкIэ дахэкIейт, лIым имыцIыхуа хъыджэбзт. Ар псы къыщIэжыпIэм къыIухьэщ, и кхъуэщыным псы къригъахъуэри, ежьэжащ. [17]УнэIутыр абы пежажьэри, жриIащ:

– Сегъафэт уи кхъуэщыным ит псым щыщ тIэкIу.

[18]– Ефэ, си зиусхьэн, – жиIащ абы.

Кхъуэщыныр и дамащхьэм кърихьэхри псы иригъэфащ ар. [19]Ар псы иригъэфа нэужь, Ребеккэ жиIащ:

– Сэ уи махъшэхэми псыкъуийм псы къахуисхынщ, абыхэм загъэнщIыху.

[20]Кхъуэщыным ита псыр хьэкхъуафэм ирикIэри, аргуэру бгъэдэлъэдащ псыкъуийм, псы кърихыну, апхуэдэурэ псы кърихащ абы и махъшэ псоми папщIэ. [21]Ибрэхьим и унэIутыр еплъырт абы, игъэщIагъуэу, зиущэхуауэ, Зиусхьэным абы и гъуэгур иузэщIарэ имыузэщIарэ къищIэну хуейуэ. [22]Махъшэхэм псы ефэн щаухым, а лIым къищтащ дыщэ ахъшэ ныкъуэ зи хьэлъагъ* дыщэ тхьэгъурэ абы и Iэхэм ирилъхьэн дыщэ IэпщэхъуитIрэ дыщэ ахъшипщI я хьэлъагъыу*. Ахэр пщащэм иритащ итIанэ.

[23]ЖиIащ абы итIанэ:

– Хэт урипхъу уэ? КъызжеIэт сэ; уи адэм и унэм щыIэу пIэрэ дэ нэху дыкъыщекIын щIыпIэ?

[24]– Сэ срипхъущ Милкъэ Нахъорым къыхуилъхуа Бэтуел, – къыжриIащ абы.

[25]АдэкIи абы къыжриIащ:

– Дэ диIэщ хьэуазэ куэди Iуси; щыIэщ нэху фыкъыщекIын щIыпIи.

[26]Ар щыжиIэм, иритащ унэIутым дыщэ тхьэгъурэ дыщэ IэпщэхъутIрэ. Зигъэщхъащ абдеж а лIым, щхьэщIэ хуищIащ Зиусхьэным. [27]Мыр жиIэри:

– ЩIыхьышхуэр ейщ Зиусхьэну Ибрэхьим и Тхьэм, и фIыгъуэрэ и пэжыгъэрэ си тепщэр хэзымыгъэнам, – жиIащ абы. – Зиусхьэным гъуэгу занщIэкIэ сыкъыхуишащ си тепщэм и Iыхьлыхэм я унэм.

[28]Пщащэр жэрыгъэкIэ кIуэжри, хъыбарыр щиIуэтэжащ и анэм и унэм. [29, 30]Ребеккэ иIэт дэлъху, Лабан и цIэу. И шыпхъум и тхьэгъумрэ абы и Iэхэм илъ Iэпщэхъухэмрэ къыщилъагъум, «Апхуэдэу къызэпсэлъащ а лIыр» жиIэурэ Ребеккэ къиIуэтэжыр щызэхихым, Лабан къыдэжри къэкIуащ а лIым деж, псы къыщIэжыпIэм. Ар

*24:22 дыщэ ахъшэ ныкъуэ зи хьэлъагъ – грамм 6-м хуэдиз.

*24:22 дыщэ ахъшипщI я хьэлъагъыу – грамм 115-м хуэдиз.

щытщ махъшэхэм ябгъэдэту псы къыщIэжыпIэм деж. [31]– Къеблагъэ, Зиусхьэным и нэфI зыщыхуа, – жиIащ Лабан, – Сыт уэрамым ущIыдэтыр? Сэ къэзгъэхьэзыращ унэри махъшэхэм папщIэ увыIэпIэри.

[32]Арати, еблэгъащ ар. Лабан къатрихащ махъшэхэм уанэхэр, яритащ абыхэм хьэуазэрэ Iусрэ, яритащ псы а цIыхуми, абы и гъусэ цIыхухэми я лъакъуэхэр иратхьэщIыну. [33]ИтIанэ хуагъэуващ абы шхын; ауэ абы жиIащ:

– Сышхэнукъым си Iуэхур къэзмыIуатэу.

– КъэIуатэ, – жаIащ мыдрейхэм.

[34]– Сэ Ибрэхьим сриунэIутщ, -жиIащ абы. [35]– Зиусхьэным икъукIэ и нэфI къыщыхуащ си тепщэм, икIи ар хъуащ щэджащэ. Езым кърitащ абы мэлхэри выхэри, дыжьыни дыщи, унэIут цIыхухъухэри унэIут бзылъхугъэхэри, махъшэхэри шыдхэри. [36]Сарэ, си тепщэм и фызым, жьы хъуауэ си тепщэм къыхуилъхуащ къуэ, езым бгъэдэлъу хъуар зритар. [37]ИкIи сигъэщIащ си тепщэм тхьэлъанэ, мыр жиIэри: «Къыхуумышэ си къуэм зи щIыналъэм сыщыпсэу ханаан цIыхухэм япхъухэм ящыщ фызу; [38]АтIэ си адэм и унэмрэ си Iыхьлыхэмрэ я деж кIуэи, къыхуэшэ си къуэм фыз».

[39]– Сэ жесIащ си тепщэм: «Си гъусэу бзылъхугъэр къысхуэмыкIуэнри хэлъщ». [40]Абы къызжиIащ сэ: «Зи пащхьэ сэ сыщызекIуэ Зиусхьэным ныбдигъэкIуэнущ Езым и мелыIычыр, уи гъуэгу махуэ хъунущ, уэри къахэпшынущ си къуэм папщIэ фыз сэ къыздалъхуахэм, къипшынущ ар си адэм и унэм. [41]Си Iыхьлыхэм я деж укIуа нэужь, пщхьэщызох си тхьэлъанэр, абыхэм къуамытмэ, пщхьэщызох тхьэлъанэр».

[42]– Арати, сыкъэкIуащ сэ иджы псы къыщIэжыпIэм, икIи жысIащ: «Зиусхьэн, си тепщэ Ибрэхьим и Тхьэ! Сэ сызэрыкIуэ гъуэгур Уэ махуэ пщIымэ, [43]иджы мыбдежым, сэ сыIутщ псы къыщIэжыпIэм. Пщащэу псы кърigъэхъуэну къыдэкIыу сэ: “Уи кхъуэщыным ит псым щыщ тIэкIу сегъафэт” зыжесIэр, [44]“Уэри ефэ, уи махъшэхэми папщIэ псы къисхынщ”, къызжезыIэжыращ фызу Зиусхьэным си тепщэм и къуэм хухихар».

[45]– Иджыри сухатэкъым ар жысIэн сигукIэ, абдеж, мис, ныдэкIащ Ребеккэ, и кхъуэщыныр и дамащхьэм тету, псы къыщIэжыпIэм щхьэщыхьэри псы кърigъэхъуащ; сэри жесIащ абы: «Сегъафэт». [46]Абы и къуэщыныр занщIэу иригъэувэхри жиIащ: «Ефэ; уи махъшэхэри сэ езгъэфэнщ». Сэри сефащ, махъшэхэри абы псы иригъэфащ. [47]Сэ сеупщIащ абы, мыпхуэдэу жысIэри: «Хэт ури-

пхъу уэ?» Абы жиIащ: «Нахъор и къуэ Бэтуелу абы Милкъэ къыху-
илъхуам срипхъущ». Сэ абы естащ тхьэгъурэ и Iэхэм щхьэкIэ Iэп-
щэхъуитIрэ. 48Зызгъэщхъри згъэлъэпIащ сэ Зиусхьэныр, щIыхьи
хуэсщIащ Зиусхьэным, си тепщэ Ибрэхьим и Зиусхьэну си тепщэм
и къуэшым и пхъур абы и къуэм хуэсшэн папщIэ, гъуэгу занщIэкIэ
сыкъэзышам. 49Иджы къызжефIэ, фи мураду пIэрэ фэ си тепщэм
фIыгъуэрэ пэжыгъэрэ хуэфщIэну, хьэмэрэ фи мымурадрэ; къызже-
фIэ ари, сэ згъэзэнщ ижьымкIэ е сэмэгумкIэ.

50Жэуап къатащ Лабанрэ Бэтуелрэ, мыр жаIэурэ:

– Зиусхьэным къыбгъэдэкIащ мы Iуэхур; дэ тхузэфIэкIынукъым
абы дыпэрыуэу IейкIи фIыкIи зыгуэр жытIэну. 51Ребеккэ уи пащ-
хьэм итщ; здэши, кIуэж; хурехъу ар фыз уи тепщэм и къуэм, Зиус-
хьэным зэрыжиIауэ.

52Ибрэхьим и унэIутым абыхэм я псалъэхэр щизэхихым, щIы-
гум нэсу щхьэщэ хуищIащ Зиусхьэным. 53УнэIутым дыжьын хьэп-
шыпхэри, дыщэ хьэпшыпхэри, щыгъынхэри кърихри, иритащ Ре-
беккэ; абы и дэлъхуми и анэми яритащ тыгъэ лъапIэхэр. 54ИтIанэ
ешхащ, ефащ ари абы и гъусэ цIыхухэри, нэхуи къыщекIащ абде-
жым. Пщэдджыжьым къыщытэджым, абы жиIащ:

– СывутIыпщыж си тепщэм деж.

55Ауэ абы и дэлъхумрэ и анэмрэ жаIащ:

– Иресыж пщащэр ди унэм махуипщI нэхъ мыхъуми; итIанэ уежьэжынщ.

56– Сывмыгъэгувэ, – яжриIащ унэIутым, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
Зиусхьэным махуэ ищIащ си гъуэгур; сывутIыпщыжи, сыкIуэжы-
нущ си тепщэм деж.

57– Пщащэр къедджэнщи, деупщIынщ жиIэнумкIэ, – жаIащ абыхэм.

58Ребеккэ къраджэри, жраIащ абы:

– УкIуэну мы цIыхум уригъусэу?

– СыкIуэнущ, – жиIащ абы.

59Арати, яутIыпщащ я шыпхъу Ребеккэри, ар зыпIа бзылъхугъэ-
ри, Ибрэхьим и унэIутри, абы и цIыхухэри. 60Тхьэм и нэфI къыщы-
хуэну хуелъэIуащ Ребеккэ, мыр жраIэри:

– Ди шыпхъу!
КъыптрехъукI уэ минурэ минхэр,
къаIэщIрехьэ уэ къыптехъукIыну бынхэм
я бийхэм я лъапсэхэр!

61Ребекки абы и Іуэхутхьэбзащ1э бзылъхугъэри тэджри, махъ-
шэхэм шэсащ, икІи ежьащ а цІыхум и ужьым иту. УнэІутым Ребек-
кэ зыщІигъури, ежьэжащ.

62Исхьэкъ къикІащ Бэр-Лахай-Рой; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ар
щыпсэурт Нэгэв губгъуэ нэщІым. 63Пщыхьэщхьэ хъуауэ, Исхьэкъ
губгъуэм ихьащ гупсысэну; и напІэхэр иІэту къыщыдэплъейм,
къилъэгъуащ: къокІуэ махъшэхэр. 64Ребеккэ плъэри, Исхьэкъ къы-
щилъагъум, къепсыхащ махъшэм. 65ЖриІащ абы унэІутым:

– Хэт губгъуэм иту мо цІыху къытхуэкІуэр?

– Ар си тепщэр арщ, – жиІащ унэІутым.

Абдеж абы щхьэтепхъуэр къиштэри зытрипхъуащ.

66УнэІутым Исхьэкъ хуиІуэтэжащ езым ищІа псори. 67ЩІишащ
Исхьэкъ ар езым и анэ Сарэ и шэтырым; икІи екІуэлІащ Ребек-
кэ, екІуалІэри хъуащ ар абы и фыз. Исхьэкъи ар фІыуэ илъэ-
гъуащ; апхуэдэуи щхьэщыкІащ Исхьэкъ езым и анэм папщІэ иІэ
гукъеуэр.

### Къэтурэ Ибрэхьим къыхуилъхуа бынхэмрэ Ибрэхьим зэрылІамрэ

25 Къишащ Ибрэхьим аргуэру фыз, Къэтурэ и цІэу. 2Къэтурэ
къыхуилъхуащ абы Зимран, Иокъшан, Мэдан, Мидиан,
Ищбакъ, Шыуахъ сымэ. 3Иокъшан къыхуэхъуащ Щэбэрэ Дедан-
рэ. Дедан къытехъукІахэр: ашур цІыхухэр, лэтуш цІыхухэр, лэум
цІыхухэр. 4Мидиан и къуэхэр: Іэфэ, Іэфэр, Хъанох, АбидаІ, ЕлдаІа.
Ахэр псори Къэтурэ къытехъукІащ.

5Ибрэхьим езым бгъэдэлъу хъуар Исхьэкъ иритащ. 6Ибрэхьим
унэІуту иІа бзылъхугъэхэм я къуэхэми яритащ саугъэтхэр. ИтІа-
нэ езыр псэу щІыкІэ, бгъэдигъэкІащ ахэр Исхьэкъ, езым и къуэм
пэжыжьэу, къуэкІыпІэмкІэ щыІэ щІыналъэмкІэ игъэкІуащ.

7Ибрэхьим къигъэщІащ илъэсищэрэ блыщІрэ тхурэ.

8Дунейм ехыжащ Ибрэхьим; жьыщхьэ махуэ хъуауэ, и ныб-
жьыр хэкІуэтэпауэ, гъащІэм гу щихуауэ лІащ ар, хыхьэжащ езым
и лъэпкъым.

9ЩыщІалъхьэжащ ар абы и къуэхэу Исхьэкърэ Исмэхьилрэ хет
лъэпкъым щыщ Цохар и къуэ Ефрон и губгъуэу Мамрэ пэщылъым
щыІэ Махпелэ бгъуэнщІагъым. 10А губгъуэращ хет цІыхухэм я
деж Ибрэхьим къыщищэхуауэ щытар. Абдежым щыщІалъхьэжащ

Ибрэхьими абы и фыз Сари я хьэдэхэр. [11]Ибрэхьим лIа нэужь,
Тхьэм и нэфI къыщыхуащ абы и къуэ Исхьэкъ. Исхьэкъ щыпсэурт
Бэр-Лахъай-Рой деж.

## Исмэхьил къытехъукIахэр

[12]Мис Ибрэхьим и къуэу Исмэхьил къытехъукIа цIыхухэр; Ис-
мэхьил Сарэ и IунэIут бзылъхугъэ Хьэджэр, Мысырым щыщым,
Ибрэхьим къыхуилъхуа къуэр.
[13]Аращи, мис Исмэхьил и къуэхэм я цIэхэр, ахэр къызэралъхуам
елъытауэ: Исмэхьил и щыпэлъху Нэбаиот, абы и ужькIэ Къэдар,
Адбэл, Мибсам, [14]МишмаI, Думэ, Масэ, [15]Хъадад, Тэма, Етур,
Нафиш икIи Къэдэмэ. [16]Ахэр Исмэхьил и къуэхэщ, икIи ахэрщ я
цIэхэр, я жылэхэм, я куэшыпIэхэм елъытауэ. Ахэр я лъэпкъхэм я
пщы пщыкIутIщ.
[17]Исмэхьил и ныбжьыр хъурт илъэсищэрэ щэщIрэ блырэ; ду-
нейм ехыжащ ар, лIащ, хыхьэжащ езым и лъэпкъым. [18]Ахэр щып-
сэуащ Хьауилэ щыщIэдзауэ Мысырым пэщылъ Шурэм нэсу, Ашур
ущыхуэкIуэкIэ. Ахэр зэгурымыIуэныгъэкIэ псэуащ.

## Эсаурэ Екъубрэ Ребеккэ къызэрыхуэхъуар

[19]Мис Исхьэкъ, Ибрэхьим и къуэм, къытехъукIа цIыхухэр.
Ибрэхьим къыхуэхъуащ Исхьэкъ. [20]Исхьэкъ илъэс плIыщI хъурт
абы Ребеккэ, Паддан-Арам щыщ арамей Бэтуел и пхъур, арамей Ла-
бан и шыпхъур, фызу къыщишам. [21]Зиусхьэным елъэIурт Исхьэкъ
езым и фызым папщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар лъхуэртэкъым; Зи-
усхьэным зэхихащ ар, арати, хъуащ лъэщыджэ Ребеккэ, абы и фы-
зыр. [22]Абы и къуэхэр и ныбэм щыныкъуакъуэ хъуати, абы жиIащ:

– Апхуэдэу хъунумэ, сыткIэ сыхуей абы?
ИкIи кIуащ еупщIыну Зиусхьэным. [23]Зиусхьэным
къыжриIащ абы:
– ЛъэпкъитI илъщ уи кIуэцIым,
лъэпкъышхуэ зэныкъуэкъуу тIу къикIынущ уи ныбэм,
зы лъэпкъыр хъунущ адрейм нэхърэ нэхъ лъэщ,
нэхъыжьыр хуэлэжьэнущ нэхъыщIэм.

[24]Къэсащ, арати, абы и лъхуэгъуэр: икIи, мис, затIолъхуэныкъуэ-
хэр абы и ныбэм илъщ. [25]Япэрейр ныбэм къикIащ плъыжьу, фэм

хуэдэу цыбэу; фIащащ абы цIэуэ Эсау. [26]ИтIанэ ныбэм къикIащ
абы и къуэшыр, и IэмкIэ Эсау и лъэдакъэр иIыгъыу; фIащащ абы
цIэуэ Екъуб*. Исхьэкъ илъэс хыщI хъурт, ахэр къыщалъхуам.

**Эсау и щыпэлъхугъэр зэрищар**

[27]Сабийхэм я ныбжь нэсри, Эсау хъуащ хьэкIэкхъуэкIэ къэубыдыным хуэIэзэ цIыху, губгъуэлI; Екъуб хъуащ цIыху Iэсэ, шэтырхэм щыпсэууэ. [28]Исхьэкъ фIыуэ лъагъурт Эсау, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы къиущэкIухэр фIэIэфIт; Ребеккэ фIыуэ илъагъур Екъубт.

[29]ПщэфIащ Екъуб махуэ гуэрым, Эсау губгъуэм ешауэ къыщикIыжым.

[30]ЖриIащ Эсау Екъуб:

– Къызэт сшхыну плъыжьыр, мо плъыжьыр; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сешащ, – жриIащ Эсау Екъуб. Абы къыхэкIыу абы фIащащ цIэ лей: Эдом*.

[31]Ауэ Екъуб жиIащ:

– Къызэщэ иджы уи щыпэлъхур.

[32]– Мис, сэ солIэ, сыт къысхуищIэжынур щыпэлъхум? – жиIащ Эсау.

[33]– Тхьэлъанэ къысхуэщI иджыпсту, – жиIащ Екъуб.

Абы тхьэлъанэ къыхуищIащ икIи кърищащ щыпэлъхур Екъуб.

[34]ИтIанэ иритащ Екъуб Эсау щIакхъуи джэшым къыхэщIыкIа шхыныгъуэри. Модрейри ешхэщ, ефэщ, тэджри ежьэжащ; щыпэлъхум и хуитыныгъэм апхуэдизэу уасэ хуищIакъым Эсау.

**Исхьэкърэ Абимэлэхрэ**

**26** Къыщыхъуащ щIыналъэм гъаблэ, Ибрэхьим и махуэхэм щыIэгъа гъаблэм нэхърэ нэхъ Iеижу; арати, кIуащ Исхьэкъ Филишт пащтыхь Абимэлэх деж, Гъэрар хэкум.

[2]Зиусхьэныр Исхьэкъ къыхуэлъагъуэри, къыжриIащ:

– УмыкIуэ Мысырым; щыпсэу Сэ ныбжесIэну щIыналъэм. [3]А
хэкум щыпсэу; Сэри сыуигъусэнущ, си нэфIи пщыхуэнущ; уэри уэ
къыптехъукIынухэми фэстынущ мы щIыналъэ псори, къэзгъэщыпкъжынущ псалъэ быдэу Сэ уи адэ Ибрэхьим жесIар. [4]Згъэбэгъуэ-

*25:26 Екъуб – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: абы лъэдакъэр иIыгът.

*25:30 Эдом – пасэрей журтыбзэмкIэ абы къикIыр: плъыжьщ.

нущ уэ къыптехъукIыну цIыхухэр уафэм ис вагъуэхэм я бжыгъэм
хуэдизу, естынущ уэ къыптехъукIыну цIыхухэм мы щIыналъэ псо-
ри; уэ къыптехъукIыну цIыхухэм я хьэтыркIэ дунейм и лъэпкъ
псоми си нэфI ящыхуэнущ. 5Ибрэхьим Си псалъэм къызэредэIуам
папщIэ икIи Сэ абы и пщэм дэслъхьар зэригъэзэщIам папщIэ: Си
унафэхэр, Сэ хуэзгъэувахэр икIи Си хабзэхэр».

6Исхьэкъ щытIысащ Гъэрар хэкум деж. 7А щIыпIэм щыпсэухэр
къыщеупщIам абы езым и фызым папщIэ, абы жиIащ:

– Ар си шыпхъущ.

Ар шынэрт «Сэ си фызщ» жиIэну. А щIыпIэм щыпсэухэм Ребек-
кэ щхьэкIэ самыукIын папщIэ, жиIэри егупсысащ ар, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ ар и теплъэкIэ дахащэт.

8Зэман куэдкIэ ар абдежым щыпсэуауэ, Филишт пащтыхь Аби-
мэлэх щхьэгъубжэм дэплъри къилъэгъуащ Исхьэкъ Ребеккэм, и
фызым, зэрыдэджэгур. 9Арати, Абимэлэх Исхьэкъ къриджэри,
жиIащ:

– Ар уи фызщ; атIэ уэ дауэ жыпIа: «Ар си шыпхъущ» жыпIэу?

– Сэ сегупсысащ: сытемыкIуэдакIэщэрэт сэ абы, – жриIащ Ис-
хьэкъ абы.

10– Сыт уэ къыдэпщIар? – жиIащ Абимэлэх. – Дэ тщыщ гуэр уи
фызым еIэбатэмэ, гуэныхьым дыхэбдзэнут уэ.

11Абдеж Абимэлэх зэрылъэпкъыу унафэ яхуищIащ, мыр жиIэ-
ри:

– Хэт мы цIыхуми абы и фызми еIэбми, абы ажал лъысынущ.

12Исхьэкъ а щIыналъэм итIысхьащ, гъавэ щисэри къытрихащ а
гъэм хьэуэ хуэдищэкIэ нэхъыбэ: апхуэдэу и нэфI къыщыхуащ абы
Зиусхьэным. 13Исхьэкъ мылъку куэд зэхуихьэсри, къулей дыдэ
хъуащ. 14Абы иIэт Iэщ цIыкIу хъушэхэри, Iэщышхуэ хъушэхэри,
унэIут куэди лэжьакIуэ куэди, филишт цIыхухэм щIадзащ абы
къефыгъуэу. 15Арати, абы и адэ Ибрэхьим щыпсэум щыгъуэ абы и
унэIутхэм къатIауэ щытыгъа псыкъуийхэр филишт цIыхухэм ира-
гъэуэжащ, ягъэсеижащ.

16ИтIанэ Абимэлэх жриIащ Исхьэкъ:

– ТхэкI дэ; уэ ухъуащ дэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъэщ.

17Арати, Исхьэкъ абдежыр къибгынэри, щигъэуващ шэтырхэр
Гъэрар аузым, щищIащ псэупIэ абдежым. 18Исхьэкъ и адэ Ибрэ-
хьим щыпсэум къатIауэ щытыгъа икIи Ибрэхьим лIа нэужь филишт
цIыхухэм иратхъуэжа псыкъуийхэр аргуэру къитIыжри, абыхэм
яфIищыжащ езым и адэм яфIищауэ щыта цIэхэр.

19Исхьэкъ и унэIутхэр махуэ гуэрым аузым щытIэурэ къыщагъуэ-
тащ абдежым псыфI зэрыт псыкъуий. 20Къедауэрт гъэрар Iэщы-
хъуэхэр Исхьэкъ и Iэщыхъуэхэм, «Псыр дыдейщ» жаIэурэ. Арати,
абы псыкъуийм Iэсэкъ* цIэуэ фIищащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къе-
дэуащ абы. 21ИтIанэ къратIыкIащ нэгъуэщI псыкъуий; абы папщIи
къедауэрт; абыи фIищащ цIэуэ Ситнэ*. 22Абдежым иIэпхъукIри,
къитIащ Исхьэкъ нэгъуэщI псыкъуий, абы папщIэ къедэуэжакъым;
икIи фIищащ абы цIэуэ Рехьовот*, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, жиIащ
абы, «Зиусхьэным дэ иджы щIыпIэ хуит къыдитащи, дыщыбэгъуэ-
нущ щIылъэм».

23Абы икIри кIуащ ар Бэр-Шэвэ. 24А жэщ дыдэм абы Зиусхьэныр
къыхуэлъагъуэри, къыжриIащ:

– Сэращ уи адэ Ибрэхьим и Тхьэр; умышынэ, Сэ сыуигъусэщ;
сэ си нэфI пщыхуэнурэ згъэбэгъуэнущ уэ къыптехъукIыну бынхэр,
Си IурыщIэ Ибрэхьим и хьэтыркIэ.

25Абы абдежым къурмэнщIыпIэ щиухуэри, елъэIуащ Зиусхьэ-
ным. Щигъэуващ абдеж и шэтырыр, Исхьэкъ и унэIутхэми къы-
щатIащ абдежым псыкъуий.

26ИтIанэ Гъэрар къикIри Исхьэкъ къыхуэкIуащ Абимэлэх, абы и
ныбжьэгъу Ахузати, абы и дзэпщ Пихоли.

27– Сытым щхьэкIэ фыкъысхуэкIуа фэ, – яжриIащ абыхэм Ис-
хьэкъ, – сэ сыкъэфлъагъу мыхъуу икIи сыкъызыхэвгъэкIауэ?

28– Дэ нахуэу къэтлъэгъуащ Зиусхьэныр уэ уи гъусэу зэрыщы-
тыр, – жаIащ абыхэм, – абы къыхэкIыуи дэ житIащ: уэрэ дэрэ
тхьэлъанэ зэдэтщIынщи, дызэгухьэнщ. 29Уэ бзаджагъэ къыдумы-
щIэну, дэри уэ дызэрыномыIэбам, дифI фIэкIа зэрумылъэгъуам,
мамырыгъэкIи узэрыдутIыпщыжам хуэдэу; Зиусхьэным и нэфI
къыпщыхуащ уэ иджы.

30Абы яхуигъэуващ абыхэм гухэхъуэ Iэнэр, ахэри ешхащ, ефащ.
31Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджри, тхьэлъанэ зэдащIащ; арати,
иутIыпщыжащ Исхьэкъ ахэр, мыдрейхэри къыбгъэдэкIыжащ абы
мамырыгъэкIэ.

32А махуэ дыдэм Исхьэкъ и унэIутхэр къакIуэри абы хъыбар
кърагъэщIащ псыкъуий къызэратIамкIэ, «Дэ къэдгъуэтащ псы»
къыжраIащ.

*26:20 Iэсэкъ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: зэныкъуэкъу.
*26:21 Ситнэ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: зэбиинығъэ.
*26:22 Рехьовот – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: щIыпIэ хуит.

33Абы фIищащ цIэуэ Щивэ*. Абы къыхэкIыу нобэр къыздэсым а
къалэм и цIэщ Бэр-Шэвэ*.

### Хамэ цIыхубзу Эсау фыз хуэхъуахэр

34Эсау, илъэс плIыщI хъуауэ, къишащ фызу хет цIыху Берый
ипхъу Ехьудит икIи хет цIыху Елон ипхъу Басмат. 35Ахэр къехьэ-
лъэкIырт Исхьэкърэ Ребеккэрэ.

### Исхьэкъ и нэфI Екъуб къызэрыщцыхуар

27 Исхьэкъ жьы икIи набгъэ щыхъум, и къуэ нэхъыжь Эсау
къриджэри, жриIащ абы:

– Си къуэ!

– Сымис сэ, – жиIащ адрейм.

2– Мис, сэ жьы сыхъуащ. – жиIащ Исхьэкъ. – СыщылIэну махуэр
сщIэркъым. 3Къащтэ иджы уи Iэщэхэр, уи шабзалъэри уи шабзэри,
губгъуэм кIуэи, къысхуэщэкIу губгъуэ псэущхьэ. 4Шхыныгъуэу сэ
фIыуэ слъагъур схуэгъэхьэзыри, къысхуэхь сшхыну, сылIэн и пэ си
нэфI къыпщызгъэхуэн папщIэ.

5Ребеккэ зэхихащ Исхьэкъ езым и къуэ Эсау жриIар. Арати,
псэущхьэ къищэкIуу къихьыну Эсау губгъуэм щыкIуэм, 6Ребеккэ
жриIащ и къуэ Екъуб:

– Сэ зэхэсхащ уи адэм уи къуэш Эсау мыпхуэдэу зэрыжриIар:
7«Къысхуэхь губгъуэ псэущхьи, схуэгъэхьэзыр шхыныгъуэ, сэ
сышхэнщ, Зиусхьэным и пащхьэ и нэфI къыщыпщызгъэхуэн щхьэ-
кIэ». 8Иджы, си къуэ, къедаIуэ си псалъэхэу сэ унафэ зэрыпхуэс-
щIхэм. 9Iэхъушэм кIуэи, къысхуэхь хэплъыхьауэ чыцI цIыкIуитI;
хуэспщэфIынщ уи адэм фIыуэ илъагъу шхыныгъуэр; 10Уи адэм ар
хуэпхьынщи, ишхынщ, езыр лIэн и пэкIэ и нэфI къыпщигъэхуэн
папщIэ.

11АрщхьэкIэ Екъуб жриIащ Ребеккэ, и анэм:

– Эсау, си къуэшыр, цIыху цыбэщ, ауэ сэ сыджафэщ. 12КъыстеIэ-
бэнкIэ хъунущ си адэр; итIанэ сыщыхъунущ абы и пащхьэм пцIы-
упс, сэ къыслъысынури нэлатщ, и нэфI къысщыхуэнукъым.

*26:33 Щивэ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: тхьэрыIуэщ.

*26:33 Бэр-Шэвэ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: тхьэрыIуэ псынэщ.

13– Сэ къыслъэрес уэ уи нэлатыр, си къуэ, – къыжриIащ и анэм
абы, – ауэ къедаIуэ си псалъэм, кIуэи, къысхуэхь.

14Екъуб кIуэщ, чыцIхэр къищтэри къыхуихьащ и анэм; абы и
анэм ищIащ абы и адэм фIыуэ илъагъу шхыныгъуэр. 15ИтIанэ Ре-
беккэ и къуэ нэхъыжь Эсау и щыгъын дэгъуэу и унэм щIэлъыр къы-
щтэри щитIэгъащ ар и къуэ нэхъыщIэ Екъуб. 16Ауэ абы и Iэхэми и
пщэ пцIанэми къришэкIащ чыцI цIыкIухэм я фэр. 17ИкIи IэщIилъ-
хьащ и къуэ Екъуб езым игъэхьэзыра шхыныгъуэмрэ щIакхъуэм-
рэ.

18Ар и адэм деж щIыхьэри, жиIащ:

– Си адэ!

– Сымис сэ; уэ ухэт, си къуэ? – жиIащ адрейм.

19– Сэ сы-Эсаущ, уи щыпэлъхурщ, – жриIащ Екъуб и адэм, – сэ
сщIащ уэ зэрыжыпIауэ; зыкъэIэт, къэтIыс, къызэфIэтIысхьи, шхы
си губгъуэ псэущхьэр, уи нэфI къысщыбгъэхуэн папщIэ.

20– Сыту псынщIэу ар къэбгъуэта, си къуэ! – еупщIащ Исхьэкъ
и къуэм.

– Зиусхьэну уи Тхьэм къыспригъэжьати, аращ, – жиIащ абы.

21– Къызбгъэдыхьэ, сэ сыноIэбынщ, си къуэ, Эсаур уэрауэ пIэрэ
хьэмэрэ уэрмырарэ? – жриIащ Исхьэкъ Екъуб.

22Екъуб бгъэдыхьащ Исхьэкъ, и адэм; ар къытеIэбащ абы, икIи
жиIащ:

– Макъыр Екъуб ейщ, ауэ Iэхэр Эсау ейщ.

23КъицIыхужакъым ар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы и Iэхэр яхуэ-
дэт и къуэш Эсау и Iэхэм, цыбэу; арати, и нэфI къыщигъэхуэну
хэтащ.

24– Уэра си къуэ Эсаур? – аргуэру еупщIащ ар.

– Сэращ, – жэуап итащ абы.

25– Къызэт, сэ сшхынщ губгъуэ псэущхьэм щыщ, си нэфI къып-
щыхуэн папщIэ, – жиIащ Исхьэкъ

Екъуб иритри, ар шхащ; къыхуихьащ абы сани, абыи ефащ.
26ИтIанэ Исхьэкъ, абы и адэм, къыжриIащ:

– Къызбгъэдыхьэ, ба къысхуэщI, си къуэ.

27Екъуб бгъэдыхьэри, и адэм ба хуищIащ. Абдеж Исхьэкъ
къыщIихьащ абы и щыгъыным и мэр, икIи и нэфI щигъэхуащ абы,
мыр жиIэурэ:

– Мис си къуэм и мэр,
Зиусхьэным и нэфI зыщыхуа
губгъуэм и мэм хуэдэр.

28Кърыует Тхьэм уэ
уэсэпсым къыхэкIри щIы пшэрым къыхэкIри,
гъавэ куэди санэ куэди.
29Къыпхурелажьэ цIыху лъэпкъхэр,
зыкъыпхурагъэщхъ цIыху лъэпкъ цIыкIухэм;
яхуэхъу зиусхьэн уи Iыхьлыхэм,
зыкъыпхурагъэщхъ уи анэм и къуэхэми;
уэ нэлат къозыххэм нэлат ялърес;
уэ зи нэфI къыпщызыгъахуэхэм Тхьэм и нэфI къащрехуэ.

## Исхьэкъ и нэфI Эсау къызэрыщыхуар

30Исхьэкъ и нэфI Екъуб щыхуэри, Екъуб и адэ Исхьэкъ и пащ-
хьэ къикIыжа къудейуэ, Эсау, абы и къуэшыр, къикIыжащ щакIуэ.
31Игъэхьэзыращ абыи шхыныгъуэр, и адэм хуихьри жриIащ:

– Къэтэджи, си адэ, шхы уи къуэм и губгъуэ псэущхьэр, уи нэфI сэ къысщыбгъэхуэн папщIэ.

32– Уэ ухэт? – къыжриIащ Исхьэкъ, абы и адэм.

– Сэ сыуикъуэщ, уи щыпэлъху Эсаущ, – жиIащ абы.

33Абдеж Исхьэкъ хуабжьу къэщтауэ къэкIэзызри, жиIащ:

– Хэт атIэ адрейр, губгъуэ псэущхьэ къэзыщэкIуу къысхуэзыхьар? Уэ укъэкIуэжын и пэ а псом щыщи сшхыуэ си нэфIи щызгъэхуащ абы. Аращ иджы си нэфIыр зылъысынур.

34Эсау и адэм и псалъэхэм щIэдэIури, игу хуабжьу хэщIауэ, макъышхуэкIэ и адэм жриIащ:

– Си адэ! Уи нэфI къысщыгъахуэ сэри.

35Ауэ Исхьэкъ жиIащ:

– Уи къуэшыр къакIуэри си нэфI хьилагъэкIэ зыщигъэхуащ.

36ЖиIащ итIанэ мыдрейм:

– Техуэркъэ абы Екъуб цIэ зэриIэр – тIэунейрэ сыкъигъэпцIащ: си щыпэлъхугъэр ищтащ абы иджы, зылъигъэсащ уи нэфIыр.

АдэкIи жиIащ:

– АтIэ сэ къысхуумыгъэнэххауэ ара уи нэфI?

37Исхьэкъ жэуап кърitaщ Эсау:

– Сэ пхуэзгъэуващ ар зиусхьэну уэ, зэкIэ абы и Iыхьлыхэри хуэсщIащ унэIут; сетащ гъавэкIи фадэкIи; атIэ сыт уэ пхуэсщIэжынур, си къуэ?

38– Дауэ хъун, си адэ, – жриIащ Эсау и адэм, – уэ зы нэфI щыхуэныгъэ закъуэ фIэкIа уимыIэу? Уи нэфI къыслъыгъэс сэри, си адэ!

ИкӀи зригъэӀэтащ Эсау и макъым, къэгъащ ар. 39Абдеж жэуап
къитащ Исхьэкъ, абы и адэм, мыпхуэдэу къыжриӀэри:

– ЩӀым и пшэрми уафэм къех уэсэпсми
пэжыжьэу щыӀэнущ уи псэупӀэр.
40Упсэунущ уэ уи джатэмкӀэ,
ухуэлэжьэнущ уи къуэшым;
щыӀэнущ зэмани, абы упэщӀэувэу
и тепщэныгъэр уи пщэм щыдэбдзын.

## Эсау ӀэщӀэкӀыу Екъуб зэрыщӀэпхъуэжар

41Эсау илъагъу мыхъу хъуащ Екъуб, абы и адэм и нэфӀыр зэ-
рызыщигъэхуам папщӀэ; жиӀащ Эсау игукӀэ: «Къоблагъэ ди адэм
папщӀэ дыщыщыгъуэн махуэр; абы щыгъуэ сэ сыукӀынущ си
къуэш Екъуб».
42ЖраӀэжащ Ребеккэ и къуэ нэхъыжь Эсау и псалъэхэр; Арати,
Ребеккэ игъакӀуэри къригъэшащ и къуэ нэхъыщӀэ Екъуб, жриӀащ
абы:
– Уи къуэш Эсау уиукӀыну мэдалъэ. 43Аращи, си къуэ, иджы
къыщӀэдэӀу си псалъэхэм: зыӀэти, щӀэпхъуэж Харан хэкум щыпсэу
си дэлъху Лабан деж. 44Щыпсэу абы и деж зэман гуэркӀэ, уи къуэ-
шым и губжьыр ужьыхыжыху, 45уи къуэшым къыпхуиӀэ губжьыр
ужьыхыжу абы епщӀар щыгъупщэжыху. Абдежым сэ нэзгъэкӀуэн-
щи, укъисшыжынщ абы. Сытым щхьэкӀэ фысфӀэкӀуэдын хуей фэ
тӀури зы махуэм?
46ЖриӀащ Ребеккэ Исхьэкъ итӀанэ:
– Хет бзылъхугъэхэм щхьэкӀэ си гъащӀэри сфӀэӀэфӀыжкъым; мы
щӀыналъэм щыщ бзылъхугъэхэу мы хет бзылъхугъэхэм яхуэдэхэм
ящыщ Екъуб фызу къишэмэ, сыт сэ гъащӀэми сызэрыхуеижыр?

**28** Къриджащ Исхьэкъ Екъуб, и нэфӀ щигъэхуащ, унафэуи мыр
хуищӀащ:
– Къыумышэ ханаан цӀыхубзхэм ящыщ фызу. 2Тэдж, кӀуэ Пад-
дан-Арам, уи анэм и адэ Бэтуел и унэм, къиш абы фызу уи анэм и
дэлъху Лабан ипхъухэм ящыщ. 3Псори зыхузэфӀэкӀ Тхьэм и нэфӀ
къыпщрехуэ. Урегъэбагъуэ икӀи ухрегъахъуэ, къыптрехъукӀ уэ
цӀыху лъэпкъ куэдыр; 4Апхуэдэуи къыплърегъэс Тхьэм Ибрэхьим
къылъигъэса нэфӀыр, уэри уэ къыптехъукӀыну бынхэми, Тхьэм

Ибрэхьим кърита щIыналъэу уэ хамэу узыщыпсэур уэ къыпху-
энэжьыну.
5Арати, Исхьэкъ иутIыпщащ Екъуб, икIи ар кIуащ Паддан-
Арам, арамей лъэпкъым щыщ Бэтуел и къуэ, Екъубрэ Эсаурэ я анэ
Ребеккэ и дэлъху Лабан деж.

### Эсау Исмэхьил ипхъу къызэришар

6Эсау илъэгъуащ Исхьэкъ и нэфI Екъуб зэрыщигъэхуар икIи и
нэфI къыщигъэхуауэ ар Паддан-Арам, абы фыз кърищын папщIэ,
зэригъэкIуар, «Къыумышэ ханаан бзылъхугъэхэм ящыщ фызу»
жиIэуи абы унафэ зэрыхуищIар. 7Екъуб и адэмрэ и анэмрэ едаIуэу
Паддан-Арам зэрыкIуари илъэгъуащ Эсау. 8Абдеж къыгурыIуащ
Эсау ханаан бзылъхугъэхэр езым и адэ Исхьэкъ зэрыфIэмыфIыр.
9Арати, Эсау Исмэхьил деж кIуэри, къишащ фызу Махъалат,
Ибрэхьим и къуэ Исмэхьил и пхъур, Нэбаиот и шыпхъур, адрей и
фызхэм я щIыIужкIэ.

### Екъуб и пщIыхьэпIэр

10Екъуб Бэр-Шэвэ икIри кIуащ Харан. 11ЩIыпIэ гуэрым нэс-
ри къыщынащ абдежым нэху къыщекIыну, дыгъэр къухьати. А
щIыпIэм деж щылъ мывэхэм ящыщ зы къищтэщ, ар пIэщхьагъыу
игъэтIылъри, щыгъуэлъащ а щIыпIэм. 12Абдежым илъэгъуащ пщIы-
хьу: пкIэлъей тетщ щIылъэм, уафэм щIэуэу; Тхьэм и мелыIычхэри
къох икIи докIуей абыкIэ. 13ИкIи Зиусхьэныр абы ищхьэкIэ тетщи,
жеIэ:
– Зиусхьэныр, уи адэ Ибрэхьими Исхьэкъи я Тхьэр, Сэращ. Уэ
узытелъ щIыналъэр Сэ фэстынущ уэри къыптехъукIыну бынхэми.
14ИкIи хъунущ уэ къыптехъукIыну цIыхухэр щIылъэ пшахъуэм и
бжыгъэм хуэдизу куэд; щыпсэунущ ахэр къухьэпIэмкIи къуэкIы-
пIэмкIи, ищхъэрэкIи ипщэкIи; уэрэ уэ къыптехъукIыну цIыхухэм-
рэ фи хьэтыркIэ си нэфI ящызгъэхуэнущ дунейм и лъэпкъ псоми.
15Зыщумыгъэгъупщэ, Сэ сыуигъусэщ; икIи ущысхъумэнущ дэнэ
дежи, дэнэ укIуэми, икIи къозгъэгъэзэжынущ уэ мы щIыналъэм;
уи закъуэу укъэзгъэнэнукъым, бжэсIар Сэ згъэзэщIэху.
16Екъуб къызэщыури, жиIащ:

– Хьэкъщ Зиусхьэныр мы щIыпIэм зэрыщыIэр; ар сэ сщIакъым!

[17]ИкIи къэшынэри, жиIащ:

– Сыту шынагъуэ мы щIыпIэр! Мыр Тхьэ унэщ, мыр уафэхэм я куэбжэщ, армыхъу нэгъуэщIкъым.

[18]Къэтэджащ Екъуб пщэдджыжьым жьыуэ, пIэщхьагъыу игъэтIылъыгъа мывэр къиищтэри игъэуващ ар фэеплъу; трикIащ
абы и щхьэм дагъэ. [19]ФIищащ а щIыпIэм цIэуэ Бэтэл*; а къалэм
япэм и цIэу щытар Лузщ.

[20]Екъуб тхьэлъанэ ищIащ:

– Тхьэр си гъусэмэ, сэ сызытет гъуэгум сыкъыщихъумэмэ, сшхыну щIакхъуэрэ щыстIэгъэну щыгъынрэ къызитмэ, [21]икIи сэ
мамырыгъэкIэ си адэм и унэм згъэзэжмэ, абы щыгъуэ Зиусхьэныр
си Тхьэ хъунущ, [22]Фэеплъу сэ згъэувва мы мывэри хъунущ Тхьэм и унэ; Уэ, Тхьэ, тыгъэ къысхуэпщI псоми ящыщу Iыхьэ пщIанэри сэ Уэ уэстынщ.

## Екъуб Рахэл зэрыхуэзар

29 Екъуб тэджщ и гъуэгу техьэжри, къуэкIыпIэм и цIыхухэм я щIыналъэм кIуащ. [2]Къилъэгъуащ абы губгъуэм псыкъуий
иту, Iэщ цIыкIуу хъушищи абы и гъунэгъуу щытщ; а псыкъуийм къэрахыурэ псы ирагъафэрт хъушэхэр. Псыкъуийм щхьэщылът мывэшхуэ. [3]Абдежым хъушэ псори щызэхуэса нэужь, псыкъуийм
мывэр къытрагъэукIуриикIырти, мэлхэр псы ирагъафэрт Iэщыхъуэхэм; итIанэ аргуэру мывэр тралъхьэжырт псыкъуийм.

[4]– Си къуэшхэ! Дэнэ фыщыщ? – еупщIащ Екъуб абыхэм.

– Дэ Харан дыщыщщ, – жаIащ абыхэм.

[5]– ФцIыхуу пIэрэ фэ Нахъор и къуэ Лабан? – еупщIащ абыхэм.

– ДоцIыху, – жаIащ абыхэм.

[6]– Узыншэу пIэрэ ар? – аргуэру еупщIащ абыхэм.

– Уыншэщ. – жаIащ абыхэм, – Рахэл, абы и пхъур, къокIуэ мэлхэм я гъусэу.

[7]– Махуэр иджыри кIыхьщ, – яжриIащ Екъуб Iэщыхъуэхэм, – хъуакъым Iэщ къехулIэжыгъуэ; мэлхэр псы евгъафи, фыкIуэ, вгъэхъу.

---

*28:19 Бэтэл – абы къикIыр: Тхьэм и унэщ.

[8]– Ар тхузэфIэкIынукъым, хъушэ псори къызэхуэмысу, мывэри псыкъуийм къытрамыгъэукIуриикIыу, – жаIащ мыдрейхэм. – ИтIанэ мэлхэр псы едгъэфэнщ.

[9]Иджыри ар епсалъэрт абыхэм, Рахэл и адэм и мэлхэм яхэту къыщыIухьам, абы ахэр игъэхъурт. [10]Екъуб, и анэм и дэлъху Лабан ипхъу Рахэлрэ и анэм и дэлъху Лабан и мэлхэмрэ къыщилъагъум, кIуэщ, мывэр псыкъуийм къытригъэукIуриикIри псы иригъэфащ и анэм и дэлъху Лабан и мэлхэр.

[11]ИтIанэ Екъуб ба хуищIащ Рахэл, зригъэIэтащ абы и макъым, икIи къэгъащ. [12]Екъуб Рахэл жриIащ ар абы и адэм зэриIыхьлыр, Ребеккэ зэрикъуэр. Модрейр жэри, жриIэжащ ар и адэм.

[13]Лабан, и шыпхъум и къуэ Екъуб и хъыбар щызэхихым, жэрыгъэкIэ абы къыпежьащ, IэплIэ, ба къыхуищIри щIишащ и унэм; мыдрейми и хъыбар псори Лабан хуиIуэтэжащ. [14]Лабан къыжриIащ абы:

– ИпэжыпIэкIэ, уэ си къупщхьэми силми ущыщщ.

Арати, щыпсэуащ абы деж Екъуб мазэ псэукIэ.

## Екъуб Леарэ Рахэлрэ къызэришар

[15]Лабан Екъуб жриIащ итIанэ:

– Дауэ хъун уэ пщIэншэу укъысхуэлажьэу, узэрызиIыхьлым щхьэкIэ? КъызжеIэ, сыт лэжьапщIэу уэстын?

[16]Лабан иIэт пхъуитI; нэхъыжьым и цIэт Леа; нэхъыщIэм и цIэр Рахэлт. [17]Леа набгъэт, ауэ Рахэл ипкъкIи зэкIужт, и нэкIукIи дахэт. [18]Екъуб Рахэл егуэкIуати, жиIащ:

– Сэ сыпхуэлэжьэнщ илъэсиблкIэ, уипхъу нэхъыщIэ Рахэл пап-щIэ.

[19]– Ар уэ уэстмэ, нэхъыфIщ нэгъуэщI гуэрым ест нэхърэ – жиIащ Лабан, – щыпсэу си деж.

[20]Арати, Екъуб лэжьащ Рахэл папщIэ илъэсиблкIэ; ауэ ахэр абы къыщыхъуащ махуэ зыбжанэу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы ар фIыуэ илъэгъуат.

[21]ИтIанэ жриIащ Екъуб Лабан:

Къызэт си фызыр; къэсащ абы деж сыщыщIыхьэн хуей пIалъэр.

[22]Лабан а щIыпIэм щыпсэу цIыху псори зэхуишэсри, ищIащ хьэгъуэлIыгъуэ. [23]Пщыхьэщхьэм Рахэл и пIэкIэ ипхъу Леа хущIишащ

абы, игъапцIэри; щIыхьащ абы деж Екъуб. [24]Лабан езым и унэIут бзылъхугъэ Зилпэ иритащ езым ипхъу Леа, абы хуэIуэхутхьэбзэщIэну.

[25]Пщэдджыжьым ар Леау къыщIэкIащ.

Арати, Екъуб жриIащ Лабан:

– Сыт уэ къызэпщIар? Рахэл папщIэкъэ сэ сыщIыпхуэлэжьар? Сыт уэ сыкъыщIэбгъэпцIар?

[26]– Дэ ди щIыпIэм щыхабзэкъым нэхъыжьым и пэ нэхъыщIэр ирагъашэу, – жиIащ Лабан. – [27]ИрекI мы тхьэмахуэр; итIанэ уэттынщ нэхъыщIэри, иджыри илъэсиблкIэ укъызэрысхуэлэжьэнум и пщIэу.

[28]Екъуб апхуэдэуи ищIащ; ирихьэкIащ а тхьэмахуэр. ИтIанэ Лабан къритащ абы ипхъу Рахэл фызу. [29]Лабан иритащ ипхъу Рахэл и унэIутыну езым и унэIут бзылъхугъэ Билхьэ. [30]Екъуб щIыхьащ Рахэл деж. Леа нэхърэ нэхъыфIу илъагъурт абы Рахэл; икIи хуэлэжьащ Лабан аргуэру илъэсиблкIэ.

## Екъуб и къуэхэр

[31]Зиусхьэным Екъуб Леа фIыуэ къызэримылъагъум гу лъитэри, зэIуихащ абы и кIуэцIыр, мыдрей Рахэл лъхуэртэкъым. [32]Леа уэндэгъу хъури къилъхуащ къуэ, фIищащ абы цIэуэ Рубэн*; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ жиIащ абы:

– Зиусхьэныр къеплъащ си тхьэмыщкIагъэм; иджы фIыуэ силъагъунущ си лIым.

[33]Аргуэру лъэщыджэ хъури, къилъхуащ къуэ, икIи жиIащ:

– Сэ фIыуэ си лIым сыкъызэримылъагъур Зиусхьэным зэхихати, къызитащ мыри.

ФIищащ абы цIэуэ Симеон*.

[34]Аргуэру лъэщыджэ хъури, къилъхуащ къуэ.

– АтIэ иджы сэ къыскIэрыпщIэнущ си лIым и гур; сэ абы къыхуэслъхуащ къуищ, – жиIащ абы

Абы къыхэкIыу абы фIащащ цIэуэ Лэуий*.

[35]Аргуэру лъэщыджэ хъури, къилъхуащ къуэ.

– АтIэ иджы щытхъу хуэсIэтынщ Зиусхьэным, – жиIащ абы.

---

*29:32 Рубэн – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: еплъ щIалэ.

*29:33 Симеон – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: зэхэпхын.

*29: 34 Лэуий – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: игукIэ кIэрыпщIэн.

Абы къыхэкIыу фIищащ абы цIэуэ Иудэ*.

Абдеж щигъэтыжащ лъхуэн.

30 Рахэл Екъуб сабий къызэрыхуимылъхуфыр къыщилъагъум, езым и шыпхъум ефыгъуэри, жриIащ Екъуб:

– Къызэт бынхэр; къызумытмэ, сылIэнущ.

2 Екъуб Рахэл хуэгубжьри, жиIащ:

– Сэ сыхъуа уи кIуэцIым зыри ирезымыгъащIэ Тхьэ?

3 – Мис си унэIут бзылъхугъэ Билхьэ, – жиIаш Рахэл, – щIыхьэ абы деж: щрелъхуэ си лъэгуажьэхэм деж ар, абы къилъхуауэ сэри бынхэр сиIэн папщIэ*.

4 Арати, иритащ абы Билхьэ, езым и унэIут бзылъхугъэр, абы игъэфызыну; Екъуб щIыхьащ абы деж. 5 Билхьэ уэндэгъу хъури, Екъуб къыхуилъхуащ къуэ.

6 Абы щыгъуэ жиIащ Рахэл:

– Хьэкум къысхуищIащ сэ Тхьэм, – жиIащ Рахэл, – си лъэIур зэхихри, къызитащ къуэ.

Абы къыхэкIыу фIищащ абы цIэуэ Дан*.

7 Аргуэру лъэщыджэ хъуащ Билхьэ, Рахэл и унэIут бзылъхугъэр, икIи Екъуб къыхуилъхуащ къуэ етIуанэр.

8 – Бэнэныгъэ лъэщкIэ си шыпхъум себэнри сытекIуащ, – жиIащ Рахэл.

Абы къыхэкIыу фIищащ абы цIэуэ Нафталий*.

9 Леа езыр зэрымылъхуэжыр къыщилъагъум, и унэIут бзылъхугъэ Зилпэ къищтэри, ар иритащ Екъуб игъэфызыну. 10 Леа и унэIут бзылъхугъэ Зилпэ къыхуилъхуащ Екъуб къуэ итIанэ. 11 ЖиIащ абы щыгъуэ Леа:

– Си насыпым къихьащ.

Абы къыхэкIыу фIищащ абы цIэуэ Гад*.

12 Леа и унэIут бзылъхугъэ Зилпэ етIуанэрейуи къуэ Екъуб къыхуилъхуащ.

13 ЖиIащ Леа:

– Гъуэгу махуэ сытеуващ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ насыпыфIэкIэ къызэджэнущ сэ бзылъхугъэхэр.

---

*29:35 Иудэ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: щытхъу.

*30:3 апхуэдэ гъуэгукIэ Рахэл сабий иIэ мэхъу.

*30:6 Дан – а цIэм къикIыр: хьэкум ищIащ.

*30:8 Нафталий – а цIэм къикIыр: бэнэныр.

*30:11 Гад – а цIэм къикIыр: насып.

ИкIи фIищащ абы цIэуэ Ащэр*.

14Реувен кIуащ губгъуэм, гуэдзыр щыIуахыж зэманым, губгъуэм къыщигъуэтри, къыхуихьащ ахэр Леа, езым и анэм. Рахэл Леа жриIащ абдежым:

– Къызэт уи къуэм и мандрагорхэр*.

15Ауэ абы къыжриIэжащ:

– УфIэмащIэу ара уэ си лIыр зызэрыIэщIэбгъэхьар, иджы си къуэм и мандрагорхэри зыIэщIэбгъэхьэну ухэт?

– Апхуэдэу щыхъуакIэ, – жиIащ Рахэл, – ар мы жэщым уэ къыбдрегъуэлъ, уи къуэм и мандрагорхэм папщIэ.

16Екъуб пщыхьэщхьэм губгъуэм къыщикIыжам, Леа абы пежьэри, жриIащ:

– КъыщIыхьэ си деж; си къуэм и мандрагорхэмкIэ укъэсщэхуащи.

Арати, дэгъуэлъащ Екъуб Леа а жэщым.

17Тхьэм зэхихащ Леа и лъэIур, ар уэндэгъу хъури, къыхуилъхуащ Екъуб къуэ етхуанэр. 18ЖиIащ абы щыгъуэ Леа:

– Тхьэм сэ си лIым си унэIут бзылъхугъэр зэрестам пэкIуэр къызитыжащ.

Абы къыхэкIыу фIищащ абы цIэуэ Иссашкар*.

19Леа аргуэру уэндэгъу хъури, къыхуилъхуащ Екъуб къуэ еханэр.

20ЖиIащ абы щыгъуэ Леа:

– Тхьэм къызитащ тыгъэ гъуэзэджэ; иджы си лIым щIыхь къысхуищIынущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къыхуэслъхуащ абы къуих.

Абы къыхэкIыу фIищащ абы цIэуэ Зэбулун*.

21ИтIанэ къилъхуащ пхъу икIи фIищащ абы цIэуэ Динэ.

22Тхьэм игу къэкIыжащ Рахэл, ар Тхьэм зэхихри лъхугъэ иIэну Iэмал къритащ. 23Ар уэндэгъу хъури, къилъхуащ къуэ, икIи жиIащ:

– Сщхьэщихащ Тхьэм си емыкIур.

24ИкIи фIищащ абы цIэуэ Исуф*.

– Зиусхьэным сэ къызрет иджыри къуэ, – жиIэри.

---

*30: 13 Ащэр – а цIэм къикIыр: насыпыфIэ.

*30:14 мандрагорхэр – уэндэгъу хъуным папщIэ, цIыхубзхэм къагъэсэбэпу щыта удз гуэрщ.

*30:18 Иссашкар – а цIэм къикIыр: гуфIапщIэ.

*30:20 Зэбулун – а цIэм къикIыр: тыгъэ, саугъэт.

*30:24 Исуф – а цIэм къикIыр: нэгъуэщI кърет.

## Екъуб Лабан зэрэхуэлэжьамрэ бей зэрыхъуамрэ

25Рахэл Исуф къилъхуа нэужь, Екъуб Лабан жриIащ:
– СутIыпщыжи, сыкIуэжынщ сэ си щIыпIэм, си щIыналъэм.
26Къызэтыж сэ сыщIыпхуэлэжьа си фызхэмрэ си бынхэмрэ, сэ
сыкIуэжынщ; уэ ущыгъуазэщ сэ фIыуэ сызэрыпхуэлэжьам.
27Лабан къыжриIащ абы:
– НэфIкIэ укъызэплъмэ, мыр жысIэну хуит сыщI. Сэ джэш дзы-
нымкIэ зэзгъэщIащ уи хьэтыркIэ Зиусхьэным и нэфI къызэрысщы-
хуам.
28АдэкIи жиIащ:
– Уэстыну пщIэр уэ зыхуэгъэувыжи, сэ уэстынщ.
29– Уэ уощIэ сэ сызэрыпхуэлэжьа щIыкIэри сэ сапэрыту уи
Iэщыр зэрыбэгъуари, – жриIащ Екъуб абы. 30– Си япэкIэ мащIэ
фIэкIа уимыIамэ, иджы хъуащ куэд; сэ дэнэ сыкIуами, Зиусхьэным
и нэфI къыпщигъэхуащ; ауэ сыт щыгъуэ сэ сыщыхуэлэжьэнур си
унагъуэм?
31– Сыт уэстын? – къеупщIащ Лабан.
– Зыри къызумыт, – жиIащ Екъуб. – Сэ жыхуэсIэр къысхуэпщIэ-
мэ, аргуэру пхуэзгъэхъунщ икIи пхуэсхъумэнщ уи мэлхэри уи бжэн-
хэри. 32Сэ сыпхрыкIынщ нобэ уи мэл, бжэн хъушэм; къыхэгъэкI
абы мэлу бжьыгъэ зыхэлъри къуэлэнри, мэлхэм ящыщу мэл фIыц-
Iэри, апхуэдэуи бжэнхэм ящыщу бжьыгъэ зыхэлъри къуэлэнри.
Апхуэдэ Iэщыр схурехъу сэ лэжьапщIэ. 33ИтIанэ си лэжьапщIэм
уеплъыну укъыщыкIуэ нэгъуэщI зэманым деж си захуагъэр нэры-
лъагъу щыхъунщ уи пащхьэм деж. Бжьыгъэ зыхэмылъ е мыкъуэ-
лэн бжэнхэм, мэлхэм ящыщу мыфIыцIэу сиIэр къэдыгъуащ.
34– Хъарзынэщ, ирехъу уэ зэрыжыпIауэ, – жиIащ Лабан.
35АрщхьэкIэ къыхигъэкIащ Лабан а махуэм ажэ къуэлэнхэмрэ
бжьыгъэ зиIэхэмри, бжэну бжьыгъэ зыхэлъхэри къуэлэнхэри, хужь
тIэкIу фIэкIа зыхэмыт псори, мэл фIыцIэ псори, икIи яIэщIилъ-
хьащ езым и къуэхэм. 36Езымрэ Екъубрэ я зэхуакум махуищ гъуэгу
я зэпэжыжьагъыу игъэуващ. Екъуб игъэхъурт Лабан и адрей Iэщ
цIыкIухэр.
37Екъуб щиху, миндал, тхушэ чы цIынэ цIыкIухэр къищтэри,
къуэлэн кусэхэр яхуищIащ, чы цIыкIухэм ятелъ фэр трихри; 38А
чы дэбзыкIахэр Iэщхэр псы ефэну къыздекIуалIэ хьэкхъуафэхэм
ирилъхьащ. Абдеж псафэ къыщыкIуэкIэ, Iэщхэр щызэкIуалIэу я
хабзэт. 39Чыхэм я пащхьэм щызэкIуалIэрти, къалъхурт Iэщ къуэлэ-

ни, IэпапIэ зыхэти, бжьыгъэ зиIи. [40]Екъуб щынэхэр къыхигъэкIырти, и былымхэр Лабан и Iэщ къуэлэнымрэ и Iэщ фIыцIэмрэ я пэ зэкIуэлIэнухэм папщIэ къригъэувэрт;

Екъуб иIыгът езым и хъушэхэр щхьэхуэу, яхигъэхьэртэкъым ахэр Лабан и Iэщым. [41]Iэщ гуащIафIэр щыхуажэкIэ, Екъуб сыт щыгъуи ирилъхьэрт чыхэр хьэкхъуафэм, Iэщхэм ялъагъуу, чыхэм я пащхьэм ахэр щызэкIуэлIэн папщIэ. [42]Ауэ Iэщ къарууншэхэр щыхуажэм деж чы игъэтIылъыртэкъым. Апхуэдэуи лъысырт Iэщ къаруушэхэр Лабан, Iэщ гуащIафIэхэр Екъуб. [43]Арати, хъуащ Екъуб икъукIэ, икъукIэ бей, иIэт абы Iэщ цIыкIу куэди, унэIут бзылъхугъэ, хъулъхугъэ куэди, махъшэ куэди, шыд куэди.

**Екъуб Лабан деж къызэрыщыщIэпхъужар**

31 Екъуб зэхихащ Лабан и къуэхэм жаIэ псалъэхэр:

– Екъуб зыIэщIиубыдащ ди адэм иIа псори, ди адэм и мылъкум къыхигъэкIащ и къулеигъэ псори.

[2]Къилъэгъуащ Екъуб Лабан и нэкIур, ар абы къыхущытыжкъым дыгъуаси вэсэмахуи къызэрыхущытам хуэдэу. [3]КъыжриIащ Зиусхьэным Екъуб:

– Гъэзэж уи адэхэм я щIыналъэу узыщалъхуа хэкум; Сэри сыуигъусэнущ.

[4]Екъуб игъакIуэри Рахэлрэ Леарэ езым и Iэщ цIыкIу хъушэ здэщыIэ губгъуэм кърригъэшащ. [5]ЯжриIащ абыхэм:

– Сэ солъагъу фи адэм и нэкIур, ар дыгъуаси вэсэмахуи хуэдэу къызэрысхущымытыжыр. Ауэ си адэм и Тхьэр сэ си гъусэщ. [6]Фэ езыхэр фыщыгъуазэщ фи адэм си къару псомкIи сызэрыхуэлэжьам. [7]Ауэ фи адэм сыкъигъапцIэурэ пщIэнейрэ ихъуэжащ си лэжьапщIэр. Тхьэм хузэфIигъэкIакъым абы Iеягъэ къызищIэну. [8]«Бжьыгъэ зиIэ Iэщыр уэ пхуэхъунущ пщIэ» абы щыжиIэм, Iэщ псоми къалъхуащ бжыгъэ зиIэхэр. «Къуэлэнхэр пхуэхъунущ уэ пщIэ» абы щыжиIэм, Iэщ псоми къалъхуащ къуэлэнхэу. [9]Арати, Тхьэм фи адэм Iэщыр къыIэщIихри, сэ къызитащ.

[10]Зэгуэрым, Iэщым я хуэжэгъуэу, сэ пщIыхьэпIэм хэту слъэгъуащ бжэнхэм дэкIуея ажэхэр къуэлэнхэу, IэпапIэ зиIэ яхэту, бжьыгъи яIэу. [11]Тхьэм и мелыIычым сэ къызжиIащ пщIыхьым сыхэту:

– Екъуб!

– Сымис сэ, – жысIащ сэ.

[12]– Уи напIэхэр Iэти, еплъ, – жиIащ абы. – Бжэнхэм дэкIуея ажэ
псори къуэлэнщ, IэпапIэ зиIэхэщ, бжьыгъэ зиIэхэщ; сэ солъагъу
Лабан уэ сыт къыуищIэми. [13]Фэеплъым дагъэр щытепкIэгъа, Сэри
псалъэ быдэ къыщызэптыгъа Бэтэл деж уэ къыщыпхуэлъэгъуа
Тхьэр Сэращ. Иджы зыIэт, икI мы щIыналъэм; гъэзэж узыщалъхуа
хэкум.

[14]Рахэлрэ Леарэ иратащ Екъуб жэуап:

– ЩыдиIэж иджы дэ ди адэм и лъапсэм Iыхьэрэ мылъкурэ?
[15]Хамэхэм яхуэдэукъэ дэ абы дызэрилъытэр? Сыт щхьэкIэ жыпIэ-
мэ абы дэ дищащ, уеблэмэ ишхащ ди дыжьынри. [16]Абы къыхэкIкIэ
мылъкуу Тхьэм ди адэм къыIрихар дыдейщ, ди бынхэми ейщ. Ара-
щи, Тхьэм уэ къыбжиIа псори щIэ.

[17]Арати, ежьащ Екъуб, тригъэтIысхьащ и бынхэри и фызхэри
махъшэхэм; [18]ИтIанэ къыздищтащ езым и Iэщ псори, мылъкуу
зыIэригъэхьа псори, Паддан-Арам щиугъуея Iэщри и адэ Исхьэкъ
деж Ханаан щIыналъэм кIуэжын папщIэ. [19]Лабан езым и Iэщым я
цыр къищыну щыкIуэм, Рахэл къидыгъуащ и адэм иIа тхьэ сурэт-
хэр. [20]Екъуб арамей Лабан къыфIидыгъуащ и гур, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ абы хъыбар иригъэщIакъым зэрежьэжынумкIэ. [21]Арати,
ежьэжащ езым иIэ псори и гъусэу; зиIэтщ, псым зэпрыкIри, игъэ-
защ Гилеад бгымкIэ.

[22]Ещанэ махуэм Лабан жраIащ Екъуб зэрежьэжар. [23]Абы щыгъуэ
абы зыщIигъущ езым и Iыхьлыхэри, кIэлъыжащ абы махуиблкIэ
икIи щылъэщIыхьащ Гилеад бгым деж. [24]АрщхьэкIэ Тхьэр арамей
Лабан пщIыхьым хэту жэщым къыхуэлъагъуэри, къыжриIащ абы:

– Зыхъумэ, жумыIэ Екъуб Iеи фIыи.

[25]Арати, лъэщIыхьащ Лабан Екъуб; Екъуб и шэтырхэр тригъэ-
уват бгыщхьэм, Лабани езым и Iыхьлыхэр и гъусэу и шэтырхэр
тригъэуващ Гилеад бгым. [26]ЖриIащ Лабан Екъуб:

– Сыт уэ зэхэпщIыхьар? Сытым щхьэкIэ уэ сыкъэбгъапцIэу
скIэщIэпша сипхъухэр, IэщэкIэ гъэр ящIахэм хуэдэу? [27]Сыт щэхуу
ущIэпхъуэжу сэ зыщIысщыбгъэпщкIуар, къыщIызжумыIари сыт?
Сэ узутIыпщыжынут гуфIэгъуэмрэ уэрэдхэмрэ ухэту, тимпанхэми
пшынэми къыпхуеуэу. [28]Уэ Iэмал къызэптакъым уеблэмэ си пхъу-
рылъхухэми сипхъухэми ба яхуэсщIыжыну; акъылыншагъэщ уэ
пщIар. [29]Хэлъщ си Iэм къару фэ Iеягъэ фэсщIэфыну; ауэ фи адэм и
Тхьэр дыгъуасэ къызэпсалъэри, сэ къызжиIащ:

– Сакъ, жумыIэ Екъуб Iеи фIыи.

30– Ауэ уэ укIуэжами зи хэлъкъым, сыту жыпIэмэ уэ укъытри-
чырт уи адэм и унэм уихьэжыну, ауэ сыт къыщIэбдыгъуар-тIэ си
тхьэ сурэтхэр?

31Екъуб Лабан жэуап иритурэ, жиIащ:

– Сэ сышынэрт; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ «стумыхыжащэрэт уи-
пхъухэр» жысIэурэ сегупсысырти. 32Уи тхьэ сурэтхэр хэт къыкъуэп-
хыжми, абы псэу иIэжкъым. Ди Iыхьлыхэм я пащхьэм щызэхэгъэкI
ууейуэ сIыгъхэри, здэщтэж.

Ауэ Екъуб ищIэртэкъым ахэр Рахэл къызэридыгъуар.

33Арати, щIыхьащ Лабан Екъуб и шэтырми, Леа и шэтырми,
унэIут бзылъхугъитIым я шэтырми, ауэ игъуэтакъым зыри. ИтIа-
нэ Леа и шэтырым къыщIэкIыжри, щIыхьащ Рахэл и шэтырым.
34Рахэл къищтащ тхьэ сурэтхэр, ахэр махъшэм телъ уанэм и щIагъ
щIилъхьэри, тетIысхьэжащ абыхэм. Къищащ Лабан шэтырыр зэ-
рыщыту, ауэ игъуэтакъым. 35Мыдрейми жриIащ и адэм:

– Къысхуремыгубжь си зиусхьэныр и пащхьэм сызэрыщымы-
тэджыфым папщIэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ бзылъхугъэ хабзэр къыс-
хуэкIуащ.

Арати, ар лъыхъуащ, ауэ игъуэтакъым тхьэ сурэтхэр.

36Екъуб къэгубжьри, Лабан едауэу щIидзащ. Екъуб псэлъэн
къыщIидзэри, жриIащ Лабан:

– Сыт си лажьэр, гуэныхьу стелъри сыт, щхьэ зэхэзехуэн сып-
щIа? 37Уэ къыуплъыхьащ си хьэпшып псори, сыт къахэбгъуэтар уи
унэ хьэпшыпхэм ящыщу? Щыдгъэлъагъу уи Iыхьлыхэми си Iыхь-
лыхэми я пащхьэм деж; къытхурехъу дэ тIум ахэр хеящIэ.

38– Мис, илъэс тIощIкIэ сыщыIащ сэ уи деж; уи мэлхэми уи
бжэнхэми щыщанэжа къэхъуакъым; уэ хъушэм щыщ мэли сэ
сшхакъым; 39ХьэкIэкхъуэкIэм зэпкъритхъар сэ ныпхуэсхьы-
жакъым; ар сэ схэщIауэт зэрызбжыр; сэ сыбгъэпшынырт жэщым
кIуэдари, махуэм кIуэдари. 40Сэ гугъу сехьырт махуэм хуабэкIэ,
жэщми щIыIэкIэ; си нэхэми жейр къекIуэртэкъым. 41Апхуэдэххэщ
илъэс тIощIу уи унэм щызгъэкIуар. Сэ уэ сыпхуэлэжьащ илъэс
пщыкIуплIкIэ уи пхъуитIым папщIэ, илъэсихкIэ уи Iэщым папщIэ;
атIэми уэ пщIэнейрэ пхъуэжащ си лэжьапщIэр. 42Си адэм и Тхьэр,
Ибрэхьим и Тхьэр икIи Исхьэкъ и Шынагъуэр си мыгъусатэмэ, уэ
иджы сыбутIыпщыжынут IэнэщIу. Тхьэм къилъэгъуащ си тхьэмы-
щкIагъэри си Iэхэм ялэжьари, икIи къысхуищIащ хьэкум дыгъу-
асэ.

## Екъубрэ Лабанрэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэдащIар

[43]Лабан жэуап къитри къыжриIащ Екъуб:
– Пхъухэр сипхъущ; сабийхэр си сабийщ; Iэщри си Iэщщ, уэ
плъагъу псори сысейщ: сэ зыгуэр есщIэфыну-тIэ сипхъухэми
абыхэм къалъхуа сабийхэми? [44]Иджы зэгурыIуэныгъэ зэдухы-
лIэнщ уэрэ сэрэ, ар щыхьэт щыхъунщ уэрэ сэрэ ди якум.
[45]Екъуб мывэ къищтэри игъэуващ ар фэеплъу. [46]ЯжриIащ Екъуб
езым и Iыхьлыхэм:
– КъызэщIэфкъуэ мывэхэр.
Абыхэм мывэхэр къащтэурэ Iуащхьэу зэтралъхьащ, итIанэ
щышхащ мывэхэм деж. [47]Лабан фIищащ абы: Егъар-Сахъадут[*];
ауэ Екъуб абы фIищар Гъаледщ[*]. [48]ИтIанэ жиIащ Лабан:
– Нобэ мы Iуащхьэр уэрэ сэрэ ди якум щыщыхьэтщ.
Аращ Галеед цIэуэ щIыфIищар. [49]Мицпэри[*] жраIэ Лабан мып-
хуэдэу зэрыжиIам щхьэкIэ:
– КъыткIэлъреплъ Зиусхьэныр уэри сэри, дыщызэрымылъа-
гъужым деж. [50]Сипхъухэм Iейуэ уахущытмэ, е сипхъухэм нэмыщI
нэгъуэщI фызхэр къапшэмэ, дэ ди якум цIыху дэмытми, еплъ,
Тхьэр щыхьэту дэтщ уэрэ сэрэ ди якум.
[51]– Мы Iуащхьэм еплъ, – жриIащ Лабан Екъуб, – ар уэрэ сэрэ
ди якум фэеплъу сэ дэзгъэуващ. [52]Мы Iуащхьэр щыхьэтщ, мы фэ-
еплъри щыхьэтщ Iеягъэ щхьэкIэ сэ мы Iуащхьэм уи дежкIэ сыны-
зэрыфIэмыкIынумкIэ, уэри си дежкIэ мы Iуащхьэм укъызэрыфIэ-
мыкIынумкIэ. [53]Ибрэхьим и Тхьэмрэ Нахъор и Тхьэмрэ ди якум
хеящIэу дрет, абыхэм я адэм и Тхьэр.
Екъуб тхьэлъанэ ищIащ езым и адэ Исхьэкъ и цIэкIэ. [54]ИкIи
щиукIащ Екъуб къурмэныпхъэр Iуащхьэм деж, къриджащ езым и
Iыхьлыхэр щIакхъуэ яшхыну; абыхэм яшхащ щIакхъуэ, нэхуи ща-
гъэщащ Iуащхьэм деж.
[55]Къэтэджащ Лабан пщэдджыжьым жьыуэ, ба яхуищIщ и пхъу-
рылъхухэми ипхъухэми, Тхьэм и нэфI къащихуэну хуелъэIуащ
абыхэм. ИтIанэ ежьэжри, кIуэжащ Лабан езым и щIыпIэм.

---

[*]31:47 – Егъар-Сахъадут арамыбзэкIэ, Гъалед журтыбзэкIэ, тIуми къикIыр щыхьэт Iуащхьэщ.

[*]31:49 Мицпэ – къикIыр: къэрэгъулэ щытыпIэ.

32 Екъуб ежьащ езым и гъуэгукIэ. Къыпежьащ абы Тхьэм и мелыIычхэр. [2]Екъуб ахэр щилъагъум, жиIащ:

– Ар Тхьэм и уафэдзэм и увыIэпIэщ.

ИкIи фIищащ а щIыпIэм цIэ: Маханаим*.

**Екъуб тыгъэхэр Эсау къызэрыхуигъэхьар**

[3]Екъуб езым япэ иту хуигъэкIуащ и къуэш Эсау хъыбарегъа-
щIэхэр Эдом хэкум щыIэ Сеир щIыналъэм. [4]Унафэ яхуищIащ
абыхэм, мыр жиIэри:

– Мыпхуэдэу жефIэ си зиусхьэн Эсау: мыращ жиIэр уи унэIут Екъуб: сэ сыщыпсэуащ Лабан деж, сыщыпсэуащ иджыри къэс;
[5]СиIэщ сэ выхэри, шыдхэри, Iэщ цIыкIуи, унэIут цIыхухъухэри,
унэIут бзылъхугъэхэри; икIи сэ нэзгъэкIуащ си зиусхьэным деж си хъыбар уэзгъэщIэну, нэфIкIэ укъызэплъын папщIэ.

[6]ХъыбарегъащIэхэм Екъуб деж къагъэзэжри, жаIащ:

– Дэ дыкIуащ уи къуэш Эсау деж; ар къытпежьауэ къокIуэ, цIыху щиплI щIыгъуу.

[7]Екъуб икъукIэ къэшынащ, къэгузэващ, икIи игуэшащ гупитIу езым и гъусэ цIыхухэри, Iэщ цIыкIури инри, махъшэхэри.

[8]«Эсау зы гупым теуэмэ икIи ар зэхикъутэмэ, адрей гупым къелын хузэфIэкIынщ», жиIащ абы.

[9]ИтIанэ елъэIуащ Екъуб:

– Си адэ Ибрэхьими си адэ Исхьэкъи я Тхьэ, Зиусхьэну сэ: «Гъэзэж уи щIыналъэм, уи Iыхьлыхэм деж, Сэ фIыгъуэ пхуэсщIэнущ уэ»
жиIэу къызжезыIа! [10]Сахуэфащэкъым сэ зэкIэ фIыгъуэрэ пэжыгъэ-
рэ пщIэуэ Уэ сэ, Уи IурыщIэм, къысхуэпщIахэм; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ си башыр сIыгъыу сызэпрыкIащ мы Иордан псым; атIэми иджы сэ гупитI мылъку яIэу си гъусэщ. [11]СынолъэIу, сыIэщIэх сэ
си къуэшым и Iэм, Эсау и Iэм; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сыщошынэ
абы, ар къакIуэу сэри, анэри, сабийхэри псори диукIынкIэ. [12]Уэ-
ракъэ къызжезыIар: «Сэ фIыгъуэ пхуэсщIэнущ, сщIынущ уэ къыптехъукIыну бынхэр куэд, пхуэмыбжу хы пшахъуэм хуэдиз».

[13]А жэщыр а щIыпIэм щрихащ Екъуб. ИтIанэ къиищтащ езым
иIэм щыщу и къуэш Эсау папщIэ тыгъэу: [14]Бжэн щитI, ажэ тIощI,
мэл щитI, тIы тIощI; [15]къэпш хъууэ махъшэбз щэщI, я махъшэ шыщIэхэр я гъусэу, жэм плIыщI, выуэ пщIы, шыдыбз тIощI, шы-

*32:2 Маханаим – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: увыIэпIитI.

дыхъуу пщIы. 16ЯIэщIилъхьэщ езым и унэIутхэм сыт хуэдэ хъушэ-
ри, щхьэхуэуи яжриIащ и унэIутхэм:

– Сяпэ фиту фыкIуи, щывгъэт хъушэхэр зыр адрейм пэжыжьэу.

17ИкIи унафэ хуищIащ япэрейм, мыр жиIэри:

– Си къуэш Эсау къыпхуэзэрэ «Уэ хэт урей? Дэни укIуэрэ? Хэт
и хъушэ уяпэ итри?» жиIэу, къоупщIмэ, 18жеIэ: «Уи унэIут Екъуб;
мыр абы си зиусхьэн Эсау къыхуищIа тыгъэщ; езы Екъуб ди ужь
итщ».

19Ар дыдэр унафэу хуищIащ етIуанэми, ещанэми, хъушэхэм я
ужьым иту кIуэ псоми, «Апхуэдэу жефIэ Эсау, фыхуэзэмэ», жиIэ-
урэ; 20АдэкIи жыфIэ: «Уи унэIут Екъуб ди ужь итщ». Сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ абы езым игукIэ жиIащ: «и нэфI къызыщызгъэхуэнщ
ар сяпэм иту кIуэ тыгъэхэмкIи, дызыхуэзмэ фIыуэ къыспежьэнкIэ
мэхъу итIанэ».

21Арати, кIуащ тыгъэхэр абы я пэ иту; езым а жэщыр щигъэ-
кIуащ увыIэпIэм.

## Екъуб Тхьэм зэребэнар

22А жэщым къэтэджри, и фызитIри, и унэIут бзылъхугъитIри,
и къуэ пщыкIузри къыздищтэри, зэпрыкIащ Ябок и чэнжыпIэм-
кIэ. 23Ахэр зэпришащ псым, зэпришащ езым иIа псори. 24Къэнащ
Екъуб и закъуэу.

ИкIи къебэнащ абы Зыгуэр, нэхущ пшэплъыр къищIыху. 25Къы-
зэрытемыкIуэфыр къыщилъагъум, къеIусэщ абы и куэ къупщхьэ
зэрытыпIэм, зэрыгъэпкIащ Екъуб и куэ къупщхьэ зэрытыпIэр, Ар
абы къыщебэным.

26– СутIыпщ сэ, пшэплъ къищIащ, – жиIащ адрейм.

– УзутIыпщынукъым, Уэ уи нэфI къысщымыхуауэ, – жиIащ
Екъуб.

27– Сыт уи цIэр? – жиIащ адрейм.

– Екъуб, – жиIащ абы.

28– Иджы щыщIэдзауэ уи цIэу щытынур Екъубкъым, атIэ Изра-
илщ*, – жиIащ адрейм, – сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уэ уебэнащ Тхьэми
цIыхухэми, къару уиIэу къэбгъэлъэгъуащ.

29ЩIэупщIащ Екъуб, мыр жиIэурэ:

*32:28 Израил пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: Тхьэм йобэн е Тхьэр мэбанэ.

– КъызжеIэ уи цIэр.
– Сыт уэ си цIэм ущIыщIэупщIэр? – жиIащ абы.
ИкIи и нэфI къыщыщыхуащ абы абдежым.
30Екъуб фIищащ а щIыпIэм цIэуэ Пэниел*, сыт щхьэкIэ жыпIэ-
мэ, жиIащ абы, «Сэ слъэгъуащ Тхьэр, ди нэгу зэхуэгъэзауэ, итIани
псэууэ къелащ си псэр». 31КъыщIэкIащ дыгъэр, ар Пэнуел щып-
хрыкIым; ещIэкъуауэрт ар, и куэ къупщхьэ зэрытыпIэр зэрыпкIа-
ти.
32Абы папщIэ иджыри къэс израил цIыхухэм яшхыркъым куэ
къупщхьэ зэрытыпIэм телъ хуэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Къебэ-
ныгъар къеIусащ Екъуб и куэ къупщхьэ зэрытыпIэм телъ хуэм.

**Екъуб Эсау зэрыхуэзар**

33 Екъуб щыплъэм къилъэгъуащ: къокIуэ Эсау, и гъусэщ абы
цIыху щиплI. Щхьэхуэ-щхьэхуэ ищIащ Леаи, Рахэли, унэIут
бзылъхугъитIми я сабийхэри. 2ИкIи иригъэуващ унэIут бзылъ-
хугъэхэмрэ абыхэм я сабийхэмрэ япэ, Леарэ абы и сабийхэмрэ
абыхэм я ужьым, Рахэлрэ Исуфрэ абыхэм я ужьыж. 3Езыр абыхэм
япэ иту ежьэри, щхьэщэ ищIащ щIыгум нэсу блэнейрэ, и къуэшым
щыбгъэдыхьэм.
4Эсау къыпежажьэри IэплIэ къыхуищIащ, и пщэми зыкъ-
ришэкIащ, баи къыхуищIащ, икIи гъащ ахэр. 5Эсау къаплъэри,
фызхэри сабийхэри къыщилъагъум, жиIащ:
– Хэт мы уи гъусэхэр?
– Тхьэм и гущIэгъукIэ уи унэIутым кърита бынхэрщ, – жиIащ
Екъуб.
6ИтIанэ унэIут бзылъхугъэхэри абыхэм я бынхэри къыбгъэды-
хьэри щхьэщэ къыхуащIащ Эсау. 7Абы и ужькIэ Леаи абы и са-
бийхэми къыбгъэдыхьэри щхьэщэ къыхуащIащ. ИкIэм икIэжым
Исуфрэ Рахэлрэ къыбгъэдыхьэри щхьэщэ къыхуащIащ.
8ЖиIащ абы щыгъуэ Эсау:
– Мы сыкъызыхуэза къомыр сыт?
– Уэ си зиусхьэныр нэфIкIэ укъызэплъын папщIэ, –
жиIащ Екъуб.
9Эсау жиIащ:

*32:30 Пэниел – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: Тхьэм и нэгу. Пэниел итIанэ Пэнуел цIэуэ фIищащ.

– Сэ сиIэр ирикъунщ, си къуэш; ууейр уэ зигъэIэж.

10– Хьэуэ, – жиIащ Екъуб, – уэ нэфIкIэ укъызэплъмэ, сIых сэ
къызбгъэдэкI тыгъэр; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ слъэгъуащ уи напэр,
Тхьэ напэр зыгуэрым илъэгъуам ещхьу, уэри укъысхуэгуэпащ.
11Нащтэ си тыгъэу уэ къыпхуэсхьар; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэм и
нэфIкIэ къызитауэ сиIэщ сэ псори.

Арати, къытригъэхьэщ ари, абы Iихащ.

12– ЗытIэтынщи, дежьэнщ, – жиIащ абы и ужькIэ Эсау, – сэ сыкIуэнщ уяпэ ситу.

13Екъуб жриIащ абы:

– Си зиусхьэным ещIэ сабийхэр зэрыгуащIэмащIэр, си Iэщ цIыкIури инри къашу зэрыщытри: ар махуэ енкIэ пхумэ, зэтелIэнущ
псори. 14Си зиусхьэныр ирекIуэ езым и унэIутым япэ иту, ауэ сэ
си япэм Iэщу итыр зэрыкIуэм хуэдэу, икIи сабийхэр зэрыкIуэм хуэдэу, хуэму сыкIуэурэ секIуэлIэнщ си зиусхьэным деж Сеир щIыналъэм.

15– Сэ сщIыгъу цIыхухэм щыщ зыбжанэ къыпхуэзгъэнэнщ, – жиIащ Эсау.

– Сытым щхьэкIэ? – жиIащ Екъуб, – Си зиусхьэныр нэфIкIэ къызэплъыну аркъудейщ сэ сызыхуейр!

16Арати, игъэзэжащ Эсау а махуэ дыдэм езым и гъуэгукIэ Сеир.
17Ауэ Екъуб Суккот иунэтIри щиухуащ абы унэ, и Iэщхэм папщIэ
ищIащ пщыIэхэр. Абы къыхэкIкIи фIищащ а щIыпIэм цIэуэ Суккот*.

18Екъуб Паддан-Арам къикIыжри, бэIутIэIуншэу къэсащ Ханаан щIыналъэм ит Щэхэм къалэм, икIи щытIысащ къалэ гупэм
деж. 19ИкIи езым и шэтыр здригъэува щIыгуу губгъуэм щыщыр
къыщищэхуащ Щэхэм и адэ Хамор и къуэхэм я деж ахъшищэкIэ.
20Абдежым къурмэнщIыпIэ щигъэуври, елъэIуащ Зиусхьэну Израил и Тхьэм.

## Екъуб ипхъу Динэ лей къызэрырахар

34 Леа Екъуб къыхуилъхуа Динэ дэкIащ а щIыналъэм ипхъухэм
еплъыну. 2Ар къилъэгъуащ а щIыналъэм ипщ хъыу лъэпкъым щыщу Хамор и къуэ Щэхэм, ар иубыдри здигъэгъуэлъащ,
леи кърихащ. 3Абдеж абы и игу кIэрыпщIащ Динэ, Екъуб и пхъум,

*33:17 Суккот – абы къикIыр: шэтырщ.

абы пщащэр фIыуэ илъагъури, псалъэ гурыхькIэ епсэлъащ. [4]Арати, Щэхэм епсэлъащ Хамор, езым и адэм:

– Къысхуэшэ а пщащэр фызу, – жиIэри.

[5]Екъуб зэхихащ Хамор и къуэм езым и пхъур, Динэ, къызэ-
ригъэпудар, ауэ езым и къуэхэр Iэщыр ягъэхъуу губгъуэм щыIэти,
Екъуб зиущэхуащ, ахэр къэкIуэжыху. [6]КъыдэкIащ Хамор, Щэхэм и
адэр, Екъуб деж, абы къепсэлъэну. [7]Екъуб и къуэхэри къикIыжащ
губгъуэм, къэхъуар щызэхахым; я жагъуэ хъуащ а лIыхэм, къызэ-
щIэнащ губжькIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Израилым и напэр трихащ
Щэхэм, Екъуб и пхъум дэгъуэлъри, атIэми ар мыхъуну щытащ.
[8]Хамор абыхэм епсэлъэну къригъажьэри, жиIащ:

– Щэхэм, си къуэр, кIэрыпщIащ псэкIэ фи пхъум; атIэ къефт
ар абы фызу. [9]Iыхьлы фыкъытхуэхъу; къэдвгъашэ фипхъухэр, дэ
дипхъухэри фшэ. [10]ТщIыгъуу фыкъыддэпсэу; мы щIыналъэр фи
пащхьэм илъщ, фыщыпсэу икIи фыщыщакIуэ абы, зыIэрывгъэхьэ
ар фыфейуэ.

[11]Езы Щэхэм яжриIащ абы и адэми и дэлъхухэми:

– НэфIкIэ фыкъызэплъ къудеймэ, сэ фэстынущ сыт фыхуейуэ
къызжефIэми. [12]Вгъэнахуэ нысэ уасэу я нэхъ лъапIэри тыгъэри;
сыт къызжефIэми, фэстынщ; пщащэр фызу къызэфт закъуэ, нэ-
хъыбэ сыхуейкъым.

[13]Екъуб и къуэхэм жэуапу къратыжащ Щэхэми абы и адэ Хамо-
ри хьилагъэ хэлъу; апхуэдэу ахэр щIэпсалъэр абы езыхэм я шыпхъу
Динэ лей къызэрырихар арат;

[14]– Дэ ар тхуэлэжьынукъым, – къыжраIащ абыхэм, – ди шыпхъур
сунэт ямыщIа цIыхум етту; напэншагъэщ ар дэркIэ. [15]Мы зы за-
къуэрщ дэ дызэрызэгурыIуэ хъунур: дэ тхуэдэу, фи цIыхухъу псо-
ри сунэт фщIыныр щ. [16]Апхуэдэу хъумэ, фэдгъэшэнщ дипхъухэр,
къэтшэнщ фипхъухэри, дывдэпсэунщ, зы лъэпкъи дыхъунщ. [17]Ауэ
сунэт зевмыгъэщIмэ, ди пхъур тшэжынщи, дыкIуэжынщ.

[18]Ягу ирихьащ а псалъэхэр Хамор, Хамор и къуэ Щэхэм. [19]ЩIа-
лэм зимыIэжьэу игъэзэщIащ ар; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ фIыуэ илъа-
гъурт Екъуб и пхъур. Абы и адэм и унэм исхэм ящыщу псоми
нэхърэ нэхъ пщIэ иIэт. [20]ИтIанэ Хаморэрэ и къуэ Щэхэмрэ езыхэм
я къалэм и куэбжэм деж кIуэри, щIадзащ епсэлъэн я къалэм дэс
цIыхухэм, мыпхуэдэу жаIэурэ:

[21]– Мы цIыхухэр мамыру къытхущытщ дэ; щретIыс ахэр мы
щIыналъэм деж икIи щрещакIуэ; щIыналъэри убгъуауэ илъщ я пащ-
хьэм. Къэтшэнщ япхъухэри фызу, едгъэшэнщ дипхъухэри. [22]Мы

зы закъуэрщ а цIыхухэр къызэрыдгурыIуэнур къыддэпсэуну, зы
лъэпкъыуи дызэкъуагъэтыну: абыхэм яхуэдэу, дэри ди цIыхухъу
псори сунэт тщIымэ. [23]Дыдей хъунукъэ абыхэм я Iэхъушэхэри, я
мылъкухэри, я Iэщ псори? Арэзы дызэрыхъуу, псэунущ ди гъусэу.

[24]Къалэдэс псори едэIуащ Хаморэрэ абы и къуэ Щэхэмрэ, икIи
сунэт ящIащ цIыхухъу псори, къалэдэсу хъуар.

[25]Ещанэ махуэм, ахэр гукъыдэмыжу здэщылъым, Екъуб и къуи-
тIым, Динэ и дэлъхухэу Симеонрэ Лэуийрэ, къащтащ щхьэж и
джатэр икIи пэрыуэ щымыIэу къалэм дыхьэри, яукIащ цIыхухъу
псори; [26]Езы Хамори абы и къуэ Щэхэми яукIащ джатэкIэ; Динэ
Щэхэм и унэм къыщIашыжри къыщIэкIыжащ итIанэ. [27]Екъуб и
къуэхэр яукIахэм я деж кIуэри зэрапхъуащ къалэр, я шыпхъум лей
къызэрырахам папщIэ. [28]Абыхэм къащтащ адрейхэм я Iэщ цIыкIуи
ини, я шыдхэри, апхуэдэу къалэм сыт дэлъми, губгъуэм сыт илъ-
ми. [29]ЗэщIакъуащ абыхэм я мылъку псори, я бын псори, я фызхэри
гъэр къащIащ, зэрапхъуащ унэхэм щIэлъа псори.

[30]Абы щыгъуэ яжриIащ Екъуб Симеонрэ Лэуийрэ:

– Бэлыхь сыхэвдзащ сэ мы щIыналъэм щыпсэу ханаан цIы-
хухэмрэ пэриц цIыхухэмрэ сыкъалъагъу мыхъуу сызэрыфщIамкIэ.
Сэ цIыхуу сиIэр мащIэщ; зэхуэсынущ къыспэувыну, сыхагъэщIэ-
нущ, икIи дыкIуэдынущ сэри си унагъуэри.

[31]Ауэ Симеонрэ Лэуийрэ жаIащ:

– АтIэ ди шыпхъум лей ирах хъунут, къэхьпэм хуэдэу!?

**Екъуб Бэтэл деж**

35 Тхьэм Екъуб къыжриIащ:

– Ежьэ, Бэтэл кIуэи, щыпсэу абдежым; щыухуэ къурмэн-
щIыпIэ абы уи къуэш Эсау зыщыбгъэпщкIуу ущыщIэпхъуэжам
къыпхуэлъэгъуа Тхьэм папщIэ.

[2]ЖриIащ Екъуб езым и унагъуэми, къыдэщIыгъу псоми:

– ХыфIэвдзэ хамэ тхьэ сурэтхэу фэ фиIэхэр, хыфIэвдзи, зыв-
гъэкъэбзэж, зэфхъуэкI фи щыгъынхэри; [3]ЗытIэтынщи, дыкIуэнщ
Бэтэл; абдежым щызухуэнщ сэ къурмэнщIыпIэ си тхьэмыщкIэгъуэ
махуэм сызэхэзыха икIи сызытета гъуэгум щызигъуса Тхьэм пап-
щIэ.

[4]Арати, хамэ тхьэ сурэту абыхэм яIыгъа псори, я тхьэкIумэхэм
ярылъа тхьэгъухэри иратащ Екъуб; Екъуб ахэр щыщIитIащ Щэхэм
и гъунэгъуу щыт жыгейм и лъабжьэм деж.

[5]ИтIанэ ежьащ ахэр. Тхьэм и шынагъуэм Iэгъуэблагъэм щыIэ
къалэхэм дэсхэм зэщIищтати, зыри кIэлъыпхъэракъым Екъуб и
къуэхэм.

[6]Арати, кIуащ Екъуб Ханаан щIыналъэм щыIэ Лузэ, нэгъуэщIу
жыпIэмэ Бэтэл, езыри абы и гъуса цIыху псори. [7]Щиухуащ абде-
жым къурмэнщIыпIэ, фIищащ а щIыпIэми: Ел-Бэтэл*; сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ мыбдежым абы къыщыхуэлъэгъуащ Тхьэр, езым и къуэ-
шым зыщигъэпщкIуу къыщыщIэпхъуэжыгъам щыгъуэ.

[8]ЛIащ Дэборэ, Ребеккэ зыпIа бзылъхугъэр, щыщIалъхьэжащ ар
Бэтэл нэхъ и щIагъкIэ щыт жыгейм и лъабжьэм. Екъуб а жыгейм
фIищащ: хьэдагъэ жыгей.

[9]Паддан-Арам къыкIыжа нэужь, къыхуэлъэгъуащ Тхьэр Екъуб,
и нэфIи къыщхуащ абы. [10]КъыжриIащ Тхьэм абы:

– Уи цIэр Екъубщ;
ауэ иджы щыщIэдзауэ уэ ЕкъубкIэ къоджэнукъым,
атIэ уиIэнущ уэ цIэуэ Израил.
Апхуэдэуи къыфIищащ абы цIэуэ Израил.

[11]АдэкIи къыжриIащ Тхьэм абы:

– Псори зыхузэфIэкI Тхьэр Сэращ;
багъуэ икIи хэхъуэ;
лъэпкъ икIи лъэпкъ куэд дыдэ къыптехъукIынущ уэ, пащтыхь-
хэри къыптехъукIынущ.

[12]Сэ Ибрэхьимрэ Исхьэкърэ еста щIыналъэр
естынущ уэ къыптехъукIыну цIыхухэми.

[13]Абы къыщепсэлъа щIыпIэм зыщиIэтри, Тхьэр уафэм дэкIуеи-
жащ. [14]Екъуби Тхьэр абы къыщепсэлъа щIыпIэм деж мывэ фэеплъ
щигъэувври, трикIащ абы санэри дагъэри. [15]ИкIи фIищащ Екъуб
Тхьэр къыщепсэлъа щIыпIэм Бэтэл*.

### Рахэл Биниамин къызэрыхуэхъуамрэ зэрылIамрэ

[16]ИтIанэ къабгынащ Бэтэл. Ефрат нэсыным зымащIэ къэнэжауэ,
Рахэл лъхуащ, лъхугъэм гугъу иригъэхьурэ. [17]Ар лъхугъэм и хьэ-
забхэм щыхэтым, бынжэпыупщI фызыжьым абы къыжриIащ:

– Умышынэ, иджыри къуэ уиIэщ.

*35:7 Ел-Бэтэл – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: Бэтэл и Тхьэщ.

*35:15 Бэтэл – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: Тхьэм и унэщ.

18 Абы и псэр щыхэкI дыдэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар лIэрт, цIэ
фIищащ и быным: Бэн-Они*. Ауэ адэр еджащ абы БиниаминкIэ*.
19 Арати, Рахэл лIэри, щыщIалъхьэжащ Ефрат, нэгъуэщIу жыпIэ-
мэ Бэтлэхьэм ухуэзышэ гъуэгум деж. 20 Екъуб тригъэуващ абы и
кхъащхьэм мывэ сын. Рахэл и сыныр щытщ нобэр къыздэсым.
21 ИтIанэ Израил ежьэри щригъэувыкIащ и шэтырхэр Эдэр чэща-
нэм и щIыбкIэ.

## Екъуб и къуэхэр

22 Израил а къэралым щыщыIэ зэманым Рубэн кIуэри, и адэм и
унэIут бзылъхугъэ Билхьэ дэгъуэлъащ. Зэхихыжащ ар Израил.
Екъуб иIэт къуэ пщыкIутI.
23 Леа и къуэхэр: Екъуб и щыпэлъху Рубэн, абы и ужькIэ Симеон,
Лэуий, Иудэ, Иссашхар, Зэбулун сымэ.
24 Рахэл и къуэхэр: Исуфрэ Биниаминрэ.
25 Рахэл и унэIут бзылъхугъэ Билхьэ и къуэхэр: Данрэ Нафта-
лийрэ.
26 Леа и унэIут бзылъхугъэ Зилпэ и къуэхэр: Гадрэ Ащэррэ. Ахэр
Екъуб и къуэхэрщ, Паддан-Арам къыщыхуалъхуауэ.

## Исхьэкъ зэрылIар

27 КъэкIуащ Екъуб езым и адэ Исхьэкъ деж, Мамрэ, е Кириат-
Арбэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ Хэврон, Ибрэхьими Исхьэкъи здэ-
щыIам.
28 Хъурт Исхьэкъ и ныбжьыр илъэсищэрэ ищIрэ. 29 Исхьэкъ и
псэр хэкIри лIащ, икIи хыхьэжащ езым и лъэпкъым, жьы хъуауэ,
гъащIэкIи ирикъуауэ; щIалъхьэжащ ар Эсаурэ Екъубрэ, езым и
къуэхэм.

*35:18 Бэн-Они – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: си нэщхъеигъуэм и къуэщ.

*35:18 БиниаминкIэ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: сиIэ ижьым и къуэщ.

## Эсау къытехъукIахэр

36 Мис Эсау, Эдоми ар дыдэрщ, къытехъукIахэр.
2Эсау къишащ фызу Ханаан ипхъухэм ящыщу: Адэ, хет
цIыхухэм ящыщу Елонэ ипхъу, хъыу цIыхухэм ящыщу Цыбеон и
къуэ Анэ ипхъу Охьоливамэ. 3Апхуэдэу Исмэхьил ипхъу Басемати,
Нэбаиот и шыпхъур.

4Адэ Эсау къыхуилъхуащ Елифаз; Басемат къилъхуащ Рэуел.
5Охьолибамэ къилъхуащ Еущ, Ялам, Къорахь сымэ.

Ахэр Эсау и къуэхэщ, Ханаан щIыналъэм къыщыхуалъхуауэ.

6Къищтащ Эсау езым и фызхэри и къуэхэри, ипхъухэри, и унэм
ис цIыху псори, и хъушэхэри, и Iэщ псори, Ханаан щIыналъэм къы-
щилэжьа и мылъкуу хъуари, икIи кIуащ нэгъуэщI щIыналъэ, езым
и къуэш Екъуб и пащхьэ икIри. 7Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм я
мылъкухэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, зэгъусэу псэужыфыртэкъым
ахэр, здызекIуэ щIыналъэми ихуэжыртэкъым, я Iэхъушэхэм я куэ-
дагъым къыхэкIыу.

8Апхуэдэу щытIысащ Эсау Сеир бгыщхьэм деж. Эсау, Эдомри
арщ.

9Мыхэращ къытехъукIар бгыщхьэ Сеир щыпсэу Эдом цIыхухэм
я адэ Эсау:

10Мис Эсау и къуэхэм я цIэхэр:

Елифазэ, Эсау и фыз Адэ и къуэр, Рэуел, Эсау и фыз Басемат и
къуэр.

11Елифаз иIэт къуэхэр: Тэман, Омар, Цэфэу, Гъатам,

Къэназ сымэ.

12ТымнаI Эсау и къуэ Елифаз и унэIут бзылъхугъэт; абы Ели-
фаз къыхуилъхуащ Амалек. Ахэрщ Эсау и фыз Адэ и къуэхэм къа-
техъукIахэрщ.

13Мис Рэуел и къуэхэри: Нахьат, Зэрахь, Шам, Миззэ. Ахэр Эсау
и фыз Басемат и къуэхэм къатехъукIарщ.

14Цыбеон и къуэ Анэ ипхъу Охьолибамэ, Эсау и фызым, и къуэ-
хэщ мыхэр: абы Эсау къыхуилъхуащ Еуш, Ялам, Корахь сымэ.

15Мис Эсау и къуэхэм къатехъукIахэм я нэхъыжьхэр. Эсау и
щыпэлъху Елифаз и къуэхэр: нэхъыжь Тэман, нэхъыжь Омар, нэ-
хъыжь Цэфэу, нэхъыжь Кэназ, 16нэхъыжь Корахь, нэхъыжь Гъатам,
нэхъыжь Амалек. Ахэрщ Елифаз и нэхъыжьхэу Эдом и щIыналъэм
щыIахэр; ахэр Адэ и къуэхэм къатехъукIащ.

17Мыхэр Эсау и къуэ Рэуел и къуэхэм къатехъукIащ: нэхъыжь
Нахьат, нэхъыжь Зэрахь, нэхъыжь Шам, нэхъыжь Миззэ. Ахэр Рэ-

уел и нэхъыжьхэу Эдом и щIыналъэм щыIахэрщ; ахэр Эсау и фыз
Басемат и къуэхэм къатехъукIащ.
18Мыхэр Эсау и фыз Охьолибамэ и къуэхэщ: нэхъыжь Еуш,
нэхъыжь Ялам, нэхъыжь Корахь. Ахэр Анэ ипхъу Охьолибамэ,
Эсау и фызым, къилъхуа нэхъыжьхэщ.
19Мис ахэрщ Эсау, Эдом аращ, и къуэхэм къатехъукIар, икIи
ахэрщ я нэхъыжьхэр.

### Сеир къытехъукIахэр

20Мыхэр Хор лъэпкъым щыщ Сеир и къуэхэу а щIыналъэм
щыпсэуахэрщ: Лотан, Шэуал, Цыбеон, Анэ, 21Дищэн, Ецэр, Дищэн
сымэ. Ахэр Сеир и къуэхэу Хор цIыхухэм я нэхъыжьхэщ, Эдом и
щIыналъэм щыпсэуахэрщ.
22Лотан и къуэхэщ: Хьорыйрэ Хьэмамрэ; Лотан и шыпхъур
Тимнэщ.
23Мыхэр Шэуалэ и къуэхэщ: Алуан, Манахьат, Эбал, Шэфэу,
Онам сымэ.
24Мыхэр Цыбеон и къуэхэщ: Айэрэ Анэрэ. Анэр езым и адэ Цы-
беон и шыдхэр щигъэхъум щыгъуэ губгъуэ нэщIым псы хуабэ къы-
щызыгъуэтарщ.
25Мыхэр Анэ и бынхэщ: Дишонрэ Анэ ипхъу Охьолибамэрэ.
26Мыхэр Дишон и къуэхэщ: Хьэмдан, Ещбан, Итран, Къэран
сымэ.
27Мыхэр Эцер и къуэхэщ: Билхьан, ЗаIауан, Акъан сымэ.
28Мыхэр Дишан и къуэхэщ: Уц, Аран.
29Мыхэр хор цIыхухэм я нэхъыжьхэщ: нэхъыжь Лотан, нэхъ-
ыжь Шэуал, нэхъыжь Цыбеон, нэхъыжь Анэ, 30нэхъыжь Дишон,
нэхъыжь Эцер, нэхъыжь Дишан. Мис хор цIыхухэм я нэхъыжьхэр,
Сеир щIыналъэм нэхъыжьыгъуэр зэрыщаIыгъам хуэдэу зэкIэлъы-
кIуэу.

### Эдом цIыхухэм я пащтыхьхэмрэ я лIакъуэхэмрэ

31Мис израил цIыхухэм пащтыхь яIэн и пэкIэ Эдом щIыналъэм
деж пащтыхьу щыщытахэр.
32Эдом пащтыхьу щыщытащ Бэла, Бэор и къуэр, абы и къалэм
и цIэуи щытащ Динхьабэ. 33Бэла лIэри, пащтыхьыгъуэр иубыдащ

абы и ужькIэ Иобаб, Зэрахьым и къуэм, Боцрэ щыщым. 34ЛIащ
Иобаб, абы и ужькIи пащтыхьыгъуэр иубыдащ Хушам, тэманхэм я
щIыналъэм щыщым. 35Хушам лIэри, абы и ужькIэ пащтыхь хъуащ
мидиан цIыхухэр Моаб хэкум деж щыхэзыгъэщIа Хадад, Бэдад и
къуэр; абы и къалэм и цIэт Ауит. 36Хадад лIа нэужь, пащтыхь хъуащ
Самлэ, Масрэкъэ щыщыр. 37Самлэ лIэри, бы и ужькIэ пащтыхь
хъуащ Шаул, псы Iуфэм Iут Рехьовот щыщыр. 38Шаул лIа нэужь,
пащтыхь хъуащ БаIал-Хъанан, Эхбэр и къуэр. 39БаIал-Хъанан, Эх-
бэр и къуэр, лIэри абы и ужькIэ пащтыхь хъуащ Хадар: абы и къа-
лэм и цIэщ Пау; абы и фызым и цIэщ Мэхьэтабэл, Мезахьаб и къуэ
Матрэд ипхъущ.

40Мыхэр Эсау и нэхъыжьхэм я цIэхэрщ, я лъэпкъхэмкIэ, я щIы-
пIэхэмкIэ, я цIэхэмкIэ: нэхъыжь Тымнэ, нэхъыжь Алуа, нэхъыжь
Етэт, 41эхъыжь Охьолибамэ, нэхъыжь Елэ, нэхъыжь Пинон,
42нэхъыжь Къэназ, нэхъыжь Тэман, нэхъыжь Мыбцар, 43нэхъыжь
Магдиел, нэхъыжь Ирам. Ахэрщ Эдом нэхъыжьхэр, я псэупIэхэм-
кIэ, езыхэм я щIыналъэм деж. Аращ Эсау Эдом цIыхухэм я адэр.

**Исуф къехъулIэнур пщIыхьэпIэу и нэгу зэрыщIэкIар**

37 Екъуб итIысхьащ и адэр хэхэсу зыщыпсэууэ щыта щIы-
налъэм, Ханаан щIыналъэм.

2Мис Екъуб и унагъуэм и хъыбарыр.

Исуф, илъэс пщыкIубл и ныбжьу, мэлхэри бжэнхэри игъэхъурт,
и къуэшхэу Билхьэрэ Зилпэрэ я къуэхэм я гъусэу, щIалэщIэу, и
адэм и фызхэм я гъусэу. Исуф нигъэсыжырт я адэм деж абыхэм
папщIэ хъыбар Iейхэр. 3Екъуб адрей и къуэхэм нэхърэ Исуф нэ-
хъыфIу илъагъурт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар езым и жьыщхьэм
къыхуэхъуа и къуэт; арати, хуригъэщIащ абы гъуапэ зиIэ щыгъын
кIыхь. 4Абдеж къащIащ зэш псоми нэхърэ ар нэхъыфIу я адэм зэ-
рилъагъур; ялъагъу мыхъуи хъуащ ар, ахэр абы дахэуи епсэлъэжы-
фыртэкъым.

5Илъэгъуащ Исуф пщIыхьэпIэ жэщ гуэрым, яхуиIуэтэжащ ар
езым и къуэшхэм: мыдрейхэми ар нэхъри жагъуэу ялъагъу хъуащ.
6Исуф яжриIащ абыхэм:

– ФыкъедаIуэ сэ пщIыхьэпIэ слъэгъуам. 7Слъэгъуащ: дэ пхырхэр
дощIри губгъуэм дитщ, си пхырыр уващ, уващ захуэу, икIи фи
пхырхэр хъурейуэ абы къеувэкIри, щхьэщэ къыхуащIащ си пхы-
рым.

[8]Абдеж и къуэшхэм къыжраIащ абы:

– Уэ тепщэ укъытхуэхъунуи? Уэ дыпIэщIэлъынуи?

ИкIи ар нэхъри жагъуэу ялъагъу хъуащ абы и пщIыхьымрэ
жиIамрэ щхьэкIэ. [9]Илъэгъуащ аргуэру Исуф нэгъуэщI пщIыхьэ-
пIи, яхуиIуэтэжащ ари и къуэшхэм:

– ФыкъэдэIуэ, аргуэру пщIыхьэпIэ слъэгъуащ, дыгъэми, мазэ-
ми, вагъуэ пщыкIузми щхьэщэ къысхуащIу.

[10]Езым и адэми и къуэшхэми ар щахуиIуэтам, къешхыдащ абы и
адэр, къыжриIащ мыпхуэдэу абы:

– Ар сыт пщIыхьэпIэ уэ плъэгъуар? Сэри, уи анэри, уи къуэшхэ-
ри уэ щIым нэсу щхьэщэ пхуэтщIын папщIэ, дынэкIуэнуи?

[11]И къуэшхэр къыхузэгуэпырт абы; ауэ Исуф и адэм игу ириу-
быдащ абы и псалъэр.

## Исуф и къуэшхэм зэращамрэ ар Мысырым къызэрыщыхутамрэ

[12]Исуф и къуэшхэр кIуащ Щэхэм махуэ гуэрым, я адэм и мэлхэ-
ри и бжэнхэри ягъэхъун папщIэ. [13]Екъуб Исуф жриIащ:

– Уи къуэшхэм мэлхэри бжэнхэри ягъэхъу. Сэ узгъэкIуэнущ
абыхэм я деж.

Абы жэуап иритащ:

– Сыхьэзырщ сэ.

[14]ЖриIащ адэкIи абы:

– КIуэи, еплъ, узыншэу пIэрэ уи къуэшхэр, къызыхуэтыншэу
пIэрэ мэлхэри бжэнхэри, икIи къысхуэхьыж жэуапыр.

Арати, дигъэкIащ ар Хэврон аузым, кIуащ Исуф Щэхэм. [15]ЛIы
гуэр къыхуэзащ абы, губгъуэм игъуэщыхьауэ, арати, къеупщIащ а
лIыр абы:

– Сыт уэ узылъыхъуэр? – жиIэри.

[16]– Сэ солъыхъуэ си къуэшхэм; къызжеIэ, дэнэ деж абыхэм
Iэщыр щагъэхъур?

[17]– Ахэр IукIыжащ мыбдежым; – жиIащ адрейм – сэ зэхэсхащ
абыхэм «ДыкIуэнщ Дотан» жаIэу зэрыжаIар.

Исуф и къуэшхэм якIэлъыкIуэри, къыщигъуэтащ ахэр Дотан
деж. [18]Къалъэгъуащ абыхэм Исуф жыжьэу, икIи абыхэм, ар гъу-
нэгъу къахуэмыхъу щIыкIэ, мурад ящIу щIадзащ ар яукIыну.

[19]ЖаIащ абыхэм:

– Мес, къокІуэ пщІыхьэпІэ зылъагъур. [20]ДыкІуэнщи, иджы
дукІынщ ар, иддзэнщ ар псыр зэрыгъукІа мащэ гуэрми, жытІэнщ
хьэкІэкхъуэкІэ бзаджэм ишхауэ; итІанэ деплъынщ абы и пщІыхь-
хэм къикІым.

[21]Рубэн, ар зэхихри, ар абыхэм къаІэщІигъэкІащ,

– ДукІынкъым ар,– жиІэри. [22]Рубэн адэкІи яжриІащ абыхэм:

– Фымыгъажэ лъы; ивдзэ ар губгъуэ нэщІым ит мащэм, ауэ фе-
мыІусэ абы.

Абы ар щІыжиІэр абыхэм ар яІэщІихыу и адэм хуигъэкІуэжын
щхьэкІэт.

[23]Исуф езым и къуэшхэм къащыхыхьэм, абыхэм къыщатхъащ
абы щыгъа гъуапэ зиІэ щыгъын кІыхьыр. [24]ИтІанэ ар къащтэ-
ри ирадзащ псыкъуиймщ; а псыкъуийр нэщІт; абы псы иттэкъым.
[25]Ахэр шхэну тІысауэ плъэри, къалъэгъуащ исмэхьил цІыхухэм я
чэруаныр Гилеад къикІыу; абыхэм я махъшэхэм ятелъщ мэ дахэ
къызыпих удзхэри, пхъэхэри, шхынхэлъхьэхэри: макІуэ ахэр, а
псори Мысырым яшэн папщІэ.

[26]Абдеж Иудэ яжриІащ езым и къуэшхэм:

– Сыт ди фейдэуэ хэлъыр ди къуэшыр дукІыу, абы и лъыр щІэт-
хъумэжкІэ? [27]ДыкІуэнщи, етщэнщ ар исмэхьил цІыхухэм, абы
илъ дгъэжэну дыхуейкъым; сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ар ди къуэшщ,
дилщ.

Зэшхэр абы едэІуащ. [28]Арати, Мидиам щыщ сатуущІэхэр щыб-
лэкІым, мащэм Исуф кърагъэфыжри иращащ ар исмэхьил цІыхух-
эм дыжьын тІощІкІэ, абыхэм Исуф Мысырым яшащ.

[29]Рубэн аргуэру къакІуэри, мащэм щиплъэм, искъым Исуф. Аб-
деж, гукъеуэм хэту, зэфІитхъащ езым и щыгъынхэр. [30]ИтІанэ и
къуэшхэм я деж къигъэзэжри, жиІащ:

– ЩІалэр щыІэжкъым, дэнэ иджы сэ сыздэкІуэнур?

[31]ИтІанэ къащтащ Исуф и щыгъыныр; ажэ яукІри, абы и лъым
хакухьащ щыгъыныр. [32]Щыгъын кІыхьыр я адэм хуахьри, жаІащ:

– Дэ мыр къэдгъуэтащ; еплъыт уи къуэм и щыгъыныр арарэ ар-
мырарэ.

[33]Абы ар къицІыхужри, жиІащ:

– Мыр си къуэм и щыгъынырщ; хьэкІэкхъуэкІэ бзаджэм ишхащ
ар; пэжщ, зэпкъратхъащ Исуф.

[34]Абдеж Екъуб езым и щыгъынхэр зэфІитхъри, щыгъуэ щыгъын-
хэр зыщитІэгъащ, икІи игъеящ и къуэр махуэ куэдкІэ. [35]Къызэху-
эсащ абы и къуэхэри ипхъухэри, ар ягъэудэІужын папщІэ; ауэ ар
хуейтэкъым удэІужыну, жиІащ мыр:

– Нэщхъеягъуэм сыхэту сехыжынущ си къуэм деж щIы- къатиблкIэ.

Апхуэдэу игъеящ и адэм Исуф.

36Мидиам цIыхухэм Мысырым щращащ Исуф Потифар, фирхьэуным и блыгущIэтхэм щыщым, фирхьэуным и щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм.

## Иудэрэ Тамарэрэ

38А зэманым Иудэ и къуэшхэм къабгъэдэкIри щытIысащ
Адуллам къалэм щыщу Хьирэ зи цIэм и гъунэгъуу. 2Иудэ
абдежым къыщилъэгъуащ ШыуаI зи цIэ ханаан цIыху гуэрым и
пхъур; ар ищтащ, щIыхьащ абы деж. 3Ар лъэщыджэ хъури, къилъ-
хуащ къуэ; фIищащ абы цIэуэ Ер. 4Аргуэру лъэщыджэ хъури,
къилъхуащ къуэ; фIищащ абы цIэуэ Онан. 5Аргуэру къуэ къилъх-
ури фIищащ абы цIэуэ Шэлэ. Иудэ щыIэт Хъэзиб щIыпIэм, абы
ар къыщилъхуам щыгъуэ. 6Иудэ и щыпэлъху Ер физ къыхуишащ;
абы и цIэт Тамарэ. 7Ер, Иудэ и щыпэлъхум, Зиусхьэныр къыхуэфI-
тэкъыми, игъэлIащ Зиусхьэным ар. 8Апхуэдэу щыхъум, Иудэ Онан
жриIащ*:

– ЩIыхьэ уи къуэшым и фызым деж, ар къашэ, пщыкъуэу ущыщыткIэ, зэфIэгъэувэж уи къуэшым и унагъуэр.

9Онан ищIэрт быныр езым ейуэ зэрыщымытынур; абы къыхэкIы-
уи и къуэшым и фызым деж щыщIыхьэкIэ, щIым хикIэрт, и къуэ-
шым сабий иримытын папщIэ. 10Зиусхьэным и пащхьэм Iеягъэт
абы щилэжьыр; Абы игъэлIащ ари. 11Абдеж жриIащ Иудэ Тамарэ,
езым и нысэм:

– Щыпсэу фызабэу уи адэм и унэм, си къуэ Шэлэ балигъ хъуху.

Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы жиIащ: «МылIащэрэт ари и къуэшхэм хуэдэу», – жиIэри.

Тамарэ кIуэжри итIысхьэжащ и адэм и унэм.

12Зэман куэд дэкIри, лIащ ШыуаI и пхъур, Иудэ и фызыр. Иудэ
удэIужри кIуащ Тимнэ, езым и Iэщхэр къэзыщхэм я деж, езыри
Iадулам щыщ и ныбжьэгъу Хьири.

13Арати, хъыбар ирагъэщIащ Тамарэ, уи тхьэмадэр макIуэ Тим-
нэ, и Iэщыр къиищыну, жраIэри. 14Абдеж абы и фызабэ щыгъыныр

*38:8 жриIащ – пасэрей журт хабзэмкIэ, сабий имыIэу лIам и фызыр къишэжын хуейт а лIым и къуэшым – адрейм унагъуэ хуищIын папщIэ.

зыщихри зытриубгъуащ щхьэтепхъуэ, икIи зызэщIиуфэри IутIыс-
хьащ Тымнэ хуэкIуэ гъуэгум тет Iэнаим къалэм и куэбжэм. Сыту
жыпIэмэ илъэгъуат Шэлэ ин зэрыхъуари, езыр абы фызу зэрыра-
мытари. [15]Иудэ ар къилъагъури, къыщыхъуащ ар къэхьпэуэ; сыт
щхьэкIэ жыпIэмэ абы щIиуфат и нэкIур. [16]Абы дежкIэ зигъазэри,
Иудэ жиIащ:

– СынnetworkIыхьэнущ уи деж.

ИщIэртэкъым ар езым и нысэр арауэ зэрыщытыр.

– Сыт къызэптынур, си деж укъыщIыхьэмэ? – жиIащ абы.

[17]– Сэ къыпхуезгъэшэнщ си хъушэм щыщу бжэн цIыкIу, – жиIащ
Иудэ.

– Уихьэн шэсыпIэ, ар къебгъэшэху? – жиIащ цIыхубзым.

[18]– Сыт хуэдэ шэсыпIэ? – жиIащ абы.

– Уи мыхъурыр, уи плIэпсыр, уи Iэм IэщIэлъ уи башыр, – жиIащ
адрейм.

Ахэр иритри, Иудэ щIыхьащ цIыхубзым деж; икIи ар абы хуэ-
хъуащ уэндэгъу. [19]ИтIанэ тэджри кIуэжащ, и щхьэтепхъуэр зытри-
хыжри зихуэпэжащ и фызабэ щыгъынымкIэ.

[20]Иудэм иригъэхьащ бжэн цIыкIур Адуллам къалэм щыщ и ныб-
жьэгъум, а бзылъхугъэм шэсыпIэ зэрыхуихьар къыIригъэхыжыну;
ауэ абы ар игъуэтыжакъым. [21]ИтIанэ еупщIащ а щIыпIэм щыпсэу-
хэм, мыр жиIэурэ:

– Дэнэ щыIэ Енаим и гъуэгу Iуфэм теса къэхьпэр?

– Мыбдежым щыIакъым къэхьпэ, – жаIащ абыхэм.

[22]Арати, абы Иудэ деж къигъэзэжри, жиIащ:

– Сэ згъуэтакъым ар; а щIыпIэм щыпсэухэм «Мыбдежым
щыIакъым къэхьпэ» жаIащ.

[23]– Ирещтэ абы, ауэ дэ къытщымыдыхьэшх закъуэмэ, аращ,
– жиIащ Иудэ. – Хуозгъэхьат сэ мы бжэн цIыкIур, ауэ уэ ар бгъуэ-
такъым.

[24]Мазищ хуэдиз дэкIри, къыжраIащ Иудэ мыпхуэдэу:

– Тамарэ, уи нысэм, зинэ ищIащ, арати, лъэщыджэ хъуащ ар зи-
нэкIэ.

– Дэфш ар, икIи ирырагъэс ар, – жиIащ Иудэ.

[25]Ауэ ар щрашажьэм, абы езым и тхьэмадэм деж игъакIуэри
мыпхуэдэу жрыригъэIащ:

– Сэ уэндэгъу сызыхуэхъуар мы хьэпшыпхэр зейр арщ. АдэкIи
жиIащ:

– ПцIыхужрэ, хэт ей мы мыхъурри, плIэпсри, башри?

[26]Иудэ къицIыхужри, жиIащ:

– Ар нэхъ захуэщ сэ нэхърэ, сэ ар естакъым Шэлэ, си къуэм.

ИкIи екIуэлIакъым ар абы и ужькIэ.

[27]И лъхуэгъуэр къыщысым, Тамарэ и ныбэм зэтIолъхуэныкъуэ илъу къыщIэкIащ. [28]Ар щылъхуэм, бынжэр пызыупщI фызыжьым япэ илъэгъуа IэмирищIащ Iуданэ плъыжь, «мыр япэ къалъхуащ», жиIэри. [29]Ауэ Iэр зейм иригъэгъэзэжри, къикIащ абы и къуэшыр. Фызыжьым жиIащ:

– Уэ дауэ укъыфIэкIа къыппэувам?

ИкIи фIищащ абы цIэуэ Пэрэц*. [30]ИтIанэ къалъхуащ абы и къуэшыр, и Iэм Iуданэ плъыжьыр ищIауэ. ИкIи фIащащ абы цIэуэ Зэрахь*.

## Исуфрэ Потифар и фызымрэ

39 Исуф яшащ Мысырым; ар абы зыша исмэхьил цIыхухэм я деж Исуф щищэхуащ Мысырым щыщ цIыху Потифар, фирхьэуным и блыгущIэтым, фирхьэуным и щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм. [2]Исуф Зиусхьэным щIыгъути, абы и Iуэхухэр къехъулIэрт. Щыпсэуурт ар и зиусхьэным, мысыр цIыхум, и унэм. [3]Арати, къилъэгъуащ абы и тепщэм Зиусхьэныр абы зэригъусэр, абы сыт ищIэми, Зиусхьэным ар къызэрыригъэхъулIэр. [4]Арати, Исуф и тепщэр нэфIкIэ къызригъэплъащ, къулыкъу хуищIэрт абы. ИкIи ищIащ тепщэм ар езым и унэм и тет, иIэ псори абы и IэмыщIэм ирилъхьащ. [5]Абы ар езым и унэми, иIэ псоми я тет щищIа зэманым къыщыщIэдзауэ Зиусхьэным и нэфI щигъэхуащ мысыр цIыхум и унэм, Исуф и хьэтыркIэ; Зиусхьэным и нэфI тетт иджы абы и унэми губгъуэми щиIэ псоми. [6]Арати, ирилъхьащ абы езым иIэ псори Исуф и IэмыщIэм; ар щыIэхукIи, щыгъуэзакъым зыми, езым ишх щIакхъуэм фIэкIа.

Исуфи езыр дахэт пкъыкIи, дахэт нэкIукIи. [7]Исуф и зиусхьэным и фызым и нэ къыфIэнэри, къыжриIащ:

– КъысхуэкIуэ жэщгъуэлъу.

[8]Ауэ абы имыдэу жриIащ и зиусхьэным и фызым:

– Си зиусхьэныр зыкIи гумэщIыркъым, езым иIэ псори си IэмыщIэ кърилъхьащи; [9]ЩыIэкъым мы унэм сэ нэхърэ нэхъ ин; абы

*38:29 Пэрэц – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: гъуэгу пхрыщIыкIын.

*38:30 Зэрахь – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: пщэдджыжь пшэкIэплъ.

зыри къыспиубыдыркъым, уэ зыр мыхъумэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ уэ абы урифызщ; атӀэ сэ дауэ злэжьын а Ӏеягъэ ин дыдэр, дауэ гуэныхьи къыщысхьын Тхьэм и пащхьэ?

[10]Апхуэдэу махуэ къэс абы Исуф къыжриӀэу, мыдрейми абы дэгъуэлъын икӀи абы и гъусэну имыдэу екӀуэкӀыурэ, [11]къэхъуащ мыр зы махуэ гуэрым, ар щӀыхьащ унэм, Ӏуэху гуэр ищӀэну, унэӀут цӀыхухъу гуэри унэм щӀэстэкъым. [12]Бзылъхугъэм иубыдщ абы и щыгъын къуакӀэри, къиштэри жиӀащ:

– Къэгъуэлъ си гъусэу.

Ауэ Исуф и щыгъыныр абы къыӀэщӀинэри, щӀэжыжащ. [13]Мыдрейми абы и щыгъыныр къыӀэщӀинэу зэрыщӀэжыжар къыщилъагъум, [14]и унэӀут цӀыхухъухэр къриджэри, яжриӀащ абыхэм мыпхуэдэу:

– Феплъыт, си тхьэмадэм къытхуишащ журтыр, дэ дигъэпудын папщӀэ. Ар къыщӀыхьат си деж къыздэгъуэлъыну; ауэ сэ сыкӀиящ си макъ къызэрихькӀэ; [15]Сыгъуахъуэу зэрыщӀэздзар сызэрыкӀийр щызэхихым, и щыгъыныр си деж къыщӀинэри жэрыгъэкӀэ щӀэжыжащ ар.

[16]КъыщӀинащ бзылъхугъэм и пэшым Исуф и щыгъыныр, и зиусхьэныр унэм къэкӀуэжыху. [17]ХуиӀуэтэжащ абыи а псалъэ дыдэхэр, мыр жиӀэурэ:

– Журт унэӀуту уэ къытхуэпшар къыщӀыхьат си деж, лей къызихыну. [18]Ауэ сэ пыхьэр щысӀэтым икӀи сыщыкӀийм, абы и щыгъыныр си деж къыщӀинэри, щӀэпхъуэжащ.

[19]– Апхуэдэу къызищӀащ уи унэӀутым,– жиӀэу езым и фызым къыжриӀа псалъэхэр зиусхьэным щызэхихым, къызэщӀэнащ губжькӀэ; [20]Зиусхьэным Исуф иригъэубыдри, щӀригъэдзащ ар хьэпсым, фирхьэуным и гъэрхэр здэщыӀэм.

Арати, къихутащ Исуф хьэпсым. [21]Зиусхьэныр и гъусэти, и фӀыгъэ Исуф къригъэкӀащ, нэфӀкӀэ иригъэплъащ абы хьэпсым и тетыр. [22]Арати, хьэпсым и тетым ирилъхьащ Исуф и ӀэмыщӀэм хьэпсым ис псори, икӀи абдежым сыт щащӀэми, ар щыунафэщӀт. [23]Хьэпсым и тетыр уеблэмэ зыми кӀэлъыплъыртэкъым, абы сыт и ӀэмыщӀэм илъми; сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ Зиусхьэныр Исуф и гъусэти, абы сыт илэжьми, псори къригъэхъулӀэрт.

## Исуф лъэхъуэщым къыдыщIэсхэм я пщIыхьэпIэхэм къикIыр зэрагуригъэIуар

**40** Абы и ужькIэ мысыр фирхьэуным и фадэзехьэмрэ и щIакхъуэгъажьэмрэ къуаншагъэ щалэжьащ я зиусхьэну мысыр фирхьэуным и пащхьэм. 2Яхуэгубжьащ, арати, фирхьэуныр и блыгущIэтитIым: фадэзехьэ нэхъыщхьэмрэ щIакхъуэгъажьэ нэхъыщхьэмрэ. 3Иритащ ахэр щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм, Исуф зрадза хьэпсым. 4Щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм ахэр Исуф и пщэ ирилъхьати, ар хуэIуэхутхьэбзащIэрт абыхэм. Исащ ахэр хьэпсым зэман зыбжанэкIэ. 5Хьэпсым ирадзахэм, мысыр фирхьэуным и фадэзехьэмрэ и щIакхъуэгъажъэмрэ, зэгуэрым ялъэгъуащ пщIыхьэпIэхэр, щхьэж езым и пщIыхьэпIэ, тIуми зы жэщым, щхьэж и пщIыхьэпIэм къикIыр щхьэхуэу. 6Пщэдджыжьым абыхэм Исуф къахыхьати, илъэгъуащ ахэр гузэвэгъуэм зэрыхэтыр.

7ЕупщIащ абдеж езым и гъусэу хьэпсым ис фирхьэун блыгущIэтхэм:

– Щхьэ фи нэгухэр зэхэуфа нобэ? – жиIэри.

8Абыхэм къыжраIащ:

– Дэ тлъэгъуащ пщIыхьэпIэ, ауэ къикIыр къыджезыIэн щыIэкъым.

– ПщIыхьэпIэхэр зэхэхуныр Тхьэр аракъэ зи Iуэхур? – яжриIащ абыхэм Исуф. – КъысхуэфIуатэ сэ ахэр.

9Абдеж фадэзехьэ нэхъыщхьэм и пщIыхьыр хуиIуэтащ Исуф, жриIащ абы мыпхуэдэу:

– Сэ сепщIыхьащ жызумей къуэпс си пащхьэм къилъу; 10А къуэпсым къудамищ тетт. Ар хэхъуащ, гъэгъахэр къыпидзащ, жызумри хъуащ. 11Фирхьэуным и фалъэр IэщIэтт си Iэм. Сэ жызумыр къасщтэри, фирхьэуным и фалъэм испIытIыхьащ, итIанэ IэщIэслъхьащ фалъэр фирхьэуным.

12– Абы къикIыращи, – жриIащ Исуф абы, – къудамищыр махуищщ. 13Махуищ дэкIмэ, фирхьэуным уиутIыпщыжынурэ уи увыпIэу щытам уигъэгъэзэжынущ, япэм зэрыпщIэу щытам хуэдэуи IэщIэплъхьэнущ фалъэр фирхьэуным. 14Уигу сыкъэгъэкIыж атIэ, уи Iуэхухэр фIы хъуа нэужь, фIы къысхуэщIэ, фирхьэуным си гугъу хуэщIи, сишыж мы хьэпсым. 15Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сыкърадыгъукIащ журт щIыналъэм; мыбы хьэпсым сыщIрадзэн зыри щысщIакъым.

[16]ЩІакхъуэгъажьэ нэхъыщхьэм абы пшІыхьэпІэр фІыкІэ зэры-
зэхихур илъэгъуати, къыжриІащ Исуф:
– Сэри мыпхуэдэу сепщІыхьащ: си щхьэм тет хуэдэт щІакхъуэ
хужь зрылъ матэ хъарищ; [17]Ищхьэ дыдэм тет матэм илът фирхьэу-
ным и шхыныгъуэу щІакхъуэгъажьэм и ІэрыкІ сыт хуэдэри; къуа-
лэбзухэм яуІурт ахэр, си щхьэм тет матэм здилъым.
[18]Исуф жэуап къитри, жиІащ:
– Абы къикІыращ: матищыр махуищщ; [19]Махуищ дэкІмэ, фирхь-
эуным уи щхьэр пиупщІынурэ упилъэнущ жыгым; къуалэбзухэми
яуІунущ уи лыр.
[20]Ещанэ махуэм, фирхьэуныр къыщалъхуа махуэм, абы ищІащ
ефэ-ешхэ и къулыкъущІэхэм папщІэ, абдеж игъакІуэри, хьэпсым
къыщІригъэщыжащ езым и къулыкъущІэхэм ящыщу фадэзе-
хьэмрэ щІакхъуэгъажьэмрэ; [21]Арати, кърирагъэгъэзэжащ фадэзехьэ
нэхъыщхэм и увыпІэм, икІи абы ІэщІигъэуващ фадэ бжьэр фир-
хьэуным. [22]Ауэ щІакхъуэгъажьэ нэхъыщхьэр пилъащ, Исуф абы и
пщІыхьэпІэр къызэрыхузэхихуауэ. [23]АрщхьэкІэ фадэзехьэ нэхъыщ-
хьэм игу къэкІыжакъым Исуфыр, щыгъупщэжащ ар.

## Исуф фирхьэуным и пщІыхьэпІэхэм къикІыр зэрыгуригъэІуар

41 Илъэсит І дэкІа нэужь, фирхьэуным пщІыхьэпІэу мыр
илъэгъуащ: мис, ар Іутщ Нил псым и Іуфэм. [2]Еплъурэ,
къыхэкІащ псым жэмибл, теплъэфІэрэ пшэрхэу, щыхъуакІуэрт
ахэр псыпцІэ къамылым деж. [3]ИтІанэ абыхэм я ужькІэ къыхэкІащ
псым нэгъуэщІ жэмибли, теплъаджэрэ уэдыкъуауэ, ябгъурыуващ
ахэри псы Іуфэм Іут адрей жэмхэм. [4]Жэм теплъаджэ уэдыкъуахэм
яшхащ жэм теплъафІэ пшэриблыр. Фирхьэуныр абдеж къэушащ.
[5]Жеижащ аргуэру, епщІыхьащ ар аргуэру: зы щхьэмыжыпкъым
къыпыкІащ щхьэмыжибл, щызрэ бэву. [6]Абыхэм я ужькІэ къэкІащ
щхьэмыжибл, теплъаджэрэ къуэкІыпІэ жьыбгъэм ипхъэхауэ. [7]Аб-
деж яшхащ щхьэмыж уэдхэм щхьэмыж щызхэр. Фирхьэуныр къэ-
ушыжри, къыгурыІуащ ар зэрыпщІыхьэпІэр.
[8]Пщэдджыжьым къэпІейтеящ абы и псэр, игъакІуэри, къригъэ-
шащ Мысырым и тхьэгурымагъуэхэри цІыху акъылыфІэхэ-
ри, яхуиІуэтащ фирхьэуным абыхэм езым и пщІыхьэпІэр; ауэ
къахэкІакъым абыхэм пщІыхьэпІэм къикІыр фирхьэуным къыже-

зыIэфын гуэри. [9]Абдеж къэпсэлъащ фирхьэуным и фадэзехьэр,
жриIащ фирхьэуным:

– Си гуэныхьыр сигу къокIыж иджы. [10]Зэгуэрым фирхьэуныр
и унэIутхэм къытхуэгубжьри, дыщIригъэдзат сэри щIакъуэгъажьэ
нэхъыщхьэри хьэпсым. [11]Тлъэгъуат дэ пщIыхьэпIэ а зы жэщым,
щхьэж езым и пщIыхьэпIэ, мыхьэнэкIэ зэтемыхуэу. [12]Абдежым
щыIэт ди гъусэу журт щIалэ, щхьэхъумэхэм я Iэтащхьэм и унэIу-
тыр. Щхьэж и пщIыхьэпIэр хуэтIуэтати, абы къыджиIащ щхьэж и
пщIыхьэпIэм къикIыр. [13]Абы пщIыхьэпIэхэр къызэрытхузэхихуам
хуэдэуи хъуащ: сэ си увыпIэм къызагъэгъэзэжащ; щIакъуэгъажьэ
нэхъыщхьэр палъащ.

[14]Абдеж фирхьэуным игъакIуэри, къригъэшащ Исуф; епIэ-
щIэкIыу кърашыжащ ар хьэпсым. Абы и щхьэцхэр ищщ, и
щыгъынхэр зэрихъуэкIри, кIуащ фирхьэуным деж. [15]Фирхьэуным
Исуф жриIащ:

– Сэ пщIыхьэпIэ слъэгъуащи, щыIэкъым ар схузэхэзыхуфын гуэ-
ри, ауэ уэр щхьэкIэ зэхэсхащ пщIыхьэпIэхэр зэхэпхуфу.

[16]Исуф фирхьэуным жэуап иритащ, мыр жиIэри:

– Ар сэ си Iэ илъкъым, Тхьэм къритынщ фирхьэуным жэуап,
абы и сэбэп къыхэкIыу.

[17]ЖриIащ, арати, фирхьэуным Исуф:

– Сэ сепщIыхьащ: сытетщ сэ псым и нэпкъым. [18]Абы сытетурэ
къыхэкIащ псым жэмибл, пшэррэ теплъафIэу; щыхъуакIуэрт ахэр
псыпцIэ къамылым деж. [19]Абыхэм я ужькIэ къыхэкIащ нэгъуэщI
жэмибл, Iейуэ, икъукIэ теплъаджэрэ уэдыкъуахэу; сэ щыслъэгъуа-
къым Мысыр щIыналъэм абыхэм хуэдэу Iей. [20]Яшхащ абдеж жэм
уэдхэм икIи теплъаджэхэм жэм пшэриблыр. [21]Ихьащ жэм пшэрхэр
абыхэм я ныбэхэм, ауэ хэпщIыкIыртэкъым ахэр абыхэм я ныбэхэм
ихьауэ. Ахэр япэм зэрыщытам хуэдэу, я теплъэкIэ зэрыIейт. Абдеж
сэ сыкъэушащ. [22]ИтIанэ сэ сепщIыхьащ: зы щхьэмыжыпкъым къы-
пыкIащ щхьэмыжибл, щызу икIи уэндэгъуу. [23]Ауэ абыхэм я ужь-
кIэ къэкIащ щхьэмыжибл, псыгъуэу, уэдрэ къуэкIыпIэ жьыбгъэм
ипхъэхауэ. [24]Яшхащ щхьэмыж уэдхэм щхьэмыжыфIиблыр. Сэ ар
яхуэсIуэтат тхьэгурымагъуэхэм, ауэ зыми къысхузэхихуфакъым
къикIыр.

[25]ЖриIащ Исуф фирхьэуным:

– Фирхьэуным и пщIыхьэпIэр зыщ: Тхьэм Езым ищIэнумкIэ хъы-
бар къригъэщIащ фирхьэуным. [26]ЖэмыфIу блыр илъэсиблщ; щхьэ-
мыжыфIу блыри – ар илъэсиблщ: зы пщIыхьэпIэщ. [27]Жэм уэдрэ

теплъаджэу блыр, адрейхэм я ужькIэ къыхэкIахэр – ар илъэсиблщ,
апхуэдэуи уэдрэ къуэкIыпIэ жьыбгъэм ипхъэхауэ щхьэмыжиблыр
– ар гъаблэ илъэсиблщ. 28Аращ сэ щIыжесIар фирхьэуным: Тхьэм
ищIэнур Абы къригъэлъэгъуащ фирхьэуным.

29КъокIуэ Мысыр щIыналъэ псом бэвагъ ин дыдэ щыщыIэну
илъэсиблыр. 30Абыхэм я ужькIэ къэкIуэнущ гъаблэ илъэсиблыр;
щащыгъупщэжынущ Мысыр щIыналъэм а бэвыгъэр, зэхикъутэнущ
хэкур гъаблэм. 31Ящыгъупщэжынущ ипэрей бэвыгъэр, къэкIуэну
гъаблэм къыхэкIыу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар икъукIэ хьэлъэу щы-
тынущ. 32Фирхьэуным тIэунейрэ а пщIыхьыр зэрилъэгъуам къокI
ар хьэкъыу Тхьэм и псалъэу зэрыщытыр икIи щIэх дыдэ Тхьэм ар
зэригъэзэщIэнур.

33Иджы фирхьэуным лIы акъылыфIэ Iущ къыхрехи, трырегъэувэ
ар Мысыр щIыналъэм. 34Фирхьэуным унафэ ирещI кIэлъыплъакIуэ-
хэр щIыналъэм трагъэувэну икIи бэвыгъэ щыщыIэну илъэсиблым
и кIуэцIкIэ Мысыр щIыналъэм къытекIым щыщу Iыхьэ етхуанэр
зэхуахьэсыну. 35Абыхэм кърещтэ мы илъэсыфI къакIуэхэм я гъа-
вэ сыт хуэдэри. Фирхьэуным и нэIэм щIэту къалэхэм ар щызэху-
рахьэс ерыскъыпхъэуи, ирырахъумэ. 36Хуэхъунщ хэкум а гъавэр
гъэтIылъыгъэ Мысыр щIыналъэм къытепсыхэну гъаблэ илъэси-
блым и кIуэцIкIэ, щIыналъэр гъаблэм имыхьын папщIэ.

## Исуф фирхьэуным и къуэдзэ зэрыхъуар

37Ар ягу ирихьащ фирхьэунми абы и къулыкъущIэ псоми.
38ЯжриIащ фирхьэуным абыхэм:

– Дгъуэтыну пIэрэ дэ мыбы хуэдэу Тхьэм и Псэ ЛъапIэр зигу
илъ нэгъуэщI цIыху?

39ЖриIащ фирхьэуным Исуф:

– А псори Тхьэм уэ къыщызэпхуIуихакIэ, щыIэкъым уэ пхуэдэу
акъылыфIэрэ Iущрэ; 40Уэ уритетынущ си унэм, уи унафэхэми къе-
дэIунущ си лъэпкъ псор; ауэ пащтыхьыгъэкIэ сэ зырщ уэ нэхърэ
нэхъ ину щытынур.

41АдэкIи жриIащ фирхьэуным Исуф:

– Мис, сэ утызогъэувэ уэ Мысыр щIыналъэ псом.

42Фирхьэуным и Iэм пащтыхь мыхъур зытет Iэлъыныр къыIэрих-
ри ирилъхьащ Исуф и Iэм; ихуэпащ ар щыгъын хужь лъапIэхэмкIэ,
ирилъхьащ дыщэ лэрыпсыр абы и пщэм. 43Унафэ ищIащ ар езым и

шыгухэм ящыщу етIуанэмкIэ яшэну, икIи абы и пэм иту ягъэIуну:
«Щхьэщэ фщIы»! Арати, трагъэуващ ар Мысыр щIыналъэ псом.

44ЖриIащ фирхьэуным Исуф:

– Сэ сыфирхьэунщ: уи Iизыныншэу зыми щигъэхъеинукъым и
Iэри лъэбэкъуи щидзынукъым Мысыр щIыналъэ псом.

45ФIищащ фирхьэуным Исуф цIэуэ Цафэнат-ПанэIахь; иритащ
абы фызу Асэнат, Он къалэм щыщ тхьэгъэпс Потиферахь и пхъур.
Мысыр щIыналъэ псори Исуф и Iэ илъ хъуащ. 46Исуф илъэс щэщI
хъурт ар Мысыр пащтыхьым, фирхьэуным, и пащхьэм щихьам
щыгъуэ. Исуф фирхьэуным и пащхьэм икIри, къикIухьащ Мысыр
щIыналъэ псори.

47ЩIыгуми бэвыгъэ щыщыIэ илъэсиблым щыгъуэ зы хьэдзэр
игъэбагъуэрт зы IэмыщIэ изу. 48Илъэсиблым Мысыр щIыналъэм
бэв щыхъуа сыт хуэдэ гъавэри зэхуихьэсри, щигъэтIылъащ Исуф
гъавэр къалэхэм; дэтхэнэ къалэми щигъэтIылъащ ар къэзухухъуреихь
губгъуэхэм я гъавэр. 49Зэхуихьэсащ Исуф гъавэр икъукIэ куэду, хы
пшахъуэм хуэдэу, ар ибжыни щигъэтыжащ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ
къыпхуэлъытэнутэкъым и бжыгъэр.

50Гъаблэ илъэсхэр къэмыс щIыкIэ, Исуф къыхуэхъуащ къуитI;
ахэр къилъхуащ Он къалэм щыщ тхьэгъэпс Потиферахь ипхъу
Асенат. 51ФIищащ Исуф и щыпэлъхум цIэуэ Мынасэ*; сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ, жиIэрт абы, Тхьэм сщигъэгъупщащ си гуауэ псори си
адэм и унэри. 52Адрейми фIищащ цIэуэ Ефраим*, сыт щхьэкIэ жы-
пIэмэ, жиIэрт абы, гугъуехь щысщэч щIыналъэм фIы къыспыкIы-
ну Тхьэм сыщищIащ.

53Ауэрэ блэкIащ Мысыр щIыналъэм щыщыIа бэвыгъэ илъэ-
сиблыр. 54АдэкIэ къэсащ гъаблэ илъэсиблыр, Исуф зэрыжиIэгъам
хуэдэу. Щыгъаблэт щIыналъэ псом; ауэ Мысыр щIыналъэ псом
щыIэт гъавэ. 55Мысыр щIыналъэ псоми гъаблэр къыщыщхьэщы-
хьэм, цIыхубэм щIадзащ фирхьэуным гъавэ щхьэкIэ хуэпыхьэу.
ЯжриIащ фирхьэуным мысыр цIыху псоми:

– Исуф деж фыкIуи, фщIэ абы къывжиIэр.

56Щыгъаблэт щIылъэ псом: арати, гуэнхэр псори къызэIуих-
ри, Исуф щIидзащ мысыр цIыхухэм гъавэр ярищэу. Гъаблэр нэхъ
ткIий щыхъурт Мысыр щIыналъэм. 57Адрей къэралхэм къикIы-

*41:51 Мынасэ – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: лIыгъэкIэ щыбгъэ-
гъупщэн.

*41:52 Ефраим, – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: фIыгъэ къыпыкIын.

урэ, къакIуэрт Мысырым, Исуф деж гъавэ щащэхун папщIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гъаблэр нэхъри ткIий щыхъурт щIылъэм.

### Исуф и къуэш нэхъыжьхэр Мысырым зэрыкIуар

42 Арати, Екъуб къищIащ Мысырым гъавэ зэрыщыIэр, яжриIащ Екъуб и къуэхэм:

– Сыт фызыпэплъэр?

2 АдэкIэ пищащ:

– Сэ зэхэсхащ Мысырым гъавэ щыIэу; абы фыкIуи, къыщытхуэфщэху гъавэ, шхын щхьэкIэ дымылIэн папщIэ.

3 Исуф и къуэшипщIыр кIуащ Мысырым, гъавэ къыщащэхуну.
4 Ауэ Бениамин, Исуф и къуэшыр, игъэкIуакъым Екъуб, зэкъуэшхэм я гъусэу; къыщымыщIащэрэт зыгуэр, жери.

5 КъэкIуащ Израил и къуэхэр гъавэ ящэхуну, адрей къэкIуахэм ящIыгъуу; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Ханаан щIыналъэм щыгъаблэт.

6 АтIэ Исуф щыIэтащхьэтэкъэ а щIыналъэм; ярищэрт абы щIыналъэм и цIыху псоми гъавэ.Исуф и къуэшхэр къакIуэри, щхьэщэ
къыхуащIащ абы, щIым нэсу. 7 Исуф и къуэшхэр къилъагъури, къицIыхужащ ахэр; ауэ ахэр къимыцIыхужауэ фэ зытригъауэри, епсэлъащ абыхэм ткIийуэ, мыр яжриIащ:

– Дэнэ фыкъикIа фэ?

– Ханаан щIыналъэм, гъавэ къэтщэхуну, – жаIащ абыхэм.

8 Исуф къицIыхужащ и къуэшхэр, ауэ езыхэм къацIыхужакъым ар.

9 Абдеж Исуф игу къэкIыжащ езым абыхэм ятеухуауэ илъэгъуа пщIыхьэпIэхэр; яжриIащ абыхэм:

– Фэ фытIасхъэщIэхщ; фэ фыкъэкIуащ, мы щIыналъэм и тIасхъэхэр зэвгъэлъагъун папщIэ.

10 – Хьэуэ, ди зиусхьэн, – къыжраIащ абыхэм Исуф, – уи унэIутхэр къэкIуащ гъавэ къащэхуну.
11 Дэ псори зы цIыхум дрикъуэщ; дэ пэжыгъэ зиIэ дыцIыхущ; уи унэIутхэр щытакъым тIасхъэщIэхыу.

12 – Хьэуэ, – яжриIащ Исуф абыхэм, – фэ фыкъэкIуащ, мы щIыналъэм и тIасхъэхэр зэвгъэлъагъун папщIэ.

13 – Дэ, уи унэIутхэр, зэкъуэш пщыкIутI дохъу, – жаIащ абыхэм – дэ Ханаан щIыналъэм щыщ зы лIым дрикъуэщ, нэхъыщIэр ди адэм и гъусэщ, ауэ зыр щыIэжкъым.

14 – Ар дыдэрщ сэри вжесIар, – яжриIащ абыхэм Исуф, – фэ фытIасхъэщIэхщ.
15 Мис фэ фызэрызгъэунэхунур: фирхьэуным и

цIэмкIэ тхьэлъанэ сощI мыбы фимыкIыжыну, фи къуэш нэхъыщIэр мыбы къэмыкIуауэ. [16]Фэ фщыщ зы вгъакIуи, кърешэ абы фи къуэшыр; ауэ фэ хьэпсым фыщIэсынущ. ИтIанэ къыщIэщынщ фэ жыфIэр пэжрэ мыпэжрэ. Мыпэжмэ, фирхьэуным и цIэмкIэ тхьэлъанэ сощI фэ фытIасхъэщIэхыу.

[17]ИкIи яритащ ахэр хъумакIуэхэм махуищ пIалъэкIэ.

[18]ЯжриIащ Исуф абыхэм ещанэ махуэм:

– Мыращ фщIэнур, псэууэ фыкъэнэну фыхуеймэ; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ сыщошынэ Тхьэм. [19]Фэ пэжыгъэ зиIэ фыцIыхумэ, фэ фщыщу фи зы къуэшыр щрыраIыгъ фэ фыздыщIаубыда хьэпсым, ар кърензэ; мыдрейхэр фыкIуэж, фшэ гъавэ, фи унагъуэхэр зэрымэжэщIалIэм папщIэ. [20]ИтIанэ фи къуэш нэхъыщIэр къысхуэфшэ, фи псалъэхэр пэж хъун, фэри фымылIэн папщIэ.

Апхуэдэуи ящIащ абыхэм.

[21]ЖаIэрт абыхэм мыпхуэдэу:

– ИпэжыпIэкIэ, дэ допшыныж ди къуэшым етщIэгъа гуэныхьыр. Дэ тлъагъурт абы и псэм телъ хьэзабыр, ар дэ къыщыдэлъэIум, ауэ дедэIуакъым. Абы папщIэ къытлъысащ мы тхьэмыщкIагъэр.

[22]Рубэн абыхэм яжриIащ:

– ВжесIатэкъэ сэ «НыбжьыщIэм и гуэныхь къэвмыхь» жысIэри? Ауэ фэ фыдэIуакъым; иджы абы и лъыр дагъэпшыныж.

[23]Ауэ ящIэртэкъым абыхэм жаIэр Исуф къызэрыгурыIуэр; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм я кум тэрмэш дэтт. [24]Абдеж абыхэм ябгъэдэкIуэтри, гъащ Исуф. ИтIанэ къабгъэдыхьэжри, епсэлъащ абыхэм, итIанэ абыхэм Симеон къахишри, псоми ялъагъуу япхыну унафэ ищIащ.

[25]АдэкIэ унафэ ищIащ Исуф абыхэм я къэпхэм гъавэр из хуащIыну, щхьэж и дыжьынри къэпхэм хуралъхьэжыну, гъуэмылэ куэди иратыну. Апхуэдэуи хуащIащ абыхэм.

[26]Я гъавэр я шыдхэм тралъхьэри ежьэжащ ахэр. [27]Абыхэм ящыщ зым и къэпыщхьэр щитIатэм, жэщым зыщагъэпсэхум шыдым Iус иритын папщIэ, къилъэгъуащ езым и дыжьыныр и къэпым зэрилъыр, гъавэм и щIыIукIэ. [28]ЯжриIащ абы и къуэшхэм:

– Си дыжьыныр къызатыжащ; ар къэпым илъщ, гъавэм и щIыIукIэ.

Къэгузэващ ахэр, мыпхуэдэу жаIэрт абыхэм, шынауэ:

– Сыт Тхьэм мы къыдищIар?

[29]КъэкIуэжащ ахэр я адэ Екъуб деж, Ханаан щIыналъэм, абы хуаIуэтэжащ къащыщIа псори, мыр жаIэурэ:

30– А щIыналъэм щыIэтащхьэр ткIийуэ къыдэпсэлъащ, а щIы-
налъэм и тIасхъэ щIэтхыну дыкIуауэ жиIэри. 31Дэри абы жетIащ:
«Дэ пэжыгъэ зиIэ дыцIыхущ; дытIасхъэщIэхкъым. 32Дэ зэкъуэш
пщыкIутI дохъу, ди адэм и къуэхэр; зыр щыIэжкъым, нэхъыщIэр
ди адэм и гъусэу Ханаан щIыналъэм щыIэщ». 33КъыджиIащ а щIы-
налъэм и Iэтащхьэм итIанэ: «Мис мыпхуэдэущ сэ къызэрысщIэнур
фэ фыцIыху пэжрэ мыпэжрэ: къысхуэвгъанэ фи къуэшхэм ящыщ
зыр; фэ езыхэм къафщтэ гъавэ фи унагъуэхэр зэрымэжэщIалIэм
папщIи, фыкIуэж; 34ИкIи къысхуэфшэ фи къуэш нэхъыщIэр; сэ
абыкIэ къэсщIэнщ фэ фызэрымытIасхъэщIэхыр, атIэ пэжыгъэ зиIэ
цIыхуу фызырыщытыр; фи къуэшыр фэстыжынщи, хъунущ фэ
фыщылажьэ мы щIыналъэм».
35Абдеж абыхэм я къэпхэр къыщаунэщIым, щхьэж и къэпым
илъщ я дыжьын зэкIуэцIыпхахэр. Я дыжьын зэкIуэцIыпхахэр зэш-
хэми абыхэм я адэми щалъагъум, къэшынащ.
36Екъуб, абыхэм я адэм, яжриIащ и къуэхэм:
– Фэ сIэщIэфхащ си сабийхэр: Исуф щыIэжкъым; Симеони
щыIэжкъым; Биниамини сIэщIэфхыну фыхуейщ – а псор сшэчын
хуей сэ!
37Рубэн и адэм мыпхуэдэу жриIащ:
– УкI си къуитIыр, сэ ар къыщыпхуэзмышэжкIэ; къилъхьэ ар си
IэмыщIэ; сэ къыпхуэсшэжынщ ар.
38– НэкIуэнукъым си къуэр фи гъусэу, – жиIащ абы, – сыт щхьэ-
кIэ жыпIэмэ абы и къуэшыр лIэри, а зырщ къэнэжар. Иджы фэ
фызытехьэну гъуэгум абы насыпыншагъэ къыщыщыщIмэ, фэ фи
лажьэкIэ сэ, зи щхьэц тхъуа лIыжьыр, гуауэм хьэдрыхэ сихьынущ.

## Биниамин и къуэшхэм я гъусэу Мысырым зэрыщыIар

43 Гъаблэр нэхъ ткIий щыхъуащ щIылъэм. 2Мысырым къраша
гъавэр яшхын щаухым, Екъуб яжриIащ и къуэхэм:
– ФыкIуэ иджыри, къытхуэфщэху гъавэ.
3Иудэ абы зыкъыхуигъэзащ, мыр жиIэри:
– А цIыхум быдэу къытхуигъэуващ дэ: «Фыкъимыхьэ си пащ-
хьэ, фи къуэшыр фи мыгъусэмэ», жиIэри. 4Ди къуэшыр ди гъусэмэ,
дыкIуэнщи, къыпхуэтщэхунщ гъавэ. 5Ауэ номыгъакIуэмэ, дыкIуэ-
нукъым; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а цIыхум къыджиIащ дэ: «Фыкъи-
мыхьэ си пащхьэ, фи къуэшыр фи мыгъусэмэ», жиIэри.

[6]– Сыт фэ апхуэдэ Iеягъэ къыщIызэфщIар, – жиIащ Израил, -фэ иджыри къуэш фиIэу а цIыхум жефIэу?

[7]– КъытпкърыупщIыхьащ а цIыхур дэр папщIи ди Iыхьлыхэм папщIи, – жаIащ абыхэм, – «Псэу иджыри фи адэр? ФиIэ къуэш?» – жиIэурэ. Дэри хуэтIуэтащ ар абы а упщIэхэм я жэуапу. ТщIэрэт дэ абы: «Къысхуэфшэ фи къуэшыр» жиIэну.

[8]Иудэ жриIащ Израил, езым и адэм:

– НэутIыпщ щIалэр си гъусэу; дэри зытIэтынщи, дыкIуэнщ, икIи псэууэ дыкъэнэнщ, дылIэнкъым дэри, уэри, ди сабийхэри.

[9]Сэ жэуап сохь абы папщIэ, си IэхэмкIэ уэстыжынщ ар. Сэ ар къыпхуэсшэжу уи пащхьэм измыгъэувэжмэ, уи пащхьэм сыщыкъуаншэщ игъащIэкIэ. [10]Дэ зидмылъэфыхьамэ, тIэунейрэ дыкIуакIэт абы.

[11]Израил, абыхэм я адэм, яжриIащ и къуэхэм:

– Апхуэдэу щыщыткIэ, мыр фщIэ: ныздэфщтэ мы щIыналъэм къытекIхэм ящыщ нэхъыфIхэр, хуэфхь тыгъэу а цIыхум Iэзэгъуэ удз зыбжанэрэ форэ, мэ IэфI зыпихрэ жыгхэмрэ удзхэмрэ, дэжьейхэмрэ миндал дэхэмрэ. [12]Зыдэфщтэ хуэдитIкIэ дыжьыни; а фи къэпхэм къралъхьэжа дыжьынри зыдэфщтэжи, яхуэфхьыж; пщIэнукъым, зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхуу къыщIэкIынкIэ хъунущ ар. [13]Фи къуэшыр здэфшэ, зыфIэти, фыкIуэ аргуэру а цIыхум деж. [14]Тхьэуэ псори зыхузэфIэкIым щывигъэгъуэтынщ а цIыхум деж гущIэгъу, адрей фи къуэшри Биниамини абы къыфхуиутIыпщыжын папщIэ. Сэри быныншэу сыкъэнэну иухамэ, быныншэу сыкъренэ.

[15]Арати, къащтащ а тыгъэхэр а цIыхухэм, къащтащ я IэхэмкIэ дыжьыну хуэдитIи, Биниамини здашэри, кIуащ Мысырым, иуващ Исуф и пащхьэм. [16]Исуф, абыхэм Биниамин яхэту къыщилъагъум, жриIащ езым и унэм и унафэщIым:

– ЩIэшэ мы цIыхухэр унэм, Iэщым щыщ гуэри укIи, къэгъэхьэзыр; си гъусэу шхэнущ а цIыхухэр шэджагъуэм.

[17]ИщIащ а цIыхум Исуф зэрыжиIам хуэдэу, щIишащ а цIыхум ахэр Исуф и унэм. [18]А цIыхухэр Исуф и унэм зэрыщIашам щхьэкIэ къэшынэри, жаIащ:

– Ди къэпхэм иралъхьэжауэ щыта дыжьыным папщIэщ унэм дыкъыщIыщIашар, ар фIэгъэнапIэ ящIу къыттеуэу дэри ди шыдхэри гъэр дащIын папщIэщ.

[19]Ахэр Исуф и унэм и унафэщIым бгъэдыхьэри, щIадзащ абы бжэм деж щепсалъэу.

[20]ЖаIащ мыпхуэдэу:

– КъэдаIуэт, ди зиусхьэн, дэ нэхъапэми дыкъэкIуэгъащ гъавэ
тщэхуну. [21]Абы щыгъуэ къэхъуауэ щытаращ: нэху дгъэщыну ды-
къэувыIауэ, ди къэпхэр щыттIатэм – дыжьыныр щхьэж и къэп
илъщ, иджы дэ фыдотыж ар ди IэкIэ. [22]Ауэ гъавэ къэтщэхун пап-
щIэ, дэ къэтхьащ нэгъуэщI дыжьыни. Дэ тщIэркъым ди дыжьын-
хэр ди къэпхэм хэт кърилъхьэжами.

[23]– Фысабыр, фымышынэ, – жиIащ абы, – фи Тхьэуэ фи адэм и
Тхьэм фхурилъхьащ фи къэпхэм мылъкур; фи дыжьыныр къэсащ
си деж. – Абдеж къахуишащ абыхэм Симеон.

[24]Исуф и унэм а цIыхухэр щIишэри, яхуихьащ псы, абыхэм
ятхьэщIащ я лъакъуэхэр; яритащ абыхэм я шыдхэми Iус. [25]Къа-
гъэхьэзыращ абыхэм тыгъэхэр Исуф къыщыкIуэжыну шэджагъуэм
ехъулIэу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абыхэм зэхахат абдежым щэджа-
гъуашхэ зэрыщышхэнур.

[26]Арати, къэкIуэжащ Исуф унэм; хуахьащ абыхэм Исуф тыгъэу
езыхэм яIыгъхэр, щхьэщи хуащIащ абы щIым нэс загъэщхъыу.
[27]Абыхэм я узыншагъэм щIэупщIэри, жиIащ Исуф:

– Узыншэ зи хъыбар къысхуэфIуэта фи адэ лIыжьыр? Псэу ар
иджыри?

[28]Абыхэм жаIащ:

– Узыншэщ уи унэIутыр, ди адэр; иджыри псэущ.

Абдежми загъэщхъри, абыхэм щхьэщэ ящIащ.

[29]Исуф къыщеплъым, къилъэгъуащ Биниамин, езым и къуэшыр,
езым и анэм къилъхуар, икIи жиIащ:

– Мыра фи къуэш нэхъыщIэу зи хъыбар къысхуэфIуэтар? Адэ-
кIэ пищащ: «Тхьэм и нэфI къыпщыхуэ, си щIалэ!»

[30]ПIащIэу IукIыжащ Исуф, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы и къуэ-
шым хуиIэ лъагъуныгъэр къызэщIэнати, ар хьэзырт къэгъыну; ар
унэм щIыхьэри щыгъащ унэ кIуэцIым. [31]И напэр итхьэщIыжри
къыщIэкIыжащ, зиубыдыжри жиIащ:

– Къэфхь шхыныр.

[32]Къыхуахьащ абы щхьэхуэу, абыхэми щхьэхуэу, абыхэм
къадэшхэ мысыр цIыхухэми щхьэхуэу: мысыр цIыхухэр ядэшхэ
хъуркъым журтым; ар цIапIагъэщ мысыр цIыхухэм дежкIэ. [33]Щы-
тIысащ зэшхэр абы и пащхьэм, нэхъыжьыр езым и ныбжьым елъы-
тауэ, нэхъыщIэри езым и нэхъыщIагъэм елъытауэ, а цIыхухэр зыр
адрейм фIэгъэщIэгъуэныжу зэхэст. [34]Исуф езым и Iэнэм телъ шхы-
ныгъуэхэм щыщ абыхэм къахуригъэхьырт; Биниамин и Iыхьэр

тхукIэ нэхъыбэт дэтхэнэми ейм нэхърэ. Арати, ефахэщ, икIи дэгуфIащ абы.

### Исуф и къуэшхэр зэригъэунэхуар

**44** Исуф унафэ хуищIащ езым и унэм и унафэщIым, мыр жиIэри:

– ГъэнщI абыхэм я къэпхэр яхуэхьыфынум хуэдиз гъавэкIэ, щхьэж и дыжьынри илъхьэж къэпхэм, гъавэм и щIыIукIэ. [2]Си фалъэр, дыжьын фалъэр, илъхьэ нэхъыщIэм и къэпым и щIыIукIэ, абы гъавэм папщIэ къыздихьа дыжьыным щIыгъуу.

Мыдреймигъэзэщащ Исуф ищIа унафэр.

[3]Пщэдджыжьым, нэху щыщым, яутIыпщыжащ а цIыхухэр, езыхэри я шыдхэри. [4]Ахэр къалэм жыжьэу IукIатэкъым, Исуф и унэм и унафэщIым щыжриIам:

– КIуэ, а цIыхухэм ялъежьи, уалъэщIыхьэмэ, яжеIэ абыхэм: «Сыт фэ фIым IейкIэ фыщIыпыкъуэкIар?» жыIи. [5]«Сыт си зиусхьэным и дыжьын фалъэр щIэвдыгъуар?[*] Мыр си зиусхьэныр зэрефэ фалъэракъэ? Абы ар къегъэсэбэп къэхъункъэщIэнухэр кърищIэу. Iеягъэу фщIащ фэ ар».

[6]Ар абыхэм ялъэщIыхьэри, яжриIащ а псалъэхэр. [7]Зэшхэм къыжраIащ абы:

– Сытым папщIэ жиIэрэ ди зиусхьэным апхуэдэ псалъэхэр? Хьэуэ, уи унэIутхэм ящIэнукъым апхуэдэ Iуэху. [8]ЗэрыпщIэщи, ди къэпхэм я щхьэхэм щхьэщылъу къэдгъуэта дыжьынхэр Ханаан щIыналъэм къитхри къыпхуэтхьыжащ: атIэ дауэ къыщIэддыгъукIын уи зиусхьэным и унэм дыжьын е дыщэ? [9]Уи унэIутхэм ящыщу ар къызыкъуэкIым ажал лърес; икIи дэри унэIут дыхуэхъунщ ди зиусхьэным.

[10]– Хъунщ – жиIащ абы, – фэ зэрыжыфIам хуэдэу ирехъу: фалъэр хэт къыкъуэкIми, ар схуэхъунщ унэIут, адрейхэм лажьэ фиIэкъым.

[11]Зэшхэм пIэщIэгъукIэ кърагъэувэхащ щIылъэм я къэпхэр, ятIэташ къэпыщхьэхэр, хэти итIэташ и къэпыщхьэр. [12]Къэпхэр къищащ унафэщIым, къыщыщIидзэщ нэхъыжьымкIи, нэхъыщIэмкIэ щиухащ; арати, къыщагъуэташ фалъэр Бениамин и къэпым.

---

[*]44:5 «Сыт си зиусхьэным и дыжьын фалъэр щIэвдыгъуар? – пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхэм мы псалъэхэр хэткъым, ауэ нэгъуэщI пасэрей Iэрытххэм хэтщ.

[13]Я гукъеуэм къыхэкIыу щачэтхъащ зэшхэм я щыгъынхэр, щхьэж и
хьэлъэр я шыдхэм тралъхьэжри къагъэзэжащ къалэм.

[14]Иуди абы и къуэшхэри Исуф и унэм къыщыкIуэм – ар
иджыри унэм щIэсти – зыщрадзыхащ щIым абы и пащхьэм деж.
[15]Исуф яжриIащ абыхэм:

– Сыт фэ фщIар? Фэ фымыщIэу пIэрэт сэ схуэдэ цIыхум цIы-
хухэм щэхуу ящIар Iэмал имыIэу къызэрищIэнур?

[16]– Сыт жетIэн ди зиусхьэным? – жиIащ Иудэ. – Сыт жетIэн?
СыткIэ зыдгъэхеин? Тхьэм къыщIигъэщащ уи унэIутхэм я пцIыр;
иджы ди зиусхьэным дрипщылщ, дэри фалъэр зи Iэм IэщIэлъу къа-
гъуэтари.

[17]– Хьэуэ, сэ ар сщIэнкъым, – жиIащ Исуф – фалъэр зи Iэм Iэщ-
Iэлъу къагъуэтар хъунщ си унэIут, ауэ фэ фыкIуэж фи адэм деж.

[18]Абдеж Иудэ абы бгъэдыхьэри, жиIащ:

– Си зиусхьэн, хуит сыщI сэ, уи унэIутыр, зиусхьэным псалъэ
жесIэну, икIи ухуэмыгубжь уи унэIутым; уэ ухуэдэщ фирхьэуным.
[19]Си зиусхьэныр къеупщIыгъащ езым и унэIутхэм: «ФиIэ фэ адэ е
къуэш?» – жиIэри. [20]Дэ жетIащ ди зиусхьэным зэрыдиIэр жьы хъуа
ади, и жьыщхьэ абы къыхуэхъуа къуэ нэхъыщIи; абы и къуэшыр
лIэри, а зыр къэнащ и анэм ейуэ, адэми фIыуэ елъагъу ар. [21]Уэри
яжепIащ уи унэIутхэм: «Къысхуэфшэ ар си деж, сэ абы сеплъын
папщIэ». [22]Дэ жетIащ ди зиусхьэным: «НыбжьыщIэм къигъэнэ-
фыркъым и адэр; абы и адэр къигъанэмэ, адэр лIэнущ». [23]Ауэ уэ
къажепIащ уи унэIутхэм: «Фи къуэш нэхъыщIэр фи гъусэу къэ-
мыкIуэмэ, фэ афIэкIа фыкъимыхьэ си пащхьэ».

[24]– Дэ дыщыхуэкIуэжам уи унэIуту ди адэм хуэтIуэтэжащ си
зиусхьэным и псалъэхэр. [25]ЖиIащ абы щыгъуэ ди адэм: «ФыкIуэ
иджыри, къытхуэфщэху гъавэ». [26]Дэ жетIащ: «Хъунукъым дэ ды-
кIуэ; ауэ ди къуэш нэхъыщIэр ди гъусэнумэ, дыкIуэнщ; хъунукъым
а цIыхум и пащхьэ дихьэ, ди къуэш нэхъыщIэр ди мыгъусэу».
[27]Абдеж къыджиIащ уи унэIуту ди адэм: «Фэ фощIэ си фызым
къызэрысхуилъхуар къуитI. [28]Зыр сэ збгъэдэкIати, жысIащ: ар
ялIагъэнщ, слъагъужакъым ар абы лъандэрэ. [29]Мыри збгъэдэфш-
рэ абыи насыпыншагъэ къыщыщIмэ, сэ, зи щхьэц тхъуа лIыжьыр,
гуауэм хьэдрыхэ сихьынущ. [30]Иджы сэ, уи унэIутым, ди адэм сы-
хуэкIуэжмэ, абы и псэр зи псэм пыщIа ныбжьыщIэри ди мыгъусэу
сыкIуэжын слъэкIыну? [31]НыбжьыщIэр ди мыгъусэу илъагъумэ, ар
лIэнущ; дэ, уи унэIутхэм, ди лажьэкIэ уи унэIуту ди адэ зи щхьэц
тхъуа лIыжьыр гуауэм хьэдрыхэ ихьынущ. [32]Абы нэмыщIауэ,

сэ, уи унэIутыр, сыуващ си адэм деж ныбжьыщIэм папщIэ жэуап щысхьыну: «Ар уи деж къэзмышэжмэ, си адэм и пащхьэм си гъащIэ псэукIэ сыщыкъуаншэщ», жысIэри. [33]Аращи, сэ, уи унэIутыр, хуит сыкъэщI сыкъэнэну ныбжьыщIэм и пIэкIэ унэIуту си зиусхьэным деж; ауэ ныбжьыщIэр ирекIуэж и къуэшхэм я гъусэу. [34]Дауэ сыхуэкIуэжын си адэм, ныбжьыщIэр си мыгъусэу? Сэ слъагъунт итIанэ си адэм къылъыса тхьэмыщкIагъэр.

### Исуф и къуэшхэм закъызэрыригъэцIыхужар

45 Исуф къыбгъэдэт псоми я пащхьэм афIэкIа зыщыхуэмыубыдыжу кIиящ:

– IувгъэкI псори.

Арати, Исуф зыри къыбгъэдэнатэкъым абы и къуэшхэм закъыщригъэцIыхужам щыгъуэ. [2]Абдеж ину къэгъащ ар, и гъы макъри къызэхахащ мысыр цIыхухэми, фирхьэун унэми хъыбарыр нэсащ.

[3]ЯжриIащ Исуф и къуэшхэм:

– Сэ сы-Исуфщ, псэууэ пIэрэ иджыри си адэр?

Ауэ и къуэшхэм жэуап къратыфыртэкъым, апхуэдизкIэ шынати;

[4]ЯжриIащ Исуф и къуэшхэм:

– Фыкъызбгъэдыхьэ.

Ахэр къыбгъэдыхьащ.

– Сэ сы-Исуфщ, – жиIащ абы, – Мысырым кIуэхэм фэ ефщауэ щыта фи къуэшырщ. [5]Ауэ иджы фымынэщхъей, фыщIемыгъуэж мыбыхэм сакъызэрефщам щхьэкIэ; Тхьэм сыкъигъэкIуащ фяпэ, цIыхухэр къелын папщIэ. [6]Гъаблэр илъэситIщ зэрыщыIар щIылъэм: иджыри къэкIуэнущ щIыр щамывэн икIи гъавэ щыIуамыхыжын илъэситху. [7]Тхьэм сыкъигъэкIуащ фяпэкIэ, фэ щIылъэм фыкъытенэн, зыхуэдэ къэмыхъуа щIыкIэкIи фэри къыфтехъукIыну цIыхухэри мыкIуэду къригъэлын папщIэ. [8]Аращи, фэракъым сыкъэзыгъэкIуар мыбы, атIэ фирхьэуным и чэнджэщэгъуу, абы и унэ псом и Iэтащхьэуи, Мысыр щIыналъэ псом тепщэуи сытезыгъэува Тхьэр арщ.

[9]– Си адэм деж псынщIэу фыкIуэжи, жефIэ абы: «Мыпхуэдэу жеIэ уи къуэ Исуф: Тхьэм сытригъэуващ Мысыр псом тепщэу; къакIуэ си деж, зумыIэжьэ. [10]Уэ ущыпсэунущ Гощэн щIыналъэм;

икIи фызигъунэгъунущ уэри, уи къуэхэри, уи къуэхэм я къуэхэри,
уи Iэщ цIыкIури уи Iэщышхуэри, уэ уиIэ псори. 11Ущызгъэшхэ-
нущ сэ мыбы, факъырэ фымыхъун папщIэ, уэри, уи унэри, уэ уиIэ
псори, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гъаблэр иджыри илъэситхукIэ щыIэ-
нущ».

12– Иджы фэри Биниамини фолъагъу ар къывжезыIэр сэрауэ зэ-
рыщытыр. 13АтIэ хуэIуэтэж си адэм Мысырым деж сэ щIыхьу щы-
зиIэ псори фэ флъэгъуа псори. Къафшэ си адэр мыбы псынщIэу.

14ИтIанэ и къуэш Биниамин и пщэм зридзэри, Исуф гъащ; Бини-
амини гъащ абы и пщэм идзауэ. 15Ба яхуищIырт езым и къуэшхэм
псоми, гъырт, абыхэм IэплIэ яхуищIурэ. ИтIанэ епсэлъащ и къуэ-
шхэр абы.

16Фирхьэуным и унэм нэсащ Исуф и къуэшхэр къызэрыкIуам и
хъыбар; я гуапэ хъуат ар фирхьэунми абы и унэIутхэми. 17Фирхьэ-
уным Исуф жриIащ:

– ЯжеIэ уи къуэшхэм: мис мыращ фщIэнур: фи мылъкухэр фи
шыдхэм тефлъхьи, фыкIуэ Ханаан щIыналъэм; 18Фи адэри фи уна-
гъуэхэри къафши, фыкъакIуэ си деж; сэ фэстынущ Мысыр щIы-
налъэм и фIыпIэр, фэри фшхынущ щIым и шхын нэхъыфIыр, 19АтIэ
уэ унафэ пхузощI абыхэм яжепIэну: мыр фщIэ: Мысыр щIыналъэм
фи сабийхэми фи фызхэми папщIэ шыгухэр къыщыфщти, фи адэр
къафши, фыкъакIуэ. 20Фигу фымыгъэныкъуэ фи хьэпшыпхэм пап-
щIи, Мысыр щIыналъэм щыщу нэхъыфI дыдэр фэстынущ фэ.

21Апхуэдэуи ящIащ Израил и къуэхэм. Яритащ Исуф абыхэм
шыгухэр фирхьэуным и унафэкIэ, яритащ абыхэм гъуэмыли.
22Абыхэм ящыщ дэтхэнэми иритащ щыгъын фэилъхьэгъуэ зы-
рыз, Биниамин иритащ дыжьын ахъшэ щищрэ щыгъын фэилъхь-
эгъутхурэ. 23Апхуэдэуи и адэм хуригъэшащ Мысырым къыщыкIа
нэхъыфIхэр ятепхауэ шыдипщI, гъавэри, щIакхъуи, и адэм и гъуэ-
мылэри телъу шыдыбзипщI.

24Арати, иригъэжьэжащ Исуф и къуэшхэр. ЯжриIащ абыхэм:

– Фыщызэщымыхьэ гъуэгум.

25Мысырым икIыжри, нэсыжащ ахэр Ханаан щIыналъэм езыхэм
я адэ Екъуб деж.

26Хъыбар ирагъэщIащ абы, мыр жаIэри:

– Исуф псэущ, ар иджы щытепщэщ Мысыр щIыналъэ псом.

Ауэ Екъуб и гур загъэртэкъым; абы и фIэщ хъуртэкъым абыхэм
жаIэр. 27Абыхэм Исуф къажриIа псалъэ псори абы щыхуаIуэтэжым,
ар яшэн папщIэ, Исуф къигъэкIуа шыгухэри щилъагъум, къызэ-
рыгъуэтыжащ абыхэм я адэ Екъуб и гур. 28ЖиIащ абдеж Израил:

– Дэгъуэщ, псэущ иджыри си къуэ Исуф; сыкIуэнщи, слъагъунщ ар сымылIэ щIыкIэ.

## Екъуб Мысырым зэрыкIуар

46 Арати, Израил, езым иIэ псори здрихьэжьэри, кIуащ Бэр-
Шэвэ, хуищIащ къурмэн езым и адэ Исхьэкъ и Тхьэм. 2Тхьэр
Израил жэщым къыхуэлъагъуэри, къыжриIащ:

– Екъуб! Екъуб!

– Сымис сэ, – жиIащ абы.

3– Сэрщ Тхьэр, уи адэм и Тхьэр, – жиIащ Тхьэм. – Умышынэ
Мысырым укIуэн; абдежым уэ къыщыптезгъэхъукIынущ лъэпкъ
ин дыдэ. 4Сэ сыпщIыгъуу сынэкIуэнущ Мысырым; апхуэдэуи Сэ
укъисшыжынущ абы. Исуф езым и IэкIэ зэтрипIэжынущ уи нэхэр.

5Екъуб къибгынащ Бэр-Шэвэ; ирашэжьащ Израил и къуэхэм
Екъуб, езыхэм я адэр, я сабийхэри, я фызхэри, фирхьэуным къари-
та шыгухэмкIэ ар здашэнум нагъэсын папщIэ. 6Къащтащ абыхэм я
Iэщри, Ханаан щIыналъэм щызыIэрагъэхьа мылъкури, Мысырми
нэсащ, Екъуби езым къытехъукIа бын псори абы и гъусэу. 7Езым и
къуэхэри, и къуэрылъхухэри, ипхъухэри, и пхъурылъхухэри, езым
къытехъукIа псори здишащ абы Мысырым.

## Екъуб и бынхэр

8Мис Екъуб и къуэхэу Мысырым кIуахэм я цIэхэр, Екъубрэ абы
и къуэхэмрэ:

Екъуб и щыпэлъху Рубэн.

9Рубэн и къуэхэр: Хъанох, Палыу, Хъэцрон, Къармый.

10Симеон и къуэхэр: Емуел, Ямин, Охад, Яхин, Цохар, Ханаан
бзылъхугъэм и къуэ Шаул.

11Лэуий и къуэхэр: Гъэршэн, Къохат, Мэрарый.

12Иудэ и къуэхэр: Ер, Онан, Шэлэ, Пэрэц, Зэрахь; Еррэ Онанрэ
щылIащ Ханаан щIыналъэм.

Пэрэц и къуэхэт Хэцрон, Хъамул.

13Иссашхар и къуэхэр: Толэ, Пуа, Яшуб, Щимрэн.

14Зэбулун и къуэхэр: Сэрэд, Елон, Яхьлэел.

15Ахэр Леа и къуэхэу Паддан-Арам Екъуб къыщыхуилъхуахэрщ;
Динэ, абы и пхъур. Леа къуэрэ пхъууэ иIащ цIыху щэщIрэ щырэ.

[16]Гад и къуэхэр: Цыфион, Хьагъый, Шуный, Ецбон, Ерый, Ародый, Арэлый.

[17]Ащэр и къуэхэр: Имнэ, Ишуэ, Ишыуй, Бэрие, абыхэм я шыпхъу Сэрахь. Бэрие и къуэхэр: Хъэбэр, Малхъыел.

[18]Ахэр Лабан ипхъу Леа иритауэ щытыгъа Зилпа и къуэхэщ. Абы ахэр Екъуб къыхуилъхуащ, цIыху пщыкIух хъууэ.

[19]Екъуб и фыз Рахэл и къуэхэр: Исуфрэ Биниаминрэ.

[20]Мысыр щIыналъэм Исуф къыщыхуэхъуащ Мынасэрэ Ефраимрэ, Он къалэм щыщ тхьэгъэпс Потиферахь ипхъу Асэнат къилъхуахэр.

[21]Биниамин и къуэхэр: Бэлахь, Бэхэр, Ащбэл; Гъэрэ, НаIаман, Ехьый, Рощ, Мупим, Хъуппим, Ард.

[22]Ахэр Рахэл и къуэхэу Екъуб къыхуэхъуахэрщ, псори цIыху пщыкIуплI хъууэ.

[23]Дан и къуэр: Хьушым.

[24]Нафталый и къуэхэр: Яхцэел, Гъуный, Ецэр, Щылэм.

[25]Ахэр Лабан ипхъу Рахэл иритауэ щытыгъа унэIут бзылъхъугъэ Билхьэ и къуэхэщ. Абы ахэр Екъуб къыхуилъхуащ, псори цIыхуибл хъууэ.

[26]Екъуб и гъусэу Мысырым кIуа цIыхухэр, езым къытехъукIахэр, Екъуб и къуэхэм я фызхэр хэмыту, псори хъурт цIыху хыщIрэ
хырэ. [27]Исуф и къуэхэу абы Мысырым къыщыхуэхъуахэр цIыхуитI хъурт. Екъуб и унагъуэм щыщу Мысырым кIуахэр псори зэхэту цIыху блыщI хъурт.

**Екъуб Мысырым щыщ Гощэн щIыгум зэритIысхьар**

[28]Екъуб Иудэ езым япэ Исуф деж игъэкIуащ, езы Исуф Гощэн
хэкум хуэкIуэ гъуэгур къаригъэлъагъун папщIэ. [29]Гощэн щIылъэм къыщыкIуэм, Исуф шыгур зэщIригъэщIэри, Гощэн щIыналъэм кIуащ, езым и адэ Израил пежьэну. Ар къыщилъагъум, и адэм и пщэм зридзэри, куэдрэ гъащ Исуф. [30]Абдежым жриIащ Израил
Исуф:

– СылIэнщ иджы сэ, уи напэр къэслъагъужауэ; уэ иджыри узэрыпсэур сдъэгъуащи.

[31]ИтIанэ яжриIащ Исуф и къуэшхэми, и адэми, я унагъуэхэми:

– Сэ сыкIуэнщ, фирхьэуным хъыбар езгъэщIэнщ, жесIэнщ абы: «Ханаан щIыналъэм къикIа си къуэшхэри си адэм и унагъуэри

къэкIуащ си деж. 32А цIыхухэр мэлыхъуэхэщ, Iэщ зэрахуэ; я Iэщ
цIыкIуи я Iэщышхуи, яIэ псори къыздашащ абыхэм».
33– Фирхьэуным фриджэу: «Сыт фи IэщIагъэр фэ?» – жиIэрэ
къывэупщIмэ, 34фэ жыфIэ: «Дэ, уи унэIутхэр, дыIэщыхъуэщ ды-
щыщIалэм къыщыщIэдзауэ иджыри къэс, дэри ди адэхэри», фэ
Гощэн щIыналъэм фыщагъэтIысын папщIэ. Мысыр цIыхухэм я
дежкIэ гуемыIущ дэтхэнэ мэлыхъуэри.

# 47

Арати, Исуф кIуэри, хъыбар иригъэщIащ фирхьэуным, мыр
жиIэурэ:
– Си адэри, си къуэшхэри, я Iэщ цIыкIуи я Iэщышхуи, нэгъуэщI
сыт яIэми, псори къыздащтэри къикIащ Ханаан щIыналъэм; иджы
ахэр щыIэщ Гощэн щIыналъэм.
2Исуф и къуэшхэм ящыщу цIыхуитху здишэри, ахэри иригъэ-
лъэгъуащ фирхьэуным. 3ЕупщIащ фирхьэуныр абы и къуэшхэм:
– Сыт фи IэщIагъэ?
– Дымэлыхъуэщ уи унэIутхэр, дэри ди адэхэри, – жраIащ абыхэм
фирхьэуным.
4Абыхэм фирхьэуным жраIащ адэкIи:
– Дэ дыкъэкIуащ мы щIыналъэм дыщыпсэуну, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ щыIэкъым хъупIэхэр уи унэIутхэм я Iэщхэм папщIэ Ха-
наан щIыналъэм, гъаблэ ткIий зэрыщыIэм къыхэкIкIэ. Аращи, хуит
дыщI уи унэIутхэр Гощэн щIыналъэм дитIысхьэну.
5Фирхьэуным Исуф къыжриIащ абдеж:
– Уи адэри уи къуэшхэри уи деж къэкIуащ. 6Мысыр щIыналъэр
уи пащхьэ илъщ; щIыналъэм и щIыпIэ нэхъыфIым деж щыгъэтIыс
уи адэри уи къуэшхэри; щрепсэу ахэр Гощэн щIыналъэм. Абыхэм
зэфIэкI зиIэ яхэтмэ, пэрыгъэувэ ахэр си Iэщым, кIэлъыплъыну.
7ИтIанэ Исуф и адэ Екъуб къишэри иригъэлъэгъуащ ари фирхьэу-
ным; икIи Тхьэм и нэфI щыхуэну Екъуб фирхьэуным хуелъэIуащ.
8Фирхьэуным Екъуб жриIащ:
– Сыт уи ныбжь?
9Екъуб фирхьэуным жриIащ:
– Сэ дунейм сызэрытетрэ мэхъу илъэсищэрэ щэщIрэ; мащIэщ
икIи насыпыншэщ си гъащIэ махуэхэр, нэсакъым ахэр си адэхэм
къапсэуа гъащIэм.
10Тхьэм и нэфI къыщыхуэну Екъуб фирхьэуным хуелъэIури,
къыщIэкIыжащ фирхьэуным деж.

[11]Арати, увыпІэ яхуищІащ Исуф и адэми и къуэшхэми, ща-
ритащ абыхэм щІапІэ Мысыр щІыналъэм и Іыхьэ нэхъыфІ дыдэ
РаІымэсэс щІыналъэм, фирхьэуным унафэ зэрищІам тету. [12]Игъэн-
щІырт Исуф гъавэкІэ езым и адэри, и къуэшхэри, и адэм и унагъуэ
псори, дэтхэнэ унагъуэм сабий исым я бжыгъэм елъытауэ.

## Мысырым гъаблэ къызэрыщыхъуар

[13]ЩыІэтэкъым гъавэ щІылъэ псом; гъаблэр икъукІэ ткІий хъуат,
икІи тхьэмыщкІагъуэр къалъысат гъаблэм къыхэкІыу Мысыр щІы-
налъэми Ханаан щІыналъэми. [14]ЦІыхухэм гъавэ къыщащэхуурэ,
Исуф зэхуихьэсащ Мысыр щІыналъэми Ханаан щІыналъэми илъ
дыжьыну хъуар, щІихьащ Исуф дыжьыныр фирхьэун унэм. [15]Ара-
ти, дыжьыныр щаухащ Мысыр щІыналъэми Ханаан щІыналъэми.
Дыжьыныр щаухым, мысыр цІыху псори кІуащ Исуф деж:

– Къыдэт гъавэ, – жаІэри, – сыт дэ уи пащхьэ дыщылІэн щІы-
хъуейр, ди дыжьыныр зэрыдухам папщІэ?

[16]– Фи Іэщыр къэфхуи, – жиІащ Исуф, – фэстынщ фи Іэщым и
уасэу гъавэ, дыжьыныр фыухамэ.

[17]Арати, къахурт абыхэм я Іэщыр Исуф деж; яритырт Исуфи
гъавэр шыхэми, Іэщ цІыкІу хъушэхэми, Іэщышхуэ хъушэхэми,
шыдхэми я уасэу; а гъэм апхуэдэурэ игъэнщІащ ахэр гъавэкІэ, я
Іэщыр къаІрихыурэ.

[18]ДэкІащ а гъэр; адрей илъэсми къакІуэри, къыжраІащ абы:

– ЩыдбзыщІынкъым ди зиусхьэным ди дыжьыныр зэрыду-
хар, ди Іэщ хъушэхэри уэ, ди зиусхьэным, къыпІэщІыхьащ; зыри
къыщытхуэнэжакъым ди зиусхьэным и пащхьэм, ди щхьэмрэ ди
щІыгухэмрэ мыхъумэ. [19]Сыт уи пащхьэм дыщыкІуэдын щІыхуейр
дэ, дэри ди щІыгухэри? Дыщэху дэри ди щІыгухэри гъавэкІэ; икІи
дэри ди щІыгухэри фирхьэуным унэІут дыхуэхъунщ, ауэ уэ къыдэт
жылэ, дэ дымылІэу дыпсэун, щІылъэри нэщІ мыхъун папщІэ.

[20]Къищэхуащ Исуф Мысыр щІыналъэ псори фирхьэуным пап-
щІэ. Ящэжащ мысыр цІыхухэм щхьэж и губгъуэр, гъаблэ къазэ-
рытехъуам къыхэкІыу. Апхуэдэ щІыкІэкІэ лъысащ щІыгур фир-
хьэуным. [21]ИщІащ абы лъэпкъыр унэІут, Мысырым и зы гъунэм
къыщыщІэдзауэ адрей гъунэм нэсу.

[22]Тхьэгъэпсхэм я закъуэщ зи щІыгу къимыщэхуар, сыт щхьэкІэ
жыпІэмэ фирхьэуным абыхэм яритауэ яІэт гъавэ Іыхьэ, икІи ахэр
ирипсэурт фирхьэуным ярита гъавэ Іыхьэм; абы къыхэкІыуи
ящакъым я щІыгур.

[23]ЯжриIащ Исуф цIыхухэм итIанэ:

– Фирхьэуным папщIэ иджы сэ фыкъэсщэхуащ фэри фи щIыгури; жылэхэр фызотри, тефсэ щIыгум. [24]Гъавэ хыжыгъуэр къэсмэ, къыхуэфшэ фирхьэуным Iыхьэ тхуанэр; IыхьиплIыр къыфхуэнэнущ фэ губгъуэхэм щыхэфсэну, фэри, фи унэхэм исхэми, фи сабийхэми фшхыну.

[25]– Уэ къебгъэлащ ди гъащIэр, – жаIащ абыхэм, – нэфIкIэ укъыдэплъащ, ди зиусхьэн, дыхурехъу фирхьэунми унэIут.

[26]Абдеж щигъэуващ Исуф Мысыр щIыналъэм хабзэу, уеблэмэ иджырей махуэм къэсу: Iыхьэ тхуанэр фирхьэуным етын, тхьэгъэпсхэм я щIыгуу фирхьэуным ейуэ щымытыр хэмыту.

## Екъуб и иужьрей илъэсхэр

[27]Щыпсэурт Израил Мысыр щIыналъэм, Гощэн щIыгум, телэжьыхьырт а щIыгум; багъуэурэ, ар лъэпкъышхуэ хъуащ. [28]Щыпсэуащ Екъуб Мысыр щIыналъэм илъэс пщыкIублкIэ; хъурт Екъуб и махуэхэр, абы и гъащIэ махуэхэр, илъэсищэрэ плIыщIрэ блырэ.

[29]Къэсащ Екъуб щылIэну пIалъэр, абы езым и къуэ Исуф къриджэри, жриIащ:

– НэфIкIэ укъызэплъмэ, уи Iэр си куэ щIагъым щIэлъхьи, тхьэлъанэ щIы фIыкIэ, пэжыгъэкIэ укъызэрысхущытынумкIэ: Мысырым сыщыщIумылъхьэж. [30]Си адэжьхэм сабгъурыгъуэлъхьэжын щхьэкIэ, Мысырым сипхыжынщи, сыщыщIэплъхьэжынщ абыхэм я кхъэлэгъунэм.

– СщIэнщ уи псалъэм тету, – жиIащ Исуф.

[31]– Тхьэлъанэ къысхуэщI, – жиIащ Екъуб.

Тхьэлъанэ хуищIащ Исуф. И щхьэнтэм зригъэщIурэ, Тхьэм щIыхь хуищIащ Израил.

## Екъуб и нэфI Исуф и къуэхэм зэращыхуар

48 Абы и ужькIэ Исуф къыжраIащ:

– Уи адэр сымаджэщ.

Исуф здишащ езым и къуитIыр – Мынасрэ Ефраимрэ, Екъуб деж.

[2]Екъуб хъыбар ирагъэщIащ, жраIащ мыпхуэдэу:

– Уи къуэ Исуф къокIуэ уи деж.

Израил и къарур зэщIигъэуIуэри, къыщызэфIэтIысхьащ пIэм.
[3]Екъуб Исуф жриIащ:

– Тхьэуэ псори зыхузэфIэкIыр* сэ Луз деж, Ханаан щIыналъэм, къыщысхуэлъагъуэри, и нэфI къысщигъэхуащ. [4]КъызжиIащ абы: «Сэ узгъэбэгъуэнущ уэ, ухэзгъэхъуэнущ уэ, икIи къыптезгъэхъукIынущ уэ лъэпкъ куэдыр, естынущ мы щIыналъэр уэ къыптехъукIыну цIыхухэм, игъащIэкIэ я унейуэ яIэну».

[5]– Иджы, сэ Мысырым сыкъэмыкIуэ щIыкIэ, Мысыр щIыналъэм къыщыпхуэхъуа уи къуитIри сысейщ. Ефраимрэ Мынасэрэ сысейуэ щытынущ, Рубэнрэ Симеонрэ сысейуэ зэрыщытым хуэдэу. [6]Ауэ быну абыхэм я ужькIэ уэ къыпхуэхъунур ууей хъунущ. Абыхэм езыхэм я къуэшхэм я цIэхэмкIэ къеджэнущ, абыхэм я мылъкуу къэкIуэнумкIэ я Iыхьэ хэлъу.

[7]– Сэ Паддам сыкъикIауэ сыкъыщыкIуэм, си нэщхъеягъуэкIэ, си Рахэл щылIащ Ханаан щIыналъэм, гъуэгум дытету, Ефрат дынэсыным куэд къэмынэжауэ. Сэ щыщIэслъхьэжащ ар иджы БэтлэхьэмкIэ зэджэ Ефрат хуэкIуэ гъуэгум деж.

[8]Израил, Исуф и къуэхэр къыщилъагъум, жиIащ:

– Хэт мыхэр?

[9]– Ахэр си къуэхэрщ, Тхьэм мыбдежым къыщызитахэрщ, – жриIащ Исуф и адэм.

– Къызбгъэдэшэ ахэри, – жиIащ Екъуб, – си нэфI абыхэм ящызгъэхуэнущ.

[10]Израил набгъэ хъуат жьыгъэм къыхэкIыу; илъагъуртэкъым абы IупщIу. Исуф бгъэдишащ ахэр абы, икIи абы ба къахуищIащ абыхэм, IэплIэ къаришэкIащ абыхэм. [11]ИтIанэ Израил Исуф жриIащ:

– Сыгугъэртэкъым сэ услъагъужыну; ауэ Тхьэм сигъэлъэгъуащ уи сабийхэри.

[12]Исуф и адэ и лъэгуажьэхэм къатрихыжри, щхьэщэ хуищIащ, щIым нэсу зигъэщхъри. [13]Иубыдащ Исуф а тIури, и Iэ ижьымкIэ Ефраим иубыдащ, Израил и Iэ сэмэгум хуэзэу, Мынасэ иубыдащ и Iэ сэмэгумкIэ, ар Израил и Iэ ижьым хуэзэу, икIи бгъэдишащ ахэр абы. [14]Ауэ Израил и Iэ ижьыр ишийри трилъхьащ Ефраим и щхьэм, ар нэхъыщIэу щытми, Iэ сэмэгур – IитIыр зэблэдзауэ, Мынасэ и щхьэм. Трилъхьащ Екъуб и Iэхэр апхуэдэу, Мынасэ нэхъыжьу щытми.

*48:3 Тхьэуэ псори зыхузэфIэкIыр – еврейбзэкIэ Ел Щаддай.

[15]АдэкIэ и нэфI Исуф къыщигъэхуащ Израил, мыр жиIэри:
– Си адэхэу Ибрэхьимрэ Исхьэкърэ
зи пащхьэ щыпсэугъа Тхьэм,
дунейм сызэрытетрэ –
нобэр къыздэсым
зи нэIэ къыстет Тхьэм,
[16]сыт хуэдэ мыгъуагъэми
сыкъыIэщIэзых мелыIычым
и нэфI къащрехуэ мы сабийхэм;
мы сабийхэм я хьэтыркIэ
цIыхухэм ягу кърекIыж
сэ си цIэмрэ си адэхэу Ибрэхьимрэ
Исхьэкърэ я цIэхэмрэ;
мы щIылъэм щребагъуэ ахэр,
щрехъу куэд дыдэ.

[17]Исуф и адэм и Iэ ижьыр Ефраим и щхьэм зэрытрилъхьар щилъагъум, и жагъуэ хъуащ ар. Арати, иубыдащ и адэм и Iэр, Ефраим и щхьэм къытрихыжу Мынасэ и щхьэм трилъхьэну.

[18]ЖриIащ Исуф и адэм:

– Апхуэдэукъым, си адэ; мыращ щыпэлъхур; телъхьэ абы и щхьэм уи Iэ ижьыр.

[19]Ауэ абы и адэм ар имыдэу жиIащ:

– СощIэ, си къуэ, сощIэ. Абы къытехъукIынущ лъэпкъ, ар хъунущ лъэпкъ ин дыдэ; ауэ абы и къуэш нэхъыщIэр хъунущ абы нэхърэ нэхъ ин, абы лъэпкъыу къытехъукIынури лъэпкъ бжыгъэншэщ.

[20]ИкIи абыхэм и нэфI ящигъэхуащ а махуэм, мыр жиIэурэ:

– Фэ фи цIэкIэ израил цIыхухэр Тхьэм и нэфIкIэ елъэIунущ. Зым и нэфI адрейм щигъэхуэурэ, абыхэм жаIэнущ: «Ефраимрэ Мынасэрэ Тхьэм и нэфI зэращигъэхуам хуэдэу, и нэфI къыпщрегъэхуэ».

Арати, игъэуващ Ефраим Мынасэ нэхърэ нэхъ лъагэу.

[21]АдэкIэ жриIащ Израил Исуф:

– Сэ солIэ. Тхьэр фи гъусэнущ фэ, икIи фигъэгъэзэжынущ фи адэхэм я щIыналъэм. [22]Сэ узот уэ, уи къуэшхэм я пащхьэм щынэхъыбэу, Щэхэм – Iуащхьэ егъэзыхыгъуэр, си джатэрэ си шабзэкIэ амор цIыхухэм къаIэщIэсхыгъар.

## Екъуб и нэфI и къуэхэм зэращигъэхуамрэ ар зэрылIамрэ

49 Арати, Екъуб и къуэхэр къриджэри, яжриIащ:
– Фыкъызэхуэс, къэкIуэну махуэхэм къыфщыщIынур вжесIэнущ.
2 Фыкъызэхуэси, фыкъедэIу, Екъуб и къуэхэ,
федэIу Израил, фи адэм!
3 Рубэн, си щыпэлъху!
Уэ узибыдапIэщ, си цIыхухъу къарум урищIэдзапIэщ.
ЩIыкIи лъэщыгъэкIи псоми уращхьэщ.
4 Ауэ уэ псы къиуам ещхь ухъуащ,
уефIэкIынукъым абыхэм.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уилъащ уи адэм и гъуэлъыпIэм;
уэ буцIэпIащ си гъуэлъыпIэр, абы уигъуалъхьэри.
5 ЩымIонрэ Лэуийрэ зэшщ,
гущIэгъуншагъэм и Iэщэщ
абыхэм я джатэхэр.
6 Абыхэм я чэнджащэ сыхыхьэркъым,
я зэхуэсым сыхэлажьэркъым.
Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ахэр щыгубжькIэ, цIыху яукI,
езыхэм я щхьэзыфIэфIыгъэкIэ зэпаупщI танэм и хуэхэр.
7 Нэлат ялъысащ абыхэм я губжьым,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гущIэгъуншэти;
я къанлыгъэми нэлат ялъысащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ябгэти;
щызэхэзгъэкIынущ ахэр Екъуб и хэкум,
Израил хэкум щызэбгрызгъэкIынущ ахэр.
8 Иудэ, уэ къыпщытхъунущ уи къуэшхэр!
Уэ уи Iэр уи бийхэм я пщэм телъщ;
щхьэщэ къыпхуащIынущ уи адэм и къуэхэм.
9 Аслъэн шыру Иудэр,
си къуэр, щакIуэ къокIыж, къищэкIуар ишхауэ.
ЗригъэщIащ абы, гъуэлъащ, аслъэныхъумрэ аслъэныбзымрэ хуэдэу:
хэт къигъэушын ар?
10 БгъэдэкIынукъым тепщэныгъэ башыр
Иудэ икIи пщы башыр абы и къуэхэм,
тыгъэ къыхуащIыурэ*,

*49:10 къыхуащIыурэ – мы псалъэхэм къикIыр нахуэу щыткъым. Абыхэм нэгъущI мыхьэнэ яIэнкIэ хъунщ: ар зей пэжыр къэкIуэху.

цIыху лъэпкъхэри абы и жыIэм едэIуэнущ.
[11]Абы ирепх жызумыпкъым езым и шыд джылур,
жызумыпкъэ нэхъыфIыми – езым и шыдыбзым къилъхуар.
ЕтхьэщI санэкIэ и щыгъыныр,
жызум Iэрамэхэм ялъкIэ – езым и щыгъыныр.
[12]Егъэлыд абы и нэр санэм,
хужь ещI и дзэр шэм.
[13]Зэбулун щыпсэунущ хы Iуфэм,
кхъухь тедзапIэм,
абы и гъунапкъэхэри нос Сидон къалэм.
[14]Иссашхар псы дэжыпIэхэм
я зэхуакум дэлъ шыд лъэщт, лъэрызехьэт.
Иссашхар – ар шыд къарууфIэу хьэлъэ телъхэм
яку дэлъ шыд лъэшщ.
[15]ЗыхищIащ абы гупсэхужыпIэр зэрыфIыр,
щIыгур зэрыгурыхьыр,
и плIэм хьэлъэр ирилъхьэри,
щIидзащ лэжьэн пщылIым хуэдэу.
[16]Дан езым и лъэпкъым хьэкум трищIэнущ,
Израил и лIакъуэхэм ящыщ зыуэ.
[17]Дан хъунущ гъуэгум телъ блэ,
лъагъуэм телъу,
шур щIыбкIэ кърригъэхуэхын папщIэ,
шы лъакъуэм еуэ блэ.
[18]СымыкIуэду сыкъебгъэлыну сыпщогугъ, Зиусхьэн!
[19]Гад къытебэнэнущ хъунщIакIуэхэр,
ауэ абы ахэр иригъэкIуэтыжынурэ кърихуэкIынущ.
[20]Ащэр дежкIэ бэвыщэщ абы и гъавэр,
икIи абы пащтыхьым хуишэнущ шхын Iэфхэр.
[21]Нафталий къурш бжэн зэкIужщ;
абы и шыр дахэщ.
[22]Исуф куэд къызыпыкIэ жыгым и къудамэщ,
псы къыщIэжыпIэм щхьэщыту
куэд къызыпыкIэ жыгым и къудамэщ,
абы и къудамэхэм зыщаукъуэдияц блынымщхьэм.
[23]И жагъуэ ящIащ абы, шабзэшэкIэ еуащ абы,
шабзауэхэри къебияц абы.
[24]Ауэ шэщIауэ къэнащ абы и шабзэр,
икIи ткIийщ абы и Iэ лыпцIэхэр,
Екъуб и Тхьэ лъэщым и хьэтыркIэ.

Езыращ Iэхъуэри Израил къэзыхъумэ мывэбгри.
[25]Уи адэм и Тхьэр уэ къыбдэIэпыкъунущ.
Псори ЗыхузэфIэкIыр Езыращ. Абы и нэфI
къыпщигъэхуэнущ,
ипщэкIэ щыIэ уафэм къикI фIыгъэхэмкIэ и нэфI
къыпщигъэхуэнущ,
ищIагъыкIэ щыIэ кууупIэм и фIыгъэхэмкIи, былымрэ
бынымрэ я фIыгъэхэмкIи Абы и нэфI къыпщигъэхуэнущ.
[26]ИгъущIэкIэ бгыжьхэм я лъагагъэрэ
мысэхыж Iуащхьэхэм
я гуакIуагъэмрэ ящхьэщыкIыж уи адэм
и нэфI къыплъигъэс.
Трелъ ахэр Исуф и щхьэм
икIи зэкъуэшхэм ящыщу къыхахам и натIэм.
[27]Биниамин дыгъужь хьэщхьэрыIуэщ,
пщэдджыжьым ешх къиубыдар
икIи пщыхьэщхьэм егуэш къуентхъыр.

[28]Мис Израил и лIакъуэ пщыкIутIыр зэрыщыту; мис абыхэм я адэм къажриIари; и нэфI ящигъэхуащ абыхэм, къалъигъэсащ и нэфI щыхуэныгъэр, щхьэж езым ейр.

[29]ИкIи унафэ яхуищIащ Екъуб абыхэм, мыр яжриIэу:

– Сэ сыхогъуэлъхьэж си лъэпкъым; сыщыщIэфлъхьэж си адэхэм я деж бгъуэнщIагъым, хет цIыху Ефрон и губгъуэм деж щыIэм.
[30]Ханаан щIыналъэм деж Мамрэ къыщыпэщылъ Махпэлэ губгъуэм
ит бгъуэнщIагъыращ ар. А бгъуэнщIагъыр губгъуэм щIыгъуу
Ибрэхьим хет цIыху Ефрон деж къыщищэхуащ, езыр щыщIалъхьэ-
жын папщIэ. [31]Абдежым щыщIалъхьэжащ Ибрэхьимрэ абы и фыз
Сарэрэ; абдежым щыщIалъхьэжащ Исхьэкърэ абы и фыз Ребеккэ-
рэ; щыщIэслъхьэжащ абдежым Леа. [32]А губгъуэри абы ит бгъуэн-
щIагъри къыщащэхуащ хет цIыхухэм я деж.

[33]Екъуб и къуэхэм яхуищI унафэр иухри, ирилъхьэжащ и лъакъуэхэр гъуэлъыпIэм, дунейм ехыжри, хыхьэжащ езым и лъэпкъым.

### Екъуб зэрыщIалъхьэжар

50 И адэм зытриубгъуэри, Исуф тегъащ абы, баи хуищIащ
абы. [2]ИтIанэ унафэ яхуищIащ Исуф езым и лIыщIэхэм – Iэ-
зэхэм, и адэм балзам щахуэну; Iэзэхэми щахуащ Израил балзам.
[3]Ирикъуащ ар махуэ плIыщI; сыт щхьэкIэ жыпIэмэ апхуэдиз махуэ

бжыгъэм щахуэ балзамыр. Ягъеящ ар мысыр цIыхухэм махуэ блы-
щIкIэ. 4Абы и хьэдагъэ махуэхэр щыблэкIым, Исуф захуигъэзащ
фирхьэуным и пщIантIэдэтхэм, мыр жиIэурэ:

– Фэ нэфIкIэ фыкъызэплъмэ, жефIэ фирхьэуным мыпхуэдэу:

5Си адэм тхьэрыIуэ сигъэщIащ: «Мис, сэ солIэ; кхъэлэгъунэу
Ханаан щIыналъэм сэ си щхьэм папщIэ къыщыстIам сыщыщIэлъ-
хьэж» жиIэри. Иджы хуит сыкъэщI, сэ сыкIуэу, си адэр щIэслъхьэ-
жу, къэзгъэзэжыну.

6– КIуэ, щIэлъхьэж уи адэр, – жиIащ фирхьэуным, – тхьэрыIуэ
зэрыуигъэщIам хуэдэу.

7Арати, кIуащ Исуф и адэр щIилъхьэжыну. КIуащ абы и гъусэу
фирхьэуным и лIыщIэ псори, абы и унэм и нэхъыжьхэри, Мысыр
щIыналъэм и нэхъыжь псори, 8Исуф и унэм ис псори, абы и къуэ-
шхэри, абы и адэм и унэм ис псори. Ауэ я сабийхэр, я Iэщ цIы-
кIухэри я Iэщышхуэхэри къагъэнащ абыхэм Гощэн щIыналъэм.
9Абыхэм ядежьащ шыгухэри шухэри, абы къыхэкIкIэ гупыр
икъукIэ инт.

10Ахэр Иордан псым адэкIэ щыт Атад хьэмэшым нэсри, щыгъы-
урэ абдежым ягу хэщIу щагъеящ; зэхигъэтащ Исуф и адэм и хьэ-
дагъэр махуиблкIэ. 11А щIыналъэм щыпсэухэм, Ханаан цIыхухэм,
Атад хьэмэшым деж щыIа хьэдагъэр я нэгу щыщIэкIым, жаIащ
абыхэм:

– Хьэдагъэ ин дыдэщ мы мысыр цIыхухэм яIэр!

Абы къыхэкIыу а щIыпIэм фIащащ цIэ: Абэл-Мицраим*.

12ЯщIащ Екъуб и къуэхэм абы езым и унафэм хуэдэу. 13Езым
и къуэхэм ар Ханаан щIыналъэм яхьри, щыщIалъхьэжащ Мамрэ
къыпэщылъ Махпэлэ губгъуэм ит бгъуэнщIагъым. А бгъуэнщIа-
гъыр, губгъуэр щIыгъуу, Ибрэхьим езым и унейуэ хет цIыху Ефрон
деж къыщищэхуащ, езыр щыщIалъхьэжын папщIэ. 14И адэр щIилъ-
хьэжа нэужь, къигъэзэжащ Исуф Мысырым, езыми и къуэшхэри,
абы и адэр щIалъхьэжыну езым дэкIуа псори и гъусэу.

## Исуф и къуэшхэм зэрахуигъэгъуар

15Исуф и къуэшхэм я адэр зэрылIар щалъагъум, жаIащ: „Иджы
Исуф и ней къытщыхуэрэ абы етщIэгъа Iеягъэхэм папщIэ илъ

*50:11 Абэл-Мицраим – пасэрей журтыбзэкIэ абы къикIыр: мысыр цIыхухэм я хьэдагъэщ.

ищIэжыну къытехьэмэ, дауэ хъуну?» [16]Арати, ягъэкIуащ абыхэм лIыкIуэ Исуф деж, мыр жриIэну:

– Уи адэм унафэ ищIащ лIэн и пэкIэ, мыр жиIэурэ: [17]«Мыпхуэдэу жефIэ Исуф: Яхуэгъэгъу уи къуэшхэм я къуаншагъэри я гуэныхьри; абыхэм Iеягъэ къуащIащ». Иджы яхуэгъэгъу уи адэм и Тхьэм и унэIутхэм я къуаншагъэр.

Исуф гъырт ар абы щыжраIэм щыгъуэ.

[18]Езы и къуэшхэри къакIуэщ, абы и пащхьэм деж зыщрадзыхри, жаIащ:

– Мис, дэ дыуиунэIутщ.

[19]– Фымышынэ, – жиIащ Исуф абдежым, – сэ Тхьэуэ сыщыта? [20]Мис, фэ фигу къысхуилъащ Iеягъэ; ауэ Тхьэм зэблихъуащ ар фIыкIэ, иджы щыIэр ищIэн папщIэ: цIыху бжыгъэ куэд дыдэм я гъащIэр хъума хъун папщIэ. [21]Аращи, фымышынэ. Сэ фызгъэшхэнущ, фэри фи сабийхэри.

Игъэсабырыжащ ахэр, я гур фIы яхуищIащ.

## Исуф зэрылIар

[22]Арати, щыпсэуащ Исуф Мысырым, езыри и адэм и унагъуэри; къигъэщIащ Исуф илъэсищэрэ пщIырэ. [23]ИкIи илъэгъуащ Исуф Ефраим и сабийхэр ещанэ щIэблэм нэс; Мынасэ и къуэ Махыр и сабийхэри къыщалъхуащ Исуф и лъэгуажьэхэм я деж.

[24]ИтIанэ яжриIащ Исуф и къуэшхэм:

– Сэ солIэ; ауэ Тхьэр къыфхуэкIуэнущ фэ, мы щIыналъэм фришынурэ, фишэнущ Ибрэхьими, Исхьэкъи, Екъуби яритыну псалъэ быдэкIэ къызэригъэгугъа щIыналъэм.

[25]Исуф Израил и къуэхэм тхьэрыIуэ яригъэщIащ, мыр жиIэурэ:

– Тхьэр къыфхуэкIуэнущ фэ, ифхыж си хьэдэ къупщхьэхэр мыбы.

[26]Исуф лIащ илъэсищэрэ пщIырэ хъуауэ. Абы балзам щахуэри, Мысырым щыдалъхьащ бэным.